# ЖОЛМУРЗА АЙМУРЗАЕВ



## ШЫҒАРМАЛАРЫНЫҢ ЕКИ ТОМЛЫҒЫ

ТОМ II

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ БАСПАСЫ
НӨКИС – 1980

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстан халық жазыўшысы. Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты Жолмурза Аймурзаевтың поэзиялық шығармаларының екинши томына автордың соңғы жыллары жазған тәрипнамалары, жәмийетшиликке бурыннан таныс ең жақсы поэмалары киргизилди. Олардың арасында автордың „Гүрес", „Гүресте жендик" „Айдын жол", „Қыз кеткен" ҳәм тағы басқа поэмалары бар.

Автордың поэзиялық шығармаларының екинши томы оның туўылғанына жетпис жыл толыў юбилейи ҳүрметине шығарылып отыр.

$А \frac{45302}{м-357(04)80}$ Пр—80 4702250000

© „Қарақалпақстан" баспасы 1961, 1968, 1980

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚОСЫҚЛАР

## ПАЛУАН ҚЫЗ

**(Ылғаллы колхозшы қарындасларыма)**

Көк дарайы кийип салланып жерлер,
Гүллер гүллеп атыр, таза шешеклер,
Гүлге қонып сайрап сансыз бүлбиллер,
Дейди ҳәуаз тағы-тағы сайраң сиз!

Ҳәм жалтырап мауыты шапан үстинде,
Ырғалып, шайқалып көринис дәстинде,
Дауыс қосып тоты, бүлбил сестине,
сық айты лжк н ғ з сюйи н с з! п ө л

Су о ы а с нқ- ң к л п,
Т ў с т т ы ыс
Кө ш й ны уры
Бур ы п ол п қ з!

үш рд ң ра
Жер ж п ҳ л ахта ж п ғ
А , ө г у ағ ,
Ғ г г с лың и !

С ў б о й ы с
ҳ ш м д к д р
З й ы с л с ,
Д г л к -т жай с з!

М у ә я ң д ,
Ой п д к и ,
ў р т е н рылыс и .
Т р н илег күшл П н қ з.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Батыр билек, жаўырынлы қақпактай,
Көзлери жаўдырап атқан шақмақтай,
Жудырықлары ҳасыл полат тоқпақтай,
Ғайратлы, жигерли қайтпас палўан қыз.

Шашлары терилип зулпы таўланып,
Өткир кетпенлерин беккем қолға алып,
Ҳасыл алтын пахтасына жол салып,
Кетпен урды қулаш керип палўан қыз.

Жәўлан етип атыз ишин толтырып,
Және-және алға деп талпынып,
Мийнет майданында қайнап шарқ урып,
Атызға нур берди бәрҳа палўан қыз.

Беккем услап қолға қызыл байрағын,
Көрип қыдырғандай истиң сайранын,
Күн-күннен шығарып күштиң жәўланын,
Иске жаўлан етти батыр палўан қыз.

Кең далада маңлайлары жалтырап,
Кетпен урса жердиң бети қалтырап,
Мийнеттиң ҳаўазы шығып шарқырап,
Иске нама қосты сести палўан қыз.

Сайран етип сес шығарған ҳаўазы,
Көк гия шөплердиң қосылып назы,
Келисип, келбети айдынлы жазы,
Жазғы күнге жарасықлы палўан қыз.

Ай даланы әнжир, анарға бөлеп,
Қаршыға, туйғындай сиз иске тилеп,
Қатарыңды сынап елекке елеп,
Ҳақыйқый ис шыңын көрсет палўан қыз

Орақ ҳәм балғалы жуптан жүреги,
Полат беккем мықлы қайтпас билеги,
Мийнет еткен зураттиң тиреги,
Шешиўши истиң сиз батыры палўан қыз.

Беккем басшылықтан өнип—өстиңиз,
Кеңнен кеңес қурып исти шештиңиз,
Исте көтерилсин шыққыш сестиңиз,
Советтиң батыры—гүрес палўан қыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүл қосып тағы да гүллер қондырып,
Қатарыңды тап өзиңдей болдырып,
Билим өнер менен шөлиң қандырып,
Х[illegible]сылды [illegible] келтир [illegible] палўан [illegible]з.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаўлар ушын ҳасла мийрим болмасын,
Көзлерин ой, жүрегине найза тық.

Улым тыңла! — Бул жеңиске жоллама,
Жүрегимде ыза кеги қайнаған,
Мен билемен жерди басып жатыр жаў,
Қанға қумар қасқыр, қанға тоймаған.

Улым тыңла! Қасқыр—қозы душпаны,
Сен қозымсаң, сениң ушын мен қорған.
Ўатанымнан қуўмақ ушын душпанды,
Керекли жеринде боламан қурбан.

Улым тыңла! Көктен жаўар қорғасын,
Қылышлардан сел-сел болып ағар қан,
Халқым ушын, бахтым ушын, сен ушын,
Пидә болсын жан әкеңнен шийрин жан.

Улым тыңла! Жаўды жеңип бараман,
Сел-сел болып қан ақсада қойнымнан,
Қара көзим перзентим деп сүйгенде,
Еркелерсең, қушақларсаң мойнымнан.

### ҚАРЫНДАСТЫҢ ҚАНЖАРЫ

Қулағың сал, қадирданым қарындас,
Ағаң ырза, ағаң ырза майданда.
Жақсылығың жүрегиме орнады,
Умытылмас ҳеш ўақытта ҳеш заман.

Хошласқанда қолға берген қанжарың,
Қуўат берди ер ағаңа қарындас,
Қан майданда қаўип астында қалғанда,
Өмириме тирек болды жан жолдас.

Жан-жағымнан жаўлар қамап келгенде,
Аш қасқырдай топырақ шашып анталап,
Жаў жүрегин жыртып отлар шашыўға,
Оқ таўсылды, гранатлар болды сап.

Тула бойым қызыл қанға боялып,
Өлим жақын, кең дүньялар болды тар,
Дегенимде.
—Хош бол туўған қарындас,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарқырады мени ал деп ол қанжар.

Айбат пенен қулашымды кергенде,
Қолда ойнады полат өткир қанжарың,
Батыр ағаң мәрт майданға киргенде,
Суўдай шашты айдарҳаның қанларын...

Жан қарындас бир тарқады қумарым,
Жаў қырылды, өлим қашты ағаңнан.
Даңқым кетти фронтларға жайылып,
Нурланып, жарқырап жайнаған таңнан.

Қуўаныштан сүйип-сүйип алайын,
Дәрманымсаң, қуўатымсаң қарындас,
Жолмурза ағаң жазды дәстан майданда,
Умытпа ҳеш жигитлерге сен жолдас.

## МЕХАНИЗАТОР

Москвадан Кремльден нур жайнап,
Көкирегинде Ленин орден тур жайнап,
Ата-анаңдай ақ жүзиңнен аймалап,
Мен сүйейин тракторшы ул-қызым!

Жеңис бағы саясына жыйналған,
Аўыл-елдиң аясына жыйналған,
Перзентиндей анасына жыйналған,
Өмириме жақты берген жулдызым!

Қаҳарман ер қуўатымсаң жанымсаң,
Бар өмирим күш-қарыўым қанымсаң,
Миллион жүрегинде меҳрибанымсаң,
Машинанын ийесисең ул-қызым!

Туўысқан халық қорған болып берди қол,
Ашылып тур коммунизм ушын жол,
Бахтымызға ул-қызларым аман бол!
Жаңа өмирге жарқыраған жулдызым!

Ел баслаған азаматы үлкемниң,
Қүдирети ҳәм қуўаты үлкемниң,
Абырайлы уллы аты үлкемниң,
Сизлерсизлер елдиң даңқы ул-қызым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биримиз жүз, онымыз мың болғанбыз,
Мыңымыздан миллионларға толғанбыз,
Халық ушын қорған болып турғанбыз,
Жеңислердиң жүрегисиз ул-қызым.

Соның ушын биримизге-биримиз,
Дос-туўысқан аға-үке, инимиз,
Жер жүзине нурын шашқан күнимиз,
Сизлер менен ел жасамақ ул-қызым!

Машинаға минген миллион-миллион жас,
Қарыў қосқан бирге өсип сыбайлас,
Таўда-таста қопарылар шыдамас,
Механизм күши менен ул-қызым!

Сениң қушағыңда табыстың кәни,
Сениң қушағыңда алтын мәканы,
Сениң қолыңда тур жеңис жәўланы,
Жеңислердиң мәрданасы ул-қызым!

Гүреслерде қайтпай таяр турған ер,
Жаслайынан жаўды аямай урған ер,
Жайнап-жаснап жаңа өмир қурған ер,
Баўырлассаң, баўырымсаң ул-қызым!

Досларыңның дийдары бар жүзиңде,
Мәртлик пенен беккем турдың сөзиңде,
Алтын таўын үйгил гөззал гүзиңде,
Табыс тойын тойла бәрҳа ул-қызым!

Сизлерсизлер батыр ерге усаған,
Қолларыңа жеңис туўын услаған,
Сүттен теңиз алтыннан таў жасаған,
Жасай бериң жайнай бериң ул-қызым!

Ул-қызымсаң тракторды айдаған,
Мийнетиңнен кеште нурлар жайнаған,
Бункерлерге ақ алтынды жайлаған,
Мәрт ерлерим, қарыў-күшим ул-қызым.

Республикам жеңис жолын сайлады,
Халық мийнетин партиямыз сыйлады,
Ғамқор болып маңлайыңнан сыйпады,
Исенимди ақла быйыл ул-қызым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки жүз қырық бес мың тонна ақ алтын,
Ўатан көксин жайнат бәрҳа тақ алтын,
Бахыт пенен жасай берсин ел-халқым,
Ар-намыслы азаматсаң ул-қызым.

Ел турмысын көзиң менен көрип бар,
Мийнетинди сақыйлықтан көрип бар,
Халқың алға жүрсе оған ерип бар,
Қара көзли, шийрин сөзли ул-қызым!

## МАКСИМ ГОРЬКИЙ СОВХОЗЫ

«Бир сапар дуз татсаң қырық күн сәлем де»
Деген нақыл қалдырған өткен дилўарлар,
Жақсы сөз жулдыздай тарар әлемге,
Жақсылықтың жан жүректе орны бар.

Татқан дузды қырық күн емес мәңгиге,
Жүрегинде сақлар ҳәрбир азамат,
Адам тири турмас мәңги өмирде,
Бирақ сақлап жүрер әўладтан аўлад.

Максим Горький совхозында болып мен,
Үйиме қайтқанман дәрьядай тасып,
Жери сулыў екен әжайып дөнген,
Байлықлары бир-бирине уласып.

Ели бай, ерлери екен меҳрибан,
—Келиң, төрге шығың дейди мийманым,
Халық дәстүри киятырған бурыннан,
Ҳешбир ўақ дослардан аямас жанын.

Көк жасыл жамылып қулпы дөнген бағ,
Көзге ысық шешек атқан гүл-лала.
Метрлеп өлшенип егилген шанақ,
Солқым-солқым жүзим, қып-қызыл алма.

Шийрин қаўын, ғарбыз тилди үйирген,
Жемислерин жесең жүз жыл жасайсаң,
Топар-топар малы келген үйирден,
Сүт-қатығын ишип, майлар асайсаң!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алты ай: бәҳәр, жаз атыз аралап.
Көзим көрди тынбай хызмет қылғанын,
Гүмис гүз киргеннен көргенмен шарлап,
Тау̌-тау̌ болған «ақ алтынның» қырмаңын.

Кең далаға шигит егип кестелеп,
Мийнет майданында қызлар-жәу̌анлар.
Жилу̌а-назлы сөзлер айтып еркелеп,
Жаныңды алар жау̌дыр көзли жананлар.

Машина, трактор айдар жигиттиң,
Жаслық жүрегинде қайнаған жедел,
Ҳасыл топыраққа сиңген шигиттиң,
Гүзде ҳәр түбинен алтын алған ел —

Жаз күнин, жаз таңын бирге атырдым,
Қарар еди түнде телмирип шолпан,
Максим Горькийдеги мийнет батырым,
Шын жүректен қутлықлайман Атажан!

Қарлы боран, күни-түни сел жау̌ын,
Қара булттай болып үйилди қабақ,
Қайта ектиң жаздырмай жумыстың тау̌ын,
Тап бүгин шадлысаң жүзиң жарқырап.

Жазған сөзлеримниң ҳәрбир қатары,
Кәру̌ан жолларына из болсын дедим,
Нур қуяшы ҳәрбир таңның атары,
Алтынлы, гүмисли гүз болсын дедим.

Яр-досларым қабыл болып тилегиң,
Бүгин орынланды мақсет-муратың!
Шадлыққа бөленип соққан жүрегиң,
Досларға танытты совхоздың атын.

Оразбаев жолдас ҳеш кейин қайтпай,
Бәрҳама алдына баслаған палу̌ан,
Исмаил, Айсултан, Примов Айтбай,
Орын алды ең алдыңғы қатардан.

Максим Горький совхозының жерлери,
Ырғалған егислик бағлары-бостан.
Максим Горький совхозының ерлери,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәрбири болады мақтаўлы дәстан.

Бир сапар дуз татсаң қырық күн сәлем де,
Дузың дослар ушын шийрин пал болсын,
Максим Горький аты пүткил әлемде,
Усы уллы атқа бир мысал болсын!

Жериң үш елатқа болып сыбайлас,
Жүрегиң жүрекке қосылып соққан,
Көксиңдеги орден — табысқа жолдас,
Тағы орын алдың алдыңғы саптан!

Төрт мәўсим тынбастан ағылса терлер,
Қыйынлықты жеңди гүреслериңиз!
Қутлы болсын сизге азамат ерлер,
Уллы иске қосқан үлеслериңиз!

## ШАЛҚЫЙ БЕР

Сениң менен сапта турып қарадым,
Шуғлалы атқан гүздиң таңына,
Жыл қусындай жалт-жулт етип ушқанда,
Қос қанатың қуўат қосты жаныма!

Пәрўаз етип көкке ушып уядан,
Қыран болдың қыйып түскен қыядан,
Қуўып жетип, басып озып Қоңыратым,
Асқарлардан асып түстиң жаңадан.

Аты шыққан абыройлы ел едиң,
Мийнет еттиң пал шайнадың, пал жедиң,
Қоңырат халқы қаҳарманлық ислериң,
Мақтанышлы сөзи болды ҳәммениң.

Батыр елсең қайнап пискен мийнетке,
Кеўилиң толы зийнет пенен ҳүрметке,
Алтын көлден ҳасыл сүзип алыўда,
Өрнек алдың Сырдәрьядан, Ташкенттен.

Жалтылдаса арғымағың дойнағы,
Сенде болды халық нәзери, ойлары,
Жаңғырғандай мийнет сести майданда,
Жаңлап кетти Үстиртиңниң аймағы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеӊ майданыӊ малынып тур ҳасылдан,
Шағырайып аппақ пахта ашылған,
Қанар-қанар пахта терип тынбай жүр,
Ақ жипектен қызлар фартук асынған.

Ўатан ушын уллы иске түсине,
Қала халқы қуўат қосты күшиӊе,
Елдиӊ ырысқы, ел байлығы—ақ алтыӊ,
Абырай даӊқты қосқан барлық исиӊе.

Ғалаба халық қарыўларыӊ атызда,
Қыз-жигитлер арыўларыӊ атызда,
Аўыз-бирлик, дос-туўысқан болған соӊ,
Көрдим бахыт дарыўларын атызға!

Темир жолдыӊ еки бирдей бойына,
Пахта ектиӊ жерлер тийип пайына,
Туўысқан халық табысыӊды арнадыӊ,
Октябрьдиӊ елиў төрт жыл тойына!

Жарыслардан озып келген батыр ер,
Деп қутлықлар туўысқан ел, туўған жер,
Қоӊырат ели қаҳарманым—қайтпастан,
Шадлана бер, шәўкетли ел шалқый бер!

*1967-жыл.*

## ҚЫЗЫЛЛАДЫ ҚЫРМАНЫӉ

Қарап турсам Үстиртиӊниӊ үстинен,
Жериӊ сулыў қызлар тиккен нағыштай,
Ата-бабаӊ бағлар егип дәстинен,
Өтти барлық өмирлерин бағышлай.

Гүлге дөнип ҳәрбир изи бабаӊныӊ,
Жупар ийиси жанға жақты далаӊныӊ,
Ашық аспан көкжийекке керилип,
Ақ алтынныӊ мәканында доландыӊ.

Ақ шағырыӊ аппақ меруерт дизгендей,
Ақ шағала алтын көлде жүзгендей,
Мамық пахтаӊ нур қуяшқа малынып,
Батыр дийқан жерден алтын сүзгендей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийнет еттиң басқан изиң ақ алтын,
Мәртлик пенен сөйлер сөзиң ақ алтын,
Қоңырат халқы қуўат қосқан Ўатанға,
Усы бийик келген гүзиң ақ алтын.

Жети жастан жетпис жасар шалың да,
Шадлық пенен шағлап шықты шағында,
Мийнетиңнен кең майданың гүлленди,
Салланады сары гүмис салың да.

Ертек болды айрықша ис қылғаның,
Асып түстиң узақ жолдың қырларын,
Қоңырат халқы қутлы болсын табыслар,
Ақ алтыннан қызыллады қырманың.

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

## II. ТӘРИПЛЕМЕЛЕР

### СЕКРЕТАРЬ

Тебиренип тыныш түнде толғанып,
Оқып отыр «Тың жер» лердиң дәстанын,
Елдиң ғамын, өмир ырысқын ойланып,
Халыққа арнап, аямастан жас жанын.

Секретарьдың сарғыш дөнип жүзлери,
Уйқы қашқан түн уйқысын төрт бөлген,
Жанға жағып «Тың жер» диң ҳәр сөзлери,
Өмир берген, ырысқы берген, нан берген.

Ҳәр сөзине Леонид Ильич жолдастың,
Қосып отыр ақыл-ҳуўышын, жигерин,
Дәрман берип досларына класстың,
Ҳәмме ўақыт көтерисип ел жүгин.

Елдиң жүгин елкәрўаны нанда бар,
Нансыз өмир, өмир емес мейтин тас.
Нансызлыққа қалайынша жан шыдар,
Тислем нанға қурбан болған талай бас.

Нан қадирин, жер қадирин жыр қылып,
Жалынлатты жаңа заман талабын,
Саҳра шөллер жоян болып сарқылып,
Кетсе еди сонда ашылар талайың.

Дурыс айтылған, жанға жағар усы сөз,
Усы сөздин бар арқаўы, ериси,
Бүгин бағлық кешеги көп жатқан боз,
Буның бәри ерлер менен ел иси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тың жер ашып жаңа тарийх басладық,
Шөл деген сөз гүлистанға айналды,
Пәрўаз еттик шыңға адым таcладық,
Сахраларда жаңа мәнзил сайланды.

Елликқала, Жаңадәрья, Көкшийел,
Ақ алтынға, сары алтынға салынды,
Бабам посқан жерлерине қонып ел,
Жайлаўларға бақтым дүркин малымды.

Мамый майдан, Өли дәрья бойында,
Шалғын егис өмириме қуўатым,
Дана Ленин жүз жыллығы тойына,
Қанлы көлде орнап Ленинабадым.

Талай түнлер қабағынан қар жаўып,
Секретарь тыным таппай талпынды,
Узақ жолда кете жазлап жүк аўып,
Жағдай жаман жол танабы тартылды.

Буршақ, боран, дүбелей даўыл ишинде,
Тыным таппай секретарь киятыр.
Таң атарда яки күндиз-кешинде,
Кирпик қақпай секретарь киятыр.

Қара боран, қара суўық, муздай жел,
Тындырмады секретарьды тың жерде,
Соның ушын секретарьды сүйди ел,
Туўысқан халық ишинде жүр түнлерде.

Мейтин болып муз қатса да жер тоңлап,
Секретарь жүр қурылысларда бир тынбай.
Қызылқумның қушағына ел қонып,
Қумда да жүр қыйынлықтан тартынбай.

Шопан менен шарўа менен сөйлесип,
Салы атыздың, пахта атыздың ишинде.
Басшы менен қосшы менен үйлесип,
Жөнлеп отыр барлығының исинде.

Аралларда ақ жел толқын айқасып,
Турсадағы арысландай әўпилдеп,
Балықшылар менен бәрха ойласып,
Күш бермекте алға басып жүриң деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыян-кески болсадағы ҳәр қандай,
Секретарь салтанатлы тур таяр,
Пәрўаз еткен жалынлы жас қырандай,
Өзи усаған солдаты бар, күши бар.

Агроном, техник пенен прораб,
Темир жолшы, артист пенен шоферлар,
Секретарь сөйлесип жүр аралап,
Бәри ырза майып, мешел, соқырлар.

Хәм муғаллим, ҳәм художник, журналист,
Жазыўшыға жүрек қосқан бәрҳама,
Мәдeният майданында қызғын ис,
Композитор жаңлатпақта саз, нама.

Секретарь қабыл етип барлығын,
Барлығының орынлады тилегин,
Көрсеткен соң елге өмир шадлығын,
Секретарьдан халық аямас жүрегин.

Пайтахтымыз онсегиз жыл ишинде,
Ийе болды әлўан-әлўан жайларға,
Ильич нуры сәўле шашып кешине,
Гүл орнаттық бозлар менен сайларға.

Кең көшелер, сулыў жайлар дизилген,
Көркемленип көзди тартып алыстан,
Диййўаллары мрамордан дүзилген,
Гәўҳар таслар нағысланып қарыстан .

Жас өмирин, шийрин жанын аямай,
Ўатанының өмири ушын гүрести,
Жаңа мәкан, жаңа жайлар айма-ай,
Зәўлим жайлар салды салы трести..

Бир-биринен сулыўлықты асырған,
Районлар орайына орнап жай,
Бағлары қулпырып, дөнип жасылдан,
Байлығына шад өмири болып сай.

Әдиўли ата, ақ сүт берген анамыз,
Ақ жайда отыр артық пайғамбарданда,
Детсад, яслилерде жап-жас баламыз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мың миннетдар болған меҳрибанлардан.

Кишипейил, әпиўайы адамсаң,
Әсирлерше әрманысаң елиңниң,
Қыялың кең ойың терең — адамсаң,
Биреўисең сүйиклиси елиңниң.

Күни-түни тебиренип толғанып,
Секретарь тынбас елдиң ғамында.
Ортақласып өмир исин қолға алып,
Қарсы алды қыстың, жаздың таңында,

Жерде жүрип, көк аспанға ушсада,
Ҳәмме ўақыт халық пенен бирге жүр,
Теңизлерди ҳасыл жерди қушсада,
Туўысқан дос, халық пенен бирге жүр.

Тахтакөпир, Шымбай, Қоңырат, Қараөзек,
Тағы туўлар желбиретпек тың жерде.
Тың жерлерден нешше совхоз дүзилмек,
Ата-мәкан толмақ қалың еллерге.

Төрткүл, Елликқала, Беруний, Әмиў,
Шоманай, Хожели, Ленинабадта,
Демек алтын менен алдына дамыў,
Тағы раўаж алмақ ақ алтын пахта.

Леонид Ильич мақтап туўған елимди,
Деди алғыс болсын туўған досларым!
— Тыңнан ашсаң уллы пайтах жериңди,
Ығбал-дәўлет—Қарақалпақстаным!

Леонид Ильич халықтың жолшы жулдызы,
Секретарь жоллама алды тағыда,
Ана—Ўатанның мийнет сүйгиш ул-қызы,
Бөлемекши тыңды бахыт бағына!

### ЖУЎМАҚ

Жигерли болып жасыңнан,
Көтердиң жүктиң аўырын,
Алғыслар айтып мақтады,
Қала менен аўылың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елин сүйген ер болдың,
Халыққа арналды қарыўың,
Бахтымызға аман бол,
Секретарь баўырым!

*1978-жыл, ноябрь.*

## АҚ АЛТЫНЛЫ АУЫЛДЫҢ АМАНГҮЛИ

### КИРИСПЕ

Шымбай тарийхымыз томына усар,
Халықлар тилинде айтылған ертек,
Шымбай тәрийпинен нешше қысса бар,
Өмир жолы ғарры, бирақ жүрек жас.

Октябрь қуяшы жасартқан қайта,
Бахытлы мәканы бостанымыздың,
Шымбай дослық ели—баўырман халқы,
Амангүл батыры дәстанымыздың.

### I. Сайран

Қар басқан кийиктей қула майданда,
Елеңлеп көз шарлап жүрди Амангүл,
Қыялы қырандай кетип қайларға,
Турмыстың тетигин билди Амангүл.

Булттан көк атлас кийгендей шапан,
Жымыңлап жарқырап қарады Шолпан,
Шарқ урып нәзерин таслап Шолпанға,
Амангүл нур сәўле күтеди таңнан.

Қуяш шықса нурлы сәўле жарқырап,
Салмалардан суўлар ақса сарқырап,
Дийқанның тилеги күлгей тәбият,
Зүрәәт мол болар тарар мың-мыңлап.

Тап усыны ойлап ақшам Амангүл,
Ой-қыял төбеден басқан яңлы зил,
Ҳәтте еситилмес шәмен бағларда,
Таңда тыным таппай сайраған бүлбил.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бабаның, атаның басқан излери,
Әжениң, ананың көрген гүзлери,
Амангүлге жаны бардай елеслеп,
Көринер теберик болып көзлери.

Амангүл мың ирет усымаплардан,
Нур сәлемин алған яңлы таңлардан,
Күнге күйип, қара терге шомылып,
Мың-мың алғыс алды шийрин жанлардан.

Онда машина жоқ, төбел торы бар,
Төбел торы жер танабын қуўырар,
Ҳәзир машинада жүрип Амангүл,
Қыял дөңгелекке жарысып зырлар.

Ата жолын қуўып, улда ақыл бар,
Ана жолын қуўған қыз болар сәрдар,
Әкеси атақлы диййқан атанды,
Хожалыққа болғаннан соң мәдаткар.

Әке өлди. Бирақ айдын жол қалды,
Ақыллы ой, гүл көгерткен қол қалды,
Оңалар дегендей орнын да қалған,
Амангүл бул жолдан кәрўан апарды.

Амангүл титиркенип әтирапты шолды,
Өмир өткеллерин ойланып болды,
Диййқан қызы дәрман алып дослардан,
Жас қырандай жайнап күшине толды.

Түн ишин тебирентип бүлбиллер сайрап,
Бағларда буйығып турғандай қалғып,
Қызғыш қырмызыдай дөнип қырғаўыл,
Қалыңға сиңбекте шақадан қарғып,

Түн ишин тебирентип бүлбиллер сайрап,
Таўыслар таранып таң жолын сайлап,
Диййқан қызы, Шымбай қызы Амангүл,
Быйыл кәрўан тартпақ кеўли масайрап.

Өзине ерксиз тартқан қулпы гүл,
Жел менен тербелип, дөнер нешше түр,
Шайқалып, жайқалып, гүлтедей болып,
Ақ жүзли арыўдай салланысып тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Туқымдан төгилип маңлайдың тери,
Қуры алақан емес бир сүйем жери,
Ақ алтын, сары алтын шалғын егислик,
Дақылға малынған, атызы, шели.

Таўыслар таранып таңды қарсылап,
Үйрек, ғаз ғаңқылдап көлге жар салып,
Ақ қуўлар ырғалып айдында жүзип,
Шөжелер мүлгиўден кетти қозғалып.

Туўған жер, кең дала, есип ыссы леп,
Үйрек, ғазлар көкте ушты шүйкилдеп,
Қазандай ғарбызлар, пал шешек қаўын,
Әлле қашан писти, болмас шийки деп.

Жер алабы кеңлик, узаққа кеткен,
Жасыл липас кийген, ырғалған көктен,
Узақ жолда, түнде ойлаған ойлар,
Қыялдың толқынын шайқап тербеткен.

Қыял пәрўаз етип қырандай парлап,
Тасқындай буրқыды, мәўиж урып ҳағлап,
Амангүл ойларға бөленип солай,
Таң да атты, қуяш жер бетин шарлап.

Жаздың қуяшына шағылысып көзлер,
Жаздың қуяшынан қызарды жүзлер,
Жаздың қуяшынан жерлер нәр алып,
Жаз қуяшын балқып жамылды дүзлер.

Бүгин ақ пахталар ашылған жерде,
Ақ отаў тигилди жаңа өмирге,
Кешеги шөлистан саҳра далалар,
Бүгин ийе болды туўысқан елге.

## 2. Өмир отаўында

Тумағасы алынбаған қырандай,
Амангүл ашыўлы қабағын үйген,
Бул апатқа ҳешбир илаж қылалмай,
Шыр-пыры шығады шығалмай үйден.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гәўҳар жапырақлар жерлерди тесип,
Ақ меруерттей бөртип шыққанда жаңа,
Демниң арасында даўыллар есип,
Аспан астан-кестен бултты жамыла.

Нөсерлеп буршақлы тас жаўды бирден,
Нәлшелердиң бәрин таслады қырқып,
Сел болып суў ақты, атыздан, шелден,
Барлық жерди алды аққан суў бурқып.

Бул апат, аламат аз болған яңлы,
Сүйисип қосылған жубайы жастан,
Сапарбайы кетип қайтпас сапарға,
Сум әжел айырды өмирлик достан.

Амангүл жас қалды, жалғыз ул менен,
Қосақ-қосақ қайғы келгендей болып,
Пахта апаты дүзелсе де қол менен,
Өлим дүзелмеди зарға-зар толып.

Сапарбайдың сөнип өмир жулдызы,
Жарым жолда қалып қойды Амангүл,
Азапларға көнди диййқанның қызы,
Қайғы-уўайымнан бассадағы зил.

Ел-журты үлесип қайғыны бирдей,
Амангүлге қуўат берди туўған халық,
Пахтаны қайтадан екти иркилмей,
Ҳадал мийнет өмир ушын уллы даңқ.

**3. Алтынлы аўылдың гүмис гүзи.**

Қадирли қонақтай күткен гүмис гүз,
Келди, ҳүким сүрди жердиң үстинде.
Мийнет шабандозы турып жүзбе-жүз,
Ғалаба күш-қурал алды дәстине.

Жасыл жапырақлар ол сарғыш дөнген,
Ғазлар көк аспанға салды сайранын,
Арал айдынында өсип-өнгеннен,
Бирге алып ушты өмир әрманын.

Қошқар болып өсип быйылғы қозы,
Шөжеқораз өсти гүләңгир болып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыслаўлар таярлап шарўа совхозы,
Шопанлар мал бақты этирапты шолып.

Алтын грамм болды тамшы терлер,
Атызда ис қызды, қызды тамаша,
Мысалы атыздай шағырайған гүллер,
Ақ пахтадан толған еди ғаўаша.

Ғореклерден ақ қалпақлар алынды,
Сыйдамланды сансыз пая атызда,
Бөлим баслық жалт-жулт еткен жалынлы,
Қалмайын деп халық алдында қарызға.

Тоқсан проценттен асқанда план,
Көк жүзин қара булт қаплады бирден,
Бул тәбийғый апат, тәбийғый ылаң,
Сел-сел жаўын қуйды күтпеген жерден.

Көп күнлер атызға кире алмай адам,
Машиналар ғырра сап тартып турды,
Бул апат ўақытша турмайды мудам,
Үш-төрт күннен кейин жерлер қурыды.

Амангүлдиң суўып жүректеги кеги,
Халық дабыл қағып атланды тағы,
Көтерилип жылдың ең аўыр жүги,
Желбиреп жайнады жеңис байрағы!

### 4. Жуўмақ

Ақ алтынлы елдиң Амангүлисең,
Шымбай қызы, дийқан қызы, қаҳарман,
Мийнеткеш қыз миллионлардың бирисең,
Туўылғансоң Октябрьдиң таңынан.

Халқың сүйди минезинди-қулқыңды,
Әдеп-икрамлы болдың жасыңнан.
Партияң баҳалап қымбат қуныңды,
Болдың: Социалистлик Мийнет Қаҳарманы!

Партияң, Уатаның меҳрибан болып,
Октябрь қуяшы саған ашты жол,
Халық пенен бәрҳама жанажан болып,
Ақ алтынның зүрәәтин алдың мол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрегиң жалынлы шадлы дәўранын,
Жаңа өмиримниң жанажанысаң!
Алға тартқыл аўыр жүктиң кәрўанын,
Мийнет фронтының генералысаң!

*1977-жыл.*

## Урыста қаҳарман, мийнетте палўан

### I

Аралбай елине болсаңыз қонақ,
Қыз жәўаны шадлы, шаллары қуўнақ,
Урыста қаҳарман, мийнетте палўан,
Төреханов Қабыл деген бар шолақ.

Ата-анадан туўылғанда еди саў,
Жигитликте аралады қыр ҳәм таў,
Қатнасқанда Уатандарлық урысқа,
Буны шолақ еткен фашист деген жаў.

Елге берди мийнет етип алғанын,
Ашылды тарнаўы болып сағаның,
Ақылға сай келип күши-ат алды,
Балўан шолағындай Сабит ағаның.

Жери ҳасыл, ели бай, журты турақлы,
Малы дүркин—қатық, сүт, май торақлы,
Жери кең салалы, пахтасы «алтын»
Бағлары жемисли, қалың дарақлы

Қызған жүўерини ишсе урадан,
Елиў жыл өтипти соған арадан,
Барлығы саўатлы, билимпазы бар,
Кемпир-ғаррылары оқыр роман.

Елиў жылда беккем басып қонысын,
Көресең бе иске жәўлан урысын,
Қыз-жигити техниканы меңгерип,
Машиналар ислер барлық жумысын.

Қыз-келин, жаслары өмирге гүлдей,
Шаллары қайтадан туўылған ердей,
Билеги түриўли, бели буўыўлы,
Барлығы атланар мийнетке бирдей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қабылдың туўылған аўылы усы,
Бахытқа бөленип жаз болған қысы,
Ғаз, үйреги, толған түйетаўығы,
Бағында бүлбили, пәрўазда қусы,

Сүйгенликтен болып сөздиң турағы,
Лақапқа айналып кеткен шолағы,
Қабылдың гүррицин қосыққа жаздым,
Тыңласын деп оқыўшымның қулағы.

2

Қырық, төртинши жылы, февраль айында,
Қанлы майдан... Кенигсберг жанында,
Түс мәҳәли бийик таўдың сайында,
Қолына осколка тийди Қабылдың.

Қылышын сүйреген қақаман суўўық,
Қардың бетин сел-сел аққан қан жуўып,
Қалаға жақынлап турғанда жуўық,
Мезгилсиз мийнети күйди Қабылдың.

Топ атылды сум әжелге от жағып,
Таўды бузып, дарақтың шақасын жағып,
Қурал складын турғанда бағып, —
Осколка қаўметин ийди Қабылдың.

Күш кемиди тула бойы қансырап,
Қолы өкшесине түсти салбырап,
Сонда-дағы ҳеш қорықпады албырап,
Қыялы ойлады үйди Қабылдың.

Қақаман суўықта уйытқып жатқанда,
Минут сайын сел-сел қанлар аққанда,
Ессиз болып госпитальда жатқанда,
Көз алдына ели келди Қабылдың.

Қалай болар шийрин жанның шарасы,
Көз алдына Жалпақшектиң даласы,
Қолын созып ата менен анасы,
Түслерине аян берди Қабылдың.

Қыйналғаннан қан қалмады жүзинде,
Қайғы менен зарлап жатқан гезинде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслай қалған Тазагүли изинде,
Бас ушына келип турды Қабылдың.

Қасқырдай қан ишип көзлери жайнап,
Фашистлер таслапты билегин шайнап,
Жүректе кеги бар, жығырдан қайнап,
Жүзине дәрт күши урды Қабылдың.

Қыйын ҳалда жатқанында азамат,
Ҳәрбир қала ядқа түсти атма-ат,
Гомель, Орел, менен Сталинград,
Саўаш қурған жери еди Қабылдың.

Жүрседағы қызыл қанларға батып,
Тас дастаныл, қалың қарларда жатып,
Сталинградты жаўдан босатып,
Партияға кирген жери Қабылдың.

Төрт ул еди бир атаның баласы,
Қан майданда қурбан болды ағасы,
Төрт улын көре алмай өлген анасы,
Көз алдына елеследи Қабылдың.

Жазылып урысқа түсемен деди,
Жаўыздың төбесин тесемен деди,
Бирақ доктор қолын кесемен деди,
Усы сөз жүрегин жеди Қабылдың.

Кестирмеди. Сүйекти алды шаўысып,
Госпитальдан госпиталға аўысып,
Ер Армия урыс исин таўысып,
Урыс тоқтап жолы болды Қабылдың.

Докторлар емледи, ақылын айтып,
Шадландырды жүрген кеўлин муңайтып,
Қолын кестирместен үйине қайтып,
Халқы қуўанышқа толды Қабылдың.

3.

Төрт улдың урыстан үшеўи қайтты,
Алыўшы ағаның өлгенин айтты,
Халық ушын қурбан болған жигиттиң,
Қайғылы хабары елди муңайтты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайтсадағы, Абыл, Қабыл, Генжебай,
Қайғыда еди жас жүрегин жаралай,
Алыўшыдай ағасынан айрылса,
Бәри майып, жүрди иске жарамай.

Күн батып, таң атып, нешше жыл өтти,
Өмир—өнер, билим жолын үйретти,
Генжебайы юрист, Абыл муғаллим,
Қабыл пахта екти исти үдетти.

Қабылдың сол қолы шолақ болса да,
Базўақта аўырып билек талса да,
Жыл-жыл сайын пахта егип бес гектар,
Өрнек пенен үлги болды баршаға.

Бәҳәрде атыздың басында болды,
Жаз бойы алтынның қасында болды,
Отыз-қырық центнер алып гектардан,
Гүзде тәрезиниң тасында болды.

Қабыл тамырласты шақасы узын,
Тәрбиялап еки улын, төрт қызын,
Таңнан турып үрдис етип Тазагүл,
Ҳәркүн күтип алды Шолпан жулдызын.

Төрт қызы толысып кәмалға келди,
Жаслайынан сүйди туўылған елди,
Онышшы классты тамам еткен соң,
Ташкент пенен Нөкис жаққа жиберди.

Рейма, ТашМИ де, Улбосын Нөкисте,
Клара, Сәлийма қызғынлы исте,
Арзыў, Мырзабай, мектепке барды,
Барлығы оқыўда баҳасы бесте.

Елиў жылда ел жаңарып өзгерди,
Кең өмирдиң рәҳәтин көз көрди,
Абатжаптың еки бойы егислик,
«Ақ алтын, сары алтын»—бәри көгерди.

Дийқан баба баслап мийрас жол салды,
Ел байып молайтты ғаллени, малды,
Ҳәрбир атыз салы менен пахтаға,
Мың-мың тонна болып малынып қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мақпал ойда ақ егинлер малынды,
Көк көлде өскен бедеў тойда шабылды,
Қулазып жатқан қула далаға,
Совхоз орнап, әлўан жайлар салынды.

Электр нурлары жалт-жулт етеди,
Оның ушы Қусханаға жетеди,
Пәшен таў, Тас қырман, етеклерине —
Орналасқан еллерге кеўлиң кетеди.

Нәўпир болып өмир сағасы,
Ел мийрин қандырды бахыт шуғласы,
Жаңа мәкан басқан қалың ел болды,
Майжап пенен Абатжаптын жағасы.

Қутлы болып халық басқан қадеми,
Гүреслерде жеңип шықты мудамы,
Жер жүзине үлги болған Ўатанның,
Ақылы терең, мийнет сүйгиш адамы.

Соның бири болған бизиң ер Қабыл,
Қабылдың иниси Генжабай, Абыл,
Үшеўи үш шынар терең тамырлы,
Халықтың қуўаты урылған дабыл.

Қабылдың бойында қуўаты таєып,
Күн сайын баратыр алдына басып,
«Ақ алтын» нан сыйлық етип таў үйип,
Елиў жылдың бармақ есигин ашып.

Тақта жерге кирип қатарын дүзеп,
Көк корабль «алтын» көлинде жүзип,
Қаҳарман Қабылдың маңлай теринен,
Атыздан «алтын» ды алып жүр сүзип.

Коммунизм ушын дүзилген кәрўан,
Ярым әсир жүрди айдын жол әлўан,
Миллион-миллион мәртлерим бар Қабылдай,
Урыста қаҳарман мийнетте палўан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛЛАН АЗАМАТ

### 1. Таңда туўылған ул

«Қаллы көл»диң қубла-шығыс тусында,
Үш тамғалы қыят ели бар еди,
Жигирма бесинши жылдың қысында,
Жер қарға көмилген жоллар тар еди.

Дүбелей даўыл, қара боран қақаман,
Ылашықлар тайып түсти бақаннан,
Кийимсиздиң жаны алқымға тақалған,
Пададағы маллар жемге зар еди.

Ақ түйедей жерге шөккен қалың қар,
Қар кейнинде қызыл шунақ аяз бар,
Ашшы суўық, аш қасқырдай шуўласар,
Жан мақлуқтың излегени нәр еди.

Қалың буршақ жаўып қардың изинен,
Мийтиндей муз болған жердиң жүзинен,
От-шөп излеп далаларда дизилген,
Музқалаға тайып жатқан нар еди.

Мийтиндей муз қатқан шөлде шөгирге,
Дарақлар кийгендей аппақ шөгирме,
Қалың бүклер усап түйе сиңирге,
Қалың қар қойнында гириптар еди.

Қара боран кең қушақты етип тар,
Қыс бойына қозғалмады қалың қар,
Күни-түни суўық самал ысқырар,
Жерди басып жатқан ақша қар еди.

Қалың қардан қалайынша өте алған,
Қар астынан қара малға от алған,
Тентиреклеп киятырған Өтехан,
Суўық урған гүлге барабар еди.

Қар астынан қалай отты алалған,
Түр-түси өзгерген көзи аларған,
Қаны, қашқан, еки жүзи қуўарған,
Майданға шыққаны бир сапар еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтехан малына отты салды да,
Адымы тарылды, бели талды ма,
Бир сүйем де баса алмады алдына,
Шыға алмастай алды қардан жар еди.

Өтехан дирилдеп турғанда бирден,
Сол замат Таўмурат атылып үйден,
Сүйеп алып барып жай салып төрден,
Жатқарды Өтехан мысал сал еди.

Туңғыш рет жүкли еди Өтехан,
Тоғыз ай, тоғыз күн мәҳәли болған,
Толғақ тутып қыйналмақта шийрин жан,
Таўмурат перзентке аҳыў-зар еди.

Өтехан қысынып уртласа суўды,
Тула бойы балқып тер жүзди жуўды,
Түн бойы толғатып таң алды туўды,
Ерли-зайып бир-бирине яр еди.

Ылақтырған яңлы зил басқан тасты,
Бир аўыр «бәле» ден босатты басты,
Қуўанышқа-қуўанышлар уласты,
Туңғыш перзент үйге мәдеткар еди.

## 2. Турмыс жолламасы

Туңғыш улым болсын деп елдиң қуўаты,
Ата-ананың усы мақсет-мураты,
Алламберген болды перзенттиң аты,
Халыққа қосылып шадлы қуўанды.

Биринде еңбеклеп екиде жүрди,
Алты жасқа шекем тәрбия көрди,
Жети жаста улды мектепке берди,
Алламберген әлипбени қолға алды.

## 3 Өмир өзгериси

Шортанның тумсығы тийгендей тасқа,
Тосаттан қайғы-ғам орнады басқа,
Жаңа толысқанда он еки жасқа,
Алламберген зарлап қайғыда қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзине толтырып қуяшлар қумды,
Өмирге жай болған бул өлим сумды,
Әкеси Таўмурат мәңги көз жумды,
Сум әжел жүрекке қайғы-зар салды.

Анасы Өтехан ыңыранып шөкти,
Иниси Марқабай көзден жас төкти,
Несибели қарындасы жүректи —
Қайғының отына өртетип алды.

Әке кетти бул өмирден зым-зыя,
Ана қалды матам тутып қайғыра,
Үш палапан ушты үш жаққа қыя,
Қыйынлық дәртинен қанатлар талды.

Ушқан палапандай суўсырап шөлден,
Үш жетим қорлықтан зарлады бирден,
Напақаны излеп ел менен елден,
Жаяў жүрди таба алмай сандалды.

Жетимлик ҳал жаслайынан гез келди,
Бир неше қыс кетти неше гүз келди,
Алламберген Аллан болып өзгерди,
Таў қозғалды, дәрья-теңиз шайқалды.

Мың тоғыз жүз қырық бирииши жыл келди,
Июньнин айында аўыр зил келди,
Күн батыстан қуралланған пил келди,
Урыс болды халық фронтқа атланды.

## 4 Қанлы майдан — қос балдақ

Уллы Уатан ушын барлық жас қыран,
Атланды жаўларды етпекке жоян,
Онжети жасына толғанда Аллан,
Фронтқа жөнелди тылда қалмастан.

Қанлы майдан көктен жаўды қорғасын,
Бомба жарды таўдың тасын, қыр басын,
Қан ишкиш қасқырды кимлер қырмасын,
Деп Аллан атланды бели талмастан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәртлик пенен жыйнап белге ғайратты,
Жаўға қарсы тапжылмастан оқ атты,
Күни-түни қорғап Ленинградты,
Тынбай жүрди көзге уйқы алмастан.

Миллион-миллион жаслар елдиң қорғаны,
Жанға саўап фашистлерди қырғаны,
Ленин қаласында ерлик қылғаны,
Тарийхқа жазылды бири қалмастан.

Халқы ушын талай азап көрипти.
Дана Ленин берген еди еркинти,
Бул еркке пүткил инсан шерикти,
Деп Аллан жүр тапжылмастан таймастан.

Күн батты тым-тырыс болды шыққан үн,
Қара булт жамылып түнек болды түн,
Көк шөп сытырласа басқан яңлы жүн,
Жаңа жатқан еди төсек салмастан.

Көз илинди кеўил тойып кешине,
Тревога болды демниң ишинде,
Солдатлар тақ турды минип күшине,
Өрре турды ҳешбир уйқы қанбастан.

Мазалы уйқыны кесип таслады,
Басып өтип таўлар менен тасларды,
Фашистлерге қарсы ҳүжим баслады,
Әтирапын етип жаўдың зимистан.

Қызыл от қақ жарып қараңғы түнди,
Таң алдында бирден атыспа тынды,
Оқ тийип Алланның аяғы сынды,
Госпитальға түсти дүзде қалмастан.

Аллан аўыр ҳалда ҳүўлейди даўыл,
Көз алдынан кетпес туўылған аўыл,
Әўели Москва, кейин Барнаул,
Госпитальдан — госпиталға аўысты.

Сол аяғын бирден кесип таслады,
Аўыр болсадағы өзин услады,
Врачлар емледи кеўлин хошлады,
Бир аяқты алды жаўлар жабысқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қырық төртинши жылдың июль айында,
Жетип келди ағайынның алдына,
Жыласпаған жарыў-жора қалды ма,
Ҳеш бири қалмады көрген таныстан.

Қыршын кетти фронтларда неше жас,
Аман келди қан майданнан жалғыз бас,
Ана менен Несибели қарындас,
Етегин көл етти жылап тынбастан.

Фашистлер жеңилди, жеңислер жайнап,
Берлинниң үстинде желбиреп байрақ,
Алланға естелик болды қосбалдақ,
Өмирдиң көшери айланды бастан.

### 5 Мурат-мақсетине жете баслады

Фронтта қорғаса Ленинградты,
Абат етиў ушын Ленинабадты,
Мәртлер майданында салып ғайратты,
Аллан азаматлық ете баслады.

Сол аяғы сынық, қолтықта балдақ,
Билеги қурыштай, аман он бармақ,
Мийнет етсең рәҳәти нақма-нақ,
Аллан қыйыншылықтан өте баслады.

Ҳақ нийет сүйгенде ҳадал үмит бар,
Алланның қолынан жер болды гүлзар,
Жетписинши жылы егип он гектар,
Қатар-қурбысына жете баслады.

Санасаң үйинде онбес жаны бар,
Қурғынласты мал жайлаўда жәниўар,
Машинасы мың қубылып зымырап,
Талабы алдына кете баслады.

Талўас етип тыңнан таза жол салды,
Алланның исине барша таң қалды,
Мийнет Қызыл байрақ орденин алды,
Мурат-мақсетине жете баслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 6 Селден сақланыў

Қопарғандай көк гүмбези көк таўын,
Мысал қара булттың жыртқандай аўын,
Бирден қуйды жаздың күни сел жаўын,
Пахталар мантығып ўайранда қалды.

Жасыл жапырақлар жерде жарасып,
Көз тоймайды турғанында қарасып,
Кеткенинде иске ислер уласып,
Барлық адам бирден ҳайранда қалды.

Мийнет пенен жеңилткенде салмақты,
Ойлағанда мол зүрәәт алмақты,
Ашыўланып кийип алып балдақты,
Аллан жас жигиттей жәўланлар салды.

Апат келди зыянлықты асырып,
Пахта қалды шақалары асылып,
Сел жаўынды ой-жерлерге қашырып,
Аллан пахталарын қутқарып қалды.

## 7. Жүрек алғысы

Жетпис төртинши жыл жигирма гектар,
Ҳадал мийнет пенен қырман қызыллар,
Зүрәәт мол қырық бес центнерден бар,
Алпыс центнерден қадем таслады.

— Ҳәр гектардан алпыс центнер берсең,
— Үлес қосып елиў жыллық той көрсең,
— Атым озар узақларға жиберсем,
Деп ўәдесин Аллан беккем услады.

Он бес жанның бир батыры Қарлыбай,
Қысы-жазы трактордан айрылмай,
Жүз он тонна пахта терип бир тынбай,
Өз қатарын жеңислерге баслады.

Гүмистей жарқырар гүз туўған айлар,
Мың қубылып дөнер ер жүрген жайлар,
Яўмытбай механик трактор айдар,
Әтирапына жыйнап шебер жасларды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслар ийеледи сезим-сананы,
Гүлнигар қыз ашар китапхананы,
Назарбай қолынан нурлар жанады,
Дәрман берип қуўандырып досларды.

Қуралбай, Халбазар, Сабит ҳәм Абат,
Дәўлетбай миннетли исинде солдат,
Перийза, Көшкинбай, Құрал азамат,
Оралбай қолына китап услады.

Барлығы да улы-қызы Алланның,
Бахыт бопты Гүлайжанды алғанын,
Мәртлик майданында батыр палўаным,
Уллы исиң кеўилимди хошлады.

*Ленинабад—Нөкис.*

## Гүлистан

### 1.

Сөйлеп тур қарағым, бийик минберден,
Бүлбилгөя киби сайрап баўырым,
Радио сестин жеткерип бирден,
Тыңлап отыр гүллән қала, аўылым.

Тыңлап отыр залда лық толған халық,
Барлық ақыл-ҳуўшын берип бул қызға,
Ҳәрбир сөзи өткир, терең ой салып,
Қыял еткен кеўил кетти жулдызға.

Сөзге шебер, шешен екен дилўар,
Өзине қаратты ҳәммени бирден,
Шын кеўилден шыққан шийрин тили бар,
Айырып болмастай бүлбилди гүлден.

Қадирли сөз бенен көтергенде қол,
Аппақ бармақлары етеди жалт-жулт,
Силтидей тынғанда оңы менен сол,
Суў сепкендей болды зал иши жым-жырт.

Ләбинен шыққанда сулыў сөзлери,
Тыңлаўшылар тамсанады қозғалып,
Жалт-жулт етер жаўдыраған көзлери,
Жигитлердиң жүрегине қоз салып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыймылы да ақ қуўындай Аралдың,
Булттан шыққан күндей ашып жүзлерин,
Уйып тыңлағысы келер адамның,
Жыллы жүрегинен айтқан сөзлерин.

Халыққа алғыс айтты уллы тилектен,
Алғыс айтты мийнет сүйген адамға,
Алғыслар арнады жыллы жүректен,
Партиямыз бенен ана Ўатанға.

Сөйлеп бер шайырым, бул қыз ким өзи,
Таныстыр халықлар болсын шадыман,
Жылнамаға сэйкес тарийхый сөзи,
Бастан өткенлерин эйлегил баян.

2

Нөкисге туўылған аты Гүлистан,
Сатым Сэмекеев дегенниң қызы,
Ай аспаннан, адам айрылмас достан,
Жақсыларды айтар бахыт жулдызы.

Айдарҳадай эжел бахытын жулып,
Экетти экесин қурықты таслай,
Сатым Сэмекеев мэңги көз жумып,
Жақты өмир менен хошласты жаслай.

Қызлар жетим қалды, жетим қалды ул,
Өмирге қайғы-зар болғандай патша,
Жас перзентлер ушын аўыр болды бул,
Қайғырды қан жутты жас ана Қатша.

Қатшаның жүзлери нарпоздай солып,
Мийин мең-зең етти бул аўыр матам.
Жесирлик, жетимлик дэртлери толып,
Кеўилди өртеди қайғы менен ғам.

Қандай қыйыншылық, қандай аўыр ис,
Изинен қалмады қаяққа қашса,
Уллы ойлар менен жыйнап ақыл-күш,
Қыйынлық қурсаўын қопарды Қатша.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Белин беккем буўып, женлерин түрип,
Қайғы-зарлар менен қарсы айқасты,
Солдаттай қайтпастан қалшыйып турып,
Дебдиўин шығарып дәртлерди басты.

Хат тасыў, рабочий, ылайкеш,
Почтальонлық етти пайыты келгенде,
Қандай ис болса да тартынбастан ҳеш,
Арнап алғыс айтты жумыс бергенге.

Пайыты келсе, кир де жуўды, жуўды пол,
Тазалады асхананы, жайларды,
Булшық етти пайда қылды еки қол,
Нәлше екти, қазып салма-сайларды.

Жап та қазды, салмаларды тазалап,
Тынбастан иследи атыз ислерин,
Бурынғы салынған жай қалды қулап,
Суў алғандай болды үйдиң ишлерин.

Сатым Сәмекеев тири ўағында,
Нөкис қала советиниң баслығы,
Мәдений дем алыс деген бағын да,
Дүзетискен еди гүжип жаслығы.

Қурылысқа, саўдаға актив қатнасты,
Сатым сазлап еди бираз ислерди,
Жора-жолдас пенен бир қадем таслап,
Мәҳәлинде жыйған еди күшлерди.

Қатшаның аўҳалын, Сатымның исин,
Ядқа алып қалалық советтеги дослар,
Аңсатластырды да аўыр мүшкилин,
Үш қабат жай берди басшы жолдаслар.

Қиргисиздей күн артынан күн өтти,
Нәўбет пенен айға айлар алмасып,
Турмыс тиришилиги бәри күнелетти,
Тосқынлықта ҳеш болмады алжасық.

Улын-қызын қыйынлыққа қақтырмай,
Даўылдың өринде турды жас ана.
Перзентлерге жаман атақ тақтырмай,
Алп ана бәрҳа болды баспана.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қақаман қыс, ысыран суўық, аязда,
Перзент ушын жүрегинен жақты печь.
Гүзги жаўын-шашын, аптаплы жазда,
Кийим-кеншек болды тапжылмастан ҳеш.

Ул-қызын оқытты көрсе де азап,
Мектепке апарды алып та қайтты,
Билимниң булағы ақты жадырап,
Барлық муғаллимге алғыслар айтты.

Ананың алғысы, ҳадал нийети,
Муғаллимлер ушын бул уллы зийнет,
Жас ананың қаҳарманлық мийнети,
Ел алдында болды ең уллы ҳүрмет.

3

Таўыстай таранып өсти Тазагүл,
Гүлистан да келди әйне кәмалға,
Екеўи мысалы бағда өскен гүл,
Елдиң көзи түсти айдай жамалға.

Қызлар өсти, қыял кетти қыяға,
Муҳаббат хатынан оқыды ғаззел,
Қараптурсаң бир-биринен зыяда,
Қарасаң көз тоймас ай жүзли гөззал.

Тазагүл қуўаныш қойнында жүзип,
Шын ықласы менен ерди үгитке,
Турмыс талўасында шадланып күлип,
Басын қосты Қайып деген жигитке.

Турмыс толқынында жүзсе қайықта,
Жаңа өмир бахыт нурларын шашты,
Елин сүйип Тазагүл де, Қайып та,
Халық пенен тойы тойға уласты.

Нәўбет пенен Гүлистаны жетилип,
Қуш-қуўатын жыйнап алды белине,
Талай-талай тар жоллардан өтилип,
Ерлик пенен хызмет етти елине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн тынбады, түн тынбады Гүлистан,
Еси-дәрти болды машина айдаў,
Машина ҳаққында оқыды дәстан,
Бул мақсетке ақыры жетти аман-саў,

Гүлистан оқыды техника жолын,
Барлық машинаның билип тетигин,
Талай сапар суўық қақса да қолын,
Узақ күнлер бир шешпеди етигин.

Машинға меңгерип айдады кран,
Гүлистанның басты оңына талабы,
Ықласлы қыз бәрҳа таң менен турған,
Уйқысыз атылды таңның талайы.

Кранның үстинде әл ҳаўада қыз,
Пискен гербишлерди көтерди тынбай,
Тәслим қалып түнги шырадан жулдыз,
Қыз өсти ананың ақылын тыңлай.

Техниканың тилин билген Гүлистан,
Ертек яңлы елден-елге тарады.
Өзи бүлбил киби өскени бостан,
Қыз кәмалға келип кеўли толады.

Қыз қуўанды, қыз шадланды исине,
Күн сайын шадлықтан кеўили йошып,
Ул-қызды толтырды үйдиң ишине,
Шофер Болысбайға мәңги бас қосып.

Нөкис қаласында әлўан көшелер,
Гүлистанлар қолы менен салынған,
Ильич шырағынан жайнап кешелер,
Ҳәрбир үйде бахыт нуры жағылған.

Қатарында қурылысшы дослардың,
Гүлистан туўрады тынбастан пайын,
Мақтанышы болған Қарақалпақстанның,
Гүлистан салысты НГУ диң жайын.

Азаматтай болып айнымай-талмай,
Гүлистан тақ турып белин бүкпеди,
Туўысқан халықтың өмирин ойлай,
Театрдың шаңарағын тикледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийнет сүйген қызсаң ҳаслы-затыңыз,
Сен ерисен еркин бағы-бостанның,
Қаҳарман қурылысшы күш-қуўатымыз,
Депутаты болдың Өзбекстанның.

Бүгин қуўанышта Қатша апаңыз,
Иске асып пүткил ҳадал нийети,
Гүлистан ҳаққында усындай аңыз,
Қурылыс қаҳарманы — елдиң перзенти!

*1978-жыл.*

## Батыр ҳаққында баянлама.

Қалың ел бар Мамыйдың кең жолында,
Дәстан болып даңқы елге тараған,
Бәри дийқан күш-қарыў бар қолында,
Баўыр басқан қол усласып қуралған.

Ғаррылары сын-сымбатты бузбаған,
Нураний көзлери гөзлер узақты.
Талай тайғақ тар жолларда тозбаған,
Үзген миллион жыллық темир дузақты.

Мың жылларша басын жаўға иймеген,
Жан алқымда дар астында турса да,
Узақ жолға кәрўан жүгин сүйреген,
Залым жаўыз қанлы қурсаў қурса да.

Бул аўылда Есен деген баба бар,
Сексен бесте баҳадырдай саўлығы,
Хожалығы бир аўылға барабар,
Елиў алты екен, ақлық-шаўлығы.

Ақ дийдарлы, ақ жаўлықлы аналар,
Салтанатын сулыўлығын сақлаған,
Көшкен думан яңлы өтти заманлар,
Патша, ханлар елди қыса баслаған.

Сонда болған қаратабан аталар,
Бүгин елимиздиң жасы уллысы,
Жоян болды жүректеги жаралар,
Қуўат берип жаңа заман қурлысы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүгин Мамый майданында шад өмир,
Бахыт, дәўлет асқан, қырманы тасқан,
Ҳәр үйде ул-қыз бар, баҳадыр небир,
Ақлықлар жетисип шаўлық уласқан.

Бири мыңға татыр, жигити палўан,
Мийнет сүйген, машинаны меңгерген,
Бәҳәр пахта егер, гүзлерде кәрўан,
Ақ алтын қырманын таўға теңгерген,

Қыйқаш қаслы, бадам қабақ, ай жүзли,
Қызлары перийзат қаслары кәман.
Әдепли-икрамлы, шын ҳасыл сөзли,
Мәртлик майданында тақ турған ҳаман,

Қызыл жүзли кеше түскен келиншек,
Отаўдың түңлигиң ашып салланған,
Ата-ананы күтип гезекме-гезек,
Салдаманлы салтанатын сыйлаған.

Өз исине қумбыл болып жас күйеў,
Жеңил қадем басқан кеўили толған,
Ғарры мама тетик, табылып сүйеў,
Сөйлегенде ҳәр сөзине қал қойған.

Ҳәрким өз орнында тең-теңи менен
Жаслары ғаррыны сыйлаған бирдей.
Ғаррылар жасларды жанға теңгерген,
Баўырына басар бағдың гүлиндей.

Әрман қушағында өсирип заман,
Бәри бирдей мийнетинен пал жеген,
Бәри баўыр басып болып шадыман,
Ғаррылар кемпирге шабазым деген.

Атыз айқыш-уйқыш басланса бәҳәр,
Тракторлар ыңыранысып жер сүрген,
Қарымларда шигит мысалы гәўҳәр,
Мөлдир суўда мәлҳам болып жибиген.

Трактордан атылып көк түтинлер,
Моторлардан шықты мийнет ҳаўазы,
Нурға бөленгендей қараңғы түнлер,
Басланғандай болар саратан жазы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халық атланып күш-қууатлар жегилди,
Ғалабалар ғажжа-ғажға қол қатып,
Жер сүрилди, гүмис шигит егилди,
Егис тамам болды, тыңды оятып.

Жасыл дөнип жалпақ қулақ жапырақ,
Тут ағашлар назлы қыздай салланды,
Көк атластай жапырақлар жарқырап,
Салма бойлап сулыўланған сән алды.

Аўыл артындағы анаў жырадан,
Бурқып кетти жийделердиң ийиси.
Күн шууақта жатып шықбай қорадан,
Тынып қалды тауықлардың жүриси.

Жигулидиң гаражының қасынан,
Тауық ушын салған үлкен кетектен,
Сондай сулыў сары мамық кийинген,
Шөже шығып шүйкилдеп жүр шүй кеткен.

Шунақ ылақ, салпаң қулақ қозылар,
Жайылып жүр сай-саланың бойында,
Тайлар туўлар, арқа-мойны жазылар,
Таярланған яңлы совхоз тойына.

Барлық мақлуқ балалаған бәҳәрде,
Қус базары анаў Үстирт тауында,
Маллар мөңиреп, қойлар маңырап сәҳәрде,
Кулдырасып шабысып жүр қулын да.

Әдетинше таңнан турып қыз-жәўан,
Сыйыр сауып мал айдаған падаға,
Шопаны да шаққан жигит шадыман,
Деп сөйлейди қызға жаным садаға.

Гүмбир-гүмбир гүби пискен келиншек,
Сары майды сүзип сары зеренге,
—Балаларға майға былғап берсек сөк,
Пал жутқандай ҳәз етеди жегенде.

Орынланып адамлардың әрманы,
Беккемленген ақыл-менен қууаты,
Мийнет етип ҳасыл алтын алғалы.
Елге өрнек батыр туўған елаты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 2

Үстиртке жол тартар Қарабайлыдан,
Мамыйды айырып өткен өзлери
Көзлериме сүрме өлген қайғыдан,
Ата-бабалардың басқан излери.

Усы жолдың ғырра арқа жағында,
Ташкент совхозы бар, қонған қалың ел,
Бүлбиллер сайраған шәмен бағында,
Жери ҳасыл атағы бар, «Алтынкөл».

Усы елди, усы жерди меңгерген,
Мыңсан азамат бар палўан билекли,
Мийнет сүйген, досты жанға теңгерген,
Қайтпаған қаҳарман, арыслан жүрекли.

Бердибай Қурбанов солардың бири,
Ҳақ кеўил ақ пейил, әпиўайы адам,
Елге жемис берди пешана тери,
Мийнет майданында тынбаған мудам.

Қыста музлы суўдың сағасында ол,
Бәҳәрде шаң жутып атызда ҳәрўақ,
Жазда жап, салманың жағасында ол,
Гүзде гүзетшидей болып жүрер тақ.

Бердибайға бәҳәр де бир, қыста бир,
Мәрт жүрекли жалынына сыйынған,
Бул адамды барлық иске уста бил,
Муштайынан мийнет пенен ысылған.

Баз күнлери көзге уйқы келмесе,
Баз күнлери рәҳәтке бөленген,
Баз иси кеўлине қонақ бермесе,
Түн уйқысын төртке бөлген бүлинген.

—Қайда десең атызда жүр Бердибай,
—Қайда десең мал фермаға кетипти,
—Қайда десен қурылысты аралай,
Бир тынбастан барлығына жетипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барып көрип атыр рабочийдың,
Үй турмысы қалай, қандай аўҳалы,
Кеўилин таўып үлкен менен кишиниң,
Орынлаған көкиректеги әрманын.

Моншаны да, мектепти де аралап,
Өткен жыл онмыңға китап алдырған,
Барлық үйде телевизор тур жанлап,
Клуб салған ҳәммени таң қалдырған.

Ташкент совхозында шадлы өмирлер,
Мәҳәлинде той-тамаша мереке.
Жаңа мәкан басқан, пахтада жерлер,
Ҳадал терден елге кирер береке.

Қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркмен,
Баўыр басқан бир атаның улындай,
Басты қосқан егиз улдай бириккен,
Алға сүйреп бирин-бири қалдырмай.

Бригадир, бөлим баслық, директор,
Бердибайдың усы өмир қыссасы,
Өмир ушын инсанлықтан дәрек бул,
Озал бастан еди пахта устасы.

3

Кеше жарлы еди суйық жармасы,
Бүгин басшы болып ашылды кең жол,
Булақтай ағылып, турмыс арнасы,
Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы ол.

Қаҳарман сүйикли елдиң перзенти,
Тағы жеңис пенен жайылсын даңқың,
Ел ушын таўсылмас ердиң мийнети,
Жаңа табысларды күтеди халқың!

Қутлы мүбәрек болсын иним Бердибай,
Шайырлар аямас сеннен дәстанын,
Бүгин масайрадың мийнеттен тынбай,
Саған алғыс айтты пүткил досларың,
Күш-қуўатың Қарақалпақстаның!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АРАЛ АЗАМАТЛАРЫ

Гүллеп турған алпыс алты бәҳәрим,
Мениң бахтым — бахты ақлық-шаўлықтың,
Нурлы қуяш пенен атқан сәҳәрим,
Салдамлы бир салтанаты саўлықтың.

Буйрық берип өмир өнерпазыма,
Таярландым алпыс алты жазыма,
Дәрман берди маған дәўри-дәўраным,
Жалын қосып жүректеги сазыма!

Алпыс алты гүмис гүзим киятыр,
Сырсандықты ашқан сезим киятыр,
Ақ алтынлы, сары алтынлы кәрўаным —
Қаўын-ғарбыз, алма-жүзим киятыр.

Сағындырып алпыс жети бәҳәрди,
Қыста келер қылыш услап қаҳәрли,
Кетип қалып жалт-жулт еткен жаслығым,
Келип қапты ғаррылықтың сәҳәри.

Аңсат емес екен алпыс алты жыл,
Базда жеңил болды, базда басты зил,
Өмир жүгин өрден-ыққа сүйредим,
Бели беккем, жазық табан болып пил.

Кеўлим сезди көз жетпестиң узағын,
Көзим көрди қайғы-зардың қозағын,
Жүзлеп, мыңлап жолдасымнан айырды,
Бул сум әжел қурып қойып дузағын.

Талай суңқар қанатынан қайрылды,
Талай тулпар туяғынан майрылды,
Халық ушын қурбан болып жас қыран,
Талай ана перзентинен айрылды.

Талай гүл солыды, өсти талай гүл,
Бағлар несип етпей кетти көп бүлбил,
Биймезгил баўырына басып қара жер,
Сөйлеўден тоқтады дүрлер шашқан тил.

Қанлы урыс болып уллы себепкер,
Ўақытсыз көз жумды талай шешенлер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашылмастан қалып урқан атқан гүл,
Солып кетти талай-талай шешеклер.

Бири кетип, бири жетип, дөреп жан,
Тәрбия алып, мектеп, ата-анадан,
Бир адамның баласындай бәриде,
Барлығыда бир-бирине меҳрибан.

Шөлге бағлар орнап, жайнап жаңадан,
Елиў жылда ел пүткиллей жаңарған,
Жаўдырасып жас қыранлар жетилип,
Ер қолынан қала-аўыл жаралған.

Мәрт туўылған майданларда тапжылмас,
Дәўиримизде дөреп шықты нешше жас,
Талай дилўар, досларым бар ақыллы,
Бири ағам, бири иним, жан жолдас!

Дослар кетип қалса кестем сөтилип,
Қайғы менен кеўил кеби кетилип,
Тағы толды көп шайпалған табағым,
«Жетимлерден талай инсан жетилип».

Қалғандайман болып өмир гиреўи,
Халқым мениң ғамқорлықтың тиреўи,
Ар-намыслы азаматы заманның,
Сол мыңлардың Тилеўберген биреўи!

Сол бир гәўҳар шайыр — сөздиң зергери,
Ҳасыл сөзге толы ҳәрўақ зәмбери,
Алпыс жасқа шығып бирге әкетти,
Арал аўылының Тилеўбергени.

Шайырлардан ели қосық күтеди,
Қосықларға дәстан қосып күтеди,
Қосық тыңлап халқы урса шапалақ,
Тилеўберген бирден йошып кетеди.

Өли дүнья менен адам байыр ма,
Кемеси бир күни шығар қайырға,
Ақылы дана — ел байлығын сақлаған,
Жарлылық жантаспас ҳеш ўақ шайырға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көктен күлип кеўил ашып ай-күним,
Жипек желли жанға жаққан май күним,
Сағыныппан онбес жылдай көрместен,
Ақ қуўындай Аралымның айдынын.

Қалақ ойнап талай жүзип жасымда,
Отырғанман, бийик төбе басында.
Қосығын оқыса шайыр Әденбай,
Айымхан бүлбилдей сайрар қасымда.

Расын айтсам уйғарманыз айыпқа,
Теңизлерде жүзе алмадым қайықта,
Апақ-шапақ болып қалдық бәримиз,
Ушырасып Әбдикерим, Қайыпқа.

Шыдаса да сел боп аққан жаўынға,
Теңиз тынышланбас боран, даўылда,
Өткериўге ушырасыў кешесин,
Жетип бардық Қайырдағы аўылға.

Жарасығы болса күндиз-кешине,
Арал жатыр мысал жерге көсиле,
Буденный ҳәм Марат атлы колхоздың,
Отызыншы жылы түсти есиме.

Бабалары көрген нешше ашлықты,
Мойнақта өткерген муңлы жаслықты,
Данилец дослар менен биригип,
Буденный колхозға туңғыш баслықты.

Еки колхоз қосып малы-затында,
Ҳәзир «Октябрьдиң қырық жыллығы» атында,
Балық аўлар жүз-жүзлеген балықшы,
Колхоз өркенлемек ел қуўатында.

Қуўыс-қолтық, ашық теңиз алабың,
Аў салып өткерди мәўсимли таңын,
Бир жүз үш процент етип бежерди,
Тоғызыншы бес жыллықтың планын.

Жарқыраған қуяш бултларды қуўса,
Суў жүзинде қалқар көктен ай туўса,
Бес жыллықты еки есе бежерди,
Атақлы балықшы Айнаев Муўса.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мотофелюгаларын қосып вахтаға,
Сары сазанларын қояр «баққыға»,
Басқыласыў ушын ҳешким тең келмес,
Жуманиязов Қалыбайдаи лаққыға.

Жолбарыс қуйрық, Соркөл, Сарыбас,
Шәменов Қадирбай ҳасла бир тынбас,
Жигирмалап мотофелюга жүзгенде,
Жылымлары майлап шығар басма-бас.
Жаста жетим қалып көп шегип жапа,
Азап-ақырет көрген кеўили қапа,
Қартайғанда ҳәзир қайта жасарған,
Жетпис еки жаста Мәтмурат ата.

«Қартайса да шанша-шанша қаракең»,
Ата кәсиби балықшылық кәр екен,
Балық тутты, ул-қызларын оқытты,
Шын мийнеттен молаяды берекең.

Бегдулла, Алмагүл муғаллим болса,
Убайдулла, Ҳәмдулла, Аймурат врач,
Оразалы, Даўылбай маман инженер,
Баймураты летчик—жүзинде қуяш.

Мәтмурат атаның бахты ашылған,
Ҳәзирше онтоғыз—ул, қыз, ақлығы,
Ҳәр тәрепке дуз-несийбе шашылған,
Бул заманда асып-тасар шадлығы.

Арал азаматы, Арал ул-қызы,
Жасы үлкенлердиң жүрек жулдызы,
Сапарнияз улы Жумамураттың,
Жолдасы көп екен емес бир өзи.

Нурлыбай шайырдың аты мәлимди,
Ким билмейди оның улы Әлимди,
Тәжимурат улы Тәжибай ерлер,
Сулыў салтанатқа дүзди сәнимди.

* * *

Жерде көп, елде көп — пани дүньяда,
Атақлы екен Қыпшақдәрья, Ақдәрья,
Жигитлери жигерли жас жалынлы,
Шеге ели ҳәммесинен зыяда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жазық екен Арал теңиз шеңбери,
Шадлы шәўкетли екен Шегели,
Егин еккен, балық тутқан, оқыған,
Ул-қызлары бул өмирдиң шебери,

Алты жүз атаў болған, қырықлаған көли
Атақлы Жаңабай палўанның жери,
Соркөлде туўылған Аяпберген де,
Әжинияз, Бердақтың әдиўли ели.

Бул елаттан шыққан врач, шайырлар,
Бул елатта билимпаз бар, маман бар,
Елдиң аты қумлық Шеге болса да,
Ҳәр қысымы алтын менен барабар.

Гүл орнаған қыры менен ойына,
Узақ жерден халық келген тойына,
Аты шыққан «Әмиўдәрья» колхозы,
Мәкан басқан Қыпшақдәрья бойына.

Оныншы бес жылдың бәҳәри паслы,
Балықты аўлаўда мапазы тасты,
Қолтықларда, ашық Арал ишинде,
Көресең моторды меңгерген жасты.

Сегиз мотофелюга суўға салыпты,
Аў, жылымлар майлап—сүзип алыпты,
Азаматлар быйыл аўлап алмақшы,
Бесмың бес жүз центнердей балықты.

Шеге ели айланбақшы қалаға,
Ҳәр хожалық толған онлап балаға,
Жаңабай ақсақал, Наўрызбай баслық,
Балық тутқан бағлар еккен далаға.

«Бозатаў» дегенниң жерлери таныс,
Кеткиңиз келмейди егер келсеңиз,
««Бозатаўға» қайта мәкан басқан ел,
Мойнақ совхозында қызбақта егис.

Кеткен кеўилдеги қайғы даўылы,
Арал мәртлериниң күши-қарыўы,
Халық басына бахыт қонған дәўирде,
Гүлленбекте азаматлар аўылы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзине сай тарийхы бар Мойнақтың
Бүгингисин жазып қалем ойнаттым,
Нурында жасасын халық ерлери,
Дана Ильич берген мәңги шырақтың!

*1976-жыл. Апрель, май.*

## МИНОМЕТЧИК ҚАРАМУРЗА

### I.

Жигирма үш жыл буннан бурын,
Уллы Аралдың жағасында,
Гүлистандай қулпы дөнген,
Дәўкемпирдиң даласында.

Жайнап-күлген жақты дүнья,
Қабыл алды жас баланы,
Иңгәлаған бала сести,
Қуўандырды кең даланы.

Туўылғанда туңғыш перзент,
Ырза болып ата-ана,
Қуўанышлы той басланды,
Барын жайып халық алдына.

Кең дүньяға келген улдың,
Атын қойып Қарамурза,
Шадлы тойға жыйналған халық,
Қуўанысып болды ырза.

### 2.

Қырық биринши жылы еди,
Ўатан үстин қаплады булт,
Күн батыстан қанлар шашып,
Уўлар шашты ийт, жеги қурт.

— Кәмалыңа жеттиң улым,
Ўатаныма болғыл қорған,
Сени өсирди адам қылды,
Халқыңнан сен аяма жан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қахарманлық ана сөзин,
Қабыл алып Қарамурза,
Қан майданға атланды ол,
—Ўатаны ушын жаны пидә!

3

Қара боран, ашшы аяз,
Жерлер мийтин болып қатқан,
Тоғайлар да жамылып қар,
Ақ түйедей шөгип жатқан.

Атаўыздай бетти шымшып,
Ысқырған жел тынбай ескен,
Астан-кестен болғандай көк,
Тыным таппай булт көшкен.

Усы түнде Қарамурза,
Қаҳәрленип күшин жыйнап,
Минометин гөзеп жаўға,
Масаладай көзи жайнап.

—Қазақдәрья Дәўкемпирде
Қулпы дөнген жерим ушын,
Толып-тасқан балығы мол,
Айдын Арал, көлим ушын.

«Қызыл Әскер» колхозы ушын,
Деп атқанда ҳәрбир оғын,
Жылдырымдай жалт-жулт мина,
Дал-дал етти жаўдың тобын.

Жер жүзинен жеги қуртты,
Жоқ қылмақта Қарамурза,
Халық улын қушақлайды,
Жеңис тойын баслағанда.

*1942-жыл.*

## БИЗИҢ ДОКТОР

### Биринши бөлим

1

Ақ түйедей шөгип жатқан,
— Қазақдәрья Дәўкемпирде
Суўық самал арқа жақтан,
Аш қасқырдай тынбай шуўлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қардан қураш кийип қаңбақ,
Орнасқандай ойға батқан,
Барлық шөптиң үсти аппақ,
Сүмекленип бирден қатқан.

Күн батыўы, таң атыўы,
Сондай қыйын болды маған,
Кеўилимниң бар қатыўы,
Өзим ғарип албыраған.

2

Нәрестелик бесигим жоқ,
Гезенделик батты жанға.
Кеште кирер есигим жоқ,
Азап уўы сиңди жанға.

Сел-сел болған көзде жасым,
Кирпигиме болды сүмек,
Қайда қалмақ қара басым,
Қайда жатып, қайдан жемек?

Қырық жарылған қара табан,
Еки ели кир тобығымда,
Жалаң аяқ қорықпай қардан,
Қарш-қарш бастым толығында.

Бөз дамбалдың балағы жоқ,
Шым-шытырық сатанымда,
Малақайдың қулағы жоқ,
Усадым көл қутанына.

Барарға жер, батарға көл —
Табалмадым. Болдым шопан,
Мени шопан етсе де ел,
Бере алмады жалғыз шапан.

Олар қалай берсин маған,
Жалғыз шапан пүткил елде,
Тойға барған, қызда алған,
Соны кийер нәўбетинде.

Жалынлы жас, мен бир тасқын,
Шалқар суўдай ай астында.
Бүгинде таң тырнап шықтым
Аяз бенен айқастымда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таң да атты, мен де кеттим,
Пада-пада маллар шықты.
Қәўметимди қалқан еттим,
Қыс қылышын түйреп тықты.

Қарлы қыстың қысқынында,
Көз жасыма толды сайлар,
Таңның татлы уйқысында,
Ул-қыз қушып жатыр байлар.

Нәрестемен буўыным бос,
Жүрегимде зардан жара,
Қайғы дәрти болып қос-қос,
Басты бойды бара-бара.

Үйге кирсем ошақта от,
Жүрегимде қоз болады.
Дүзде жүрсем таяқтан оқ,
Оңмениме қадалады.

Қыршылдаған қыраўлы қар,
Тосқын болып талабыма,
Тас төбемнен зыңырап шығар,
Ништер суғып табаныма.

Әтирапымда шеңгел, жантақ,
Қадалғандай болып биздей,
Жас кеўилим болып жалтақ,
Шаршағанман пана излей.

Қаратақан қыйсық таяқ,
Шопанға тән болған заты,
Қубла қаяқ, арқа қаяқ,
Ким болады әкем аты!

Усы дүнья болса да кең,
Көринди ол маған тардай,
Умтылады бәлелер сең,
Ала алмаған ҳақы бардай.

Сыймағандай кең далаға,
Шықтым шоқат басына мен,
Көз жиберсем айналаға,
Халық көринди асқан дөңнен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул не адам?
— Бул не жыйын?
Таң қалдым да турдым қарап.
Қолы байлы ҳалы қыйын,
Киятыр ғой қан сорғалап.
—Айт, большевик соңғы сөзди,
Деп буйырды қанҳор залым,
Тайсалмастан қанлы жүзи,
Ҳеш қорықпастан айтты зарын.

—Партияның ағзасыман,
Бар өмирим халқым ушын,
Жан аямай жас басымнан,
Гүресемен бахтым ушын!
—Жаса совет властым!—деп,
Жаңа сүрен салған ўақта,
—Бул жер мениң қол астым!—деп
Тутты залым бирден оққа.

—Жыйналыңлар қызыл қаллаш,
—Бирлесиңиз езилген ел!
Залымларды етиңиз паш,
Тазартылсын туўылған жер!
Деп турды да қара жигит,
Жолдасына бойын таслап,
Кеткен яңлы тоңлар жибип,
Қанын сүртти қосыўыслап.
Екеўин де енди билдим,
Мениң ушын екенғамқор,
Жаў ишине кирип бардым,
Өлейин деп болғанша қор.

Қолымдағы қыйсық таяқ,
Бир шақ етти силтегенде,
Қан ағызды тап бир табақ,
Болыс басын сүртемен бе?
Тағы урайын деп атқанда,
Нөкер тутып алды күшлеп,
Жаздырмастан жабысқанда,
Бас бармағын алдым тислеп.
Жалт-жулт етип көзим алды,
Таяқ жаўын болды жаўып,
Жәбир көрдим жутып қанды,
Сулап қалдым есим аўып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 3

Есим енди, көзим аштым,
Кеўил уйытқыр, жегендей қам,
Тикен янлы түби шаштың,
Әтирапымда басқа адам?
Өзим минген шоқатымда,
Желбиреп тур Қызыл байрақ,
Ҳәрбир ердиң саўлатында,
Жыллылық тур күндей жайнап.

Турар ўақта тентиреклеп,
Дүс төменнен қулағанда,
—Айналайын баўырым!—деп,
Айтқан сөзлер қулағыма—
Жағып кетти. Шыдамастан—
Көзде жасым ақты заўлап.
Мени алды сүйеп бастан,
Барлық сеслер кетти шуўлап.

Есим аўып жатқан жерден,
Сүйеп алған Оразымбет.
Залымларды қуўып елден,
Ғайрат салған Оразымбет.

Оразымбет халық пенен,
Ыза-кектен күши тасып,
Жоллама алып Шайдаковтан,
Төрткүл беттен келген басып.

Шаршаған халық қайғы-зардан,
Озал бастан болып қаллаш,
Қурал алып боп партизан,
Жаўға қарсы қурған саўаш.

Қурбан болған еки ерди,
Көмиў ушын жыйналғанда.
Жүректеги ыза-кеги,
Ғазеп болды ҳәр душпанға.

—Хош бол! — деди Касьяненко,
—Хош бол—деди Тыныбаев!
Болсаңызда қурбан елге,
Кеттиңизлер нурлар жайып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Хош болыңыз қадирданлар!
Деген ўақта қуйқам жуўлап,
Бойымдағы қызып қанлар,
Туралмадым тайдай туўлап.

—Ағаларым мен иниңмен,
Туўысқандай изиң басқан,
Мәңги жаңлар мен үниңмен,
Жүрегим бир, бир мунласпан.

—Қос қаҳарман, хош болыңыз,
Деген даўыс кетти жаңлап,
—Жеги жаўдан кек алыңыз,
Деген сөзди қалдым аңлап.

## Екинши бөлим

### 1

Жыллар өтти — жайнады өмир,
Бахытлы жаңа заман орнап,
Ҳүким етти жаңа дәўир
Халыққа айдын жолды арнап.

Ески дүнья қалды қулап,
Гүреслерден дәккилер жеп,
Ленин данам ашты булақ,
Билимлерге ел қансын деп.

### 2

Оразымбет Халмуратов,
Қан майданның партизаны,
Басмашыны, байды атып,
Жайлаған Шымбай, Хийўаны.

Жетпис жасқа жақынлады,
Доктор атаң Оразымбет,
Қартайдым деп шағынбады,
Алдында бар уллы нийет.

Оразымбет өмиринше,
Өз исине шебер уста.
Тек бир исин билгенимше,
Айтпақшыман етип қысса.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 3

Толғатқандай туўлап сулыў
Серпилди нилдей қара түн,
Нөкисти нурға бөледи,
Жарқырап шыққан жазғы күн.

Азанғы ескен жел менен,
Ырғалды көклер ҳәм гүллер,
Нөкистиң жеңис бағында,
Сайрады тынбай бүлбиллер.

Нөкистиң кеселханасы,
Аппақ жай, ҳәрўақ азада.
Емленер барлық кеселлер,
Күн-түни, кеште, азанда.

Докторлар бәри жыйналды,
Ишинде отыр, бир адам,
Арықлаў келген жоталы,
Халыққа таныс бул мудам.

Өлимге қарсы туў тигип,
Халыққа болған садық ул,
Докторлар менен отырған,
Халмуратов еди бул.

Бир буйрық келди тосаттан,
—Самолет Сизди күтпекте,
Айрықша Сизге тапсырма,
Ушасыз Қызылқум бетке.

## 4

Көлбеп жатқан көк теңиз,
Қойнында бултлар буралып,
Ақырын ғана жылжыйды,
Қуйындай болып оралып.

Шоқаттай болып үйилген,
Көликлер өтпес асыўдай,
Дәрьяны тыққан сен яңлы
Бәҳәрде қызыл тасыўдай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усындай қалың булт бүгин,
Қурса да көкке ошағын,
Сапарға шыққан сuңғарға,
Ериксиз ашты қушағын.

Бир неше ўақыт ушқан соң,
Сырғыды төмен самолет,
Көп қыял басқан адамға,
Қорқыныш келди бетме-бет.

Тосаттан мотор тоқтады,
Тақырға түсти самолет.
Қызылқум қоршап турғандай,
Жел ести жалын қудирет...

Летчик дәрҳал моторды да,
Қарап шықты гезек-гезек,
—Мотор үлкен шикас тапқан,
Уша алмаймыз дүзетпесек.

— Усыманда сен қал онда,
Маған силте барар жақты,
— Тап усылай жүре бер деп,
Көрсетти оған ески жапты.

5

Қызылқумның қушағында,
Жүрген яңлы Оразымбет,
Жалғыз өзи жолға түсти,
Пәсеңлеген яңлы дөң бет.

Еспе қумлар ҳәўирленип,
Лаўлағандай жанды иши,
Перде тутып Қызылқумның,
Ҳүким сүрди мине кеши.

Түн пердеси қумды жаўып,
Түн мақлуғы жыбырлады,
Аспанға алтын ноқат болып,
Көкте жулдыз жымыңлады.

Күтилмеген жерден бирден,
Топар қасқыр шыға қалды,
Ҳеш қорықпастан Оразымбет,
Бир нешшесин ата салды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пайда берди мергеншилик,
Оразымбет аман қалды.
Көп иркилмей алға жүрип,
Қос ауызын қолға алды.

Күндиз жүрди, түнде жүрди,
Таң атқанда жетип барды.
Изертлеўши ҳал үстинде,
Анық билди қыйын ҳалды.

Жатқан еди туўа алмастан,
Шыдамайды, билди оны.
Операция қылып еди,
Бул исиниң келди оңы.

Жас келиншек жанын қыйнап,
Жатқан еди туўа алмастан,
Сол заматы жарып алды,
Қыйын аўҳал өтти бастан.

Қызылқумның қушағында,
Бина болды бир жас адам.
Изертлеўши қанигелер,
Докторға алғыс айтты мудам.

6

Хабардан соң бир самолет,
Усыманға ушып келди,
Исти орынлап Оразымбет,
Шадлық пенен йошып келди.

Дүзде қалған самолетти,
Дүзетти де алып келди.
Бала менен келиншекти,
Самолетқа салып келди.

7

Сессиядан қайтып доктор,
Кремльден шықты тысқа.
Қызыл майдан көзге ысық.
Дәрман берген пүткил досқа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оразымбет келген ўақта,
Қызыл майдан көзге ысық,
Бир келиншек нәзер салды,
Қарағандай жар тасына.

Тан қалғандай турып қалып,
—Қадирданым, докторжаным,
—Сәлем бердим, бахытлыман,
Өзиң болдың меҳрибаным!

Деген ўақта Оразымбет,
Бул да бирден таный кетти,
Апақ-шапақ болғанында,
Қызылқумлар көзден өтти.

—Мынаў улым өзин берген,
Қызылқумның қойнындағы,
Жигирма жыл болды оған,
Қарызыңды ал мойнымдағы...

—Егерде Сиз болмағанда,
Қабириме қонар қарға.
Қарыздарман, миннетдарман,
Сиздей уллы докторларға!

—Жүр докторым, қадирданым,
Мийман болың үйимизге,
Жайнап-жаснап жаңа өмирде,
Үн қосылсын үнимизге!

*1967-жыл.*

## ТУҢҒЫШ ТРАКТОРШЫ ҚЫЗДЫҢ ТАРИЙХЫ

**(Октябрь социалистлик революциясының 60 жыллығына арнайман)**

Хожелиде Хабый деген татар бар,
Оның жасы мениң менен бир қатар,
Бир-биреўге қырық бес жылдай таныспыз,
Бир егиздиң сыңарына барабар.

Өмир шерик, өрнек шерик, өскен жас,
Гүреслерде таяр турған басма-бас,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хабый абый деп атаймыз ҳүрметлеп,
Болғаннан соң дос, туўысқан ҳәм жолдас.

Туўылып өссе де бурын Қазанда,
Төрткүл жақта танысқанбыз озалда,
Көрмегели болып еди көп жыллар,
Ушырасып қалдық бүгин азанда.

Сағыныштан қушақласып, қол алып,
Апақ-шапақ болып қалдық қуўанып,
Қырық бес жылдан бурын еки жас,
Мине ҳәзир шашлар кетти ағарып.

Хабый абый еле қуўат, күшинде,
Бирге жүрдик көп күн күндиз-кешинде,
Хожелиде Ленин атлы колхозда,
Гүрриң айтты уйықламай түн ишинде.

Нөкис беттен шыққан адам сапарға,
Шымбай, Тахта, Қараөзек таманға,
Трактор тур оң жағында жолыңның,
Қарағанда шығыс пенен батарға.

Сол трактор отызыншы жыллардың,
Туңғыш тулпары еди минген уллардың,
Ленин ўәсиятын алып келгендей,
Гүўасы болып тур тарийх таңлардың.

Бул трактор қуўандырып досларды,
Атыздан шығарды өгиз қосларды,
Туңғыш трактордың тарийхы былай:
Деп Ҳабый Қамалов сөзин баслады.

1

Жасыл жерди жаннан сүйип жазғы таң,
Нуры менен бөлеп қойып «назлы» таң,
Бағ ишинде бүлбиллерди сайратып,
Сулыў елди сайран етти сазлы таң,

Сазын шертип сүйип сулыў даланы,
Қошаметлеп қушып гөззал қаланы,
Мунартпақшы болып мийнет майданын,
Баўырына қысты ғарры-баланы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бауыры ерип балбыраған болды таң,
Тау-тоғайды, шөлистанды шолды таң,
Сәуле менен ерткен яңлы сағымды,
Толғатқандай тууын услап толды таң.

Толғатқандай тебиренип атты таң,
Жер бетине қушақ жайып жатты таң,
Жүзимизди жақты менен жайнатып,
Дүзген яңлы болды сулыў сапты таң.

Сулыў дала сүйсинип таң сырынан,
Орын берди ойы менен қырынан,
Қууанышлы шадлы елдиң жүзине,
Шуғла түсти атқан таңның нурынан.

—Ҳасыл жерге таза туқым себе бил,
Күн нурында кеўилиңди бере бил,
Деген қыял ашып қыздың зейинин,
Таңнан турды усы бүгин Серегүл.

Таңнан турды қара шашын тарады,
Шаш тарады, шар айнаға қарады,
Таң самалы еркелетип аймалап,
Серегүлдиң кеўли ашылып барады.

Шайда болып бағда сайрап сан бүлбил,
Таңды шадлы күтип алыў болды бул,
Сайран еткен сулыўлардай салланып,
МТС жаққа жүрип кетти Серегүл.

Серегүлди тасалатпай көзинен,
Жуманияз да шықты қыздың изинен,
Есилгенин еки жастың жүреги —
Аңласам да көз қарастан, жүзинен.

Мен де қатар турған едим таң менен,
Менде бет-қол жууған едим таң менен,
Серегүлге менде ашықпан уйқы жоқ,
Уйқыларды қууған едим таң менен.

Тай таласып тал астында түнде мен,
Турсам дағы ерк бермей үнге мен,
Айталмайман болсам да ашық сөзимди ,
Гезлессем де арнап қызға күнде мен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр күн сайын саат өтпей арадан,
Қумартаман қайта-қайта бараман,
Сонша сапар шыдамастан барсам да,
Сүйемен деп айта алмастан қаламан.

Гүл беремен көргенимди билсин деп,
Гүрсинемени күйгенимди билсин деп,
Серегүлге сөз баслайман қайталап,
Ынтығаман сүйгенимди билсин деп.

Қыз да маған түсине ме деймен мен,
Бир шыпа бар мыйық тартып күлгеннен,
Базда-базда көз астынан қарайды,
Ҳәр сапары сағынғандай келгеннен.

Сонда да мен айталмайман сөзимди,
Уяламан төмен салып жүзимди,
Гүрсинемен билдирместен қызға мен,
Урлап қарап бир нәзерлеп көзимди.

Жүзин көрсем аспанда ай көринбес,
Көзин көрсем·көкте жулдыз билинбес,
Таң сәўлесин сыры менен бояған,
Күнде көрседағы кеўлим еринбес.

Қарайман да дийдарына тоймайман,
Қызғанаман басқаларға қыймайман,
Әўилдеген нәрестедей талпынып,
Қайта-қайта қатнағанды қоймайман.

—Серегүлжан, жасым тең ғой жасыңа,
Кел гөззалым теңгерейин басыма,
Шын ышқымның бояўынан жуққан ба,
Көзим талды қарай берип қасыңа...
Деп базларда хат жазаман, жыртаман,
Орамалым ушын тислеп қырқаман,
Сөйлесиўге ҳәрқыйлы жол тапсам да,
Суў ағысын неге өзим қуртаман.

Қуртқаным сол айта алмайман қумарым,
Талай түнлер уйқы көрмей жыладым,
Серегүлдиң сулыў сестин тыңлаўға,
Арналғандай болды еки қулағым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Серегүлден басқа сулыў өзиме,
Көринбейди мың қарасам көзиме.
Көп ўақ болды күни-түни ынтықпан,
—Менде сени сүйдим деген сөзине,

Бәҳәр, гүз деп неше алты ай өтежақ,
Жыл артынан жыллар туўып кетежақ,
Не илаж бар дедимдағы ойландым,
Бул ой мени ақыры ойран етежақ.

Дедимдағы бир күн жаздың кешинде,
Айда шықты туўған яңлы үшинен,
Серегүлге сүйдим дедим көз тигип,
Тебиренип турып түнниң ишинде.

Қушақладым дуў-сыйына қарамай,
Жулқынды қыз ҳеш нәрсени тыңламай,
—Сүйгеним бар зорлық етпе жалмаўыз,
Деп шекеме шаппат урды аямай.

Шарп еткенде Серегүлдиң шаппаты,
Бес бармақтың шапалағы шапты атты,
Суўық суўды сепкендей көз ашылып,
Шекем жанды алақаны шоқ қатты.

Ыза-кеги жанғанында көзиниң,
Жүрек сөзин айтты арыў өзиниң,
Мен ериксиз бир сыйпадым шекемди,
Еситпестен артқы жағын сөзиниң.

Бир бурылып қарады да кетти қыз,
Сүйдим десем мени ҳайран етти қыз,
Сүйдим десем сыйлық етти шаппатты,
—Бул қорлығың жүрегиме өтти қыз.

Жаслық жүрек мен де едим бир қызба,
Көп күн бойы ашыўландым бул қызға,
Ашықлықты басып кетип бул кеўил,
Депте турдым тап усы қыз жалғыз ба?

Соңын ала салқынланып қызған қан,
Деген яңлы «айрылмағыл қызылдан»,
Бес-алты күн ашыўланып жүрсем де,
Серегүлди сүйип қалыппан жанымнан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шаппатынан жалын тийсе шекеме,
Дедим енди: кеўилиме шөкеле,
Беккем тутып баўырымның балғасын,
Дедим қызды жүрегиме шегеле.

Шаппат пенен мениң шекем ийленди,
Ийленсе де тез умыттым гийнемди,
Серегүлдиң сыр сандығын ашыўға,
Жас жүрегим жай тапқандай үйренди.

Сондадағы өтип кетти он айым,
Ақырында таптым қыздың оңайын,
Жерди сүрип жүрген екен Серегүл,
Ҳармасын деп таптым сөздиң орайын.

—Ҳарма деген ҳалға қуўат бар болың!
Қол созғанда қызлар сүйген яр болың,
Деп Серегүл силтеў етип сөзлерди,
—Жазында жел, қыстың күни қар болың...!

—Түсинбедим Серегүлжан, сөзиңе,
—Түсинер деп ойнап айттым өзиңе!
—Жазда жели, қыстың күни қары нес,
—Әлле нелер елеследи көзиме...!
—Турыпсаң ба, түсинбестен ырастан?
—Түсинбедим мынаў сөзиң таў асқан,
—Таў асқанның тыңлап көрсең тарийхын,
Бир күн, бир түн таўсылмайды бул дәстан.

—Түсиндирши маған бәрин қарағым,
Деп жалт етип Серегүлге қарадым,
—Тыңла онда толқынлансын жүрегиң,
—Ал тыңладым сенде еки қулағым.

—Адам сынар жақсы менен жаманды,
Жүрек сүйип тракторшы Жамалды,
Жас кеўилим жәўлан урып жүргенде,
Сол Жамалдың қумарына қамалды.

Деген сөзин айтқан ўақта Серегүл,
Жүрек булқып гүрмелмеди қызыл тил,
—Соған мине бас қосқанман ҳәзир де,
—Ашық айттым, арғы жағын өзиң бил.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Турып қалдым тас төбемнен қуйды суў
Мең-зең етип мийим ғаўға болды шуў,
Туўлап турған толқынына теңиздиң,
Қапелимде батқан яңлы болды қуў.

Қатып қалдым жүзлериме басты қоз,
Мийим тоңды, аяғымның асты муз,
Гә суўыдым; гә ысыдым дирилдеп,
Аямастан атты маған тасты қыз.

Дедимдағы турып қалдым мен қатып,
Жүре алмадым адымымды бир атып,
Жерди сүрген трактордың даўысы,
Гүрлеп кетти кең даланы жаңлатып.

* * *

Кеўил гүллеп жасыл липас кийдим деп,
Жүрген болсам Серегүлди сүйдим деп,
Жамал деген зор жигити бар екен,
Меннен бетер жүрген екен күйдим деп.

Күйиптиде, сүйипти де жүрипти,
Жаслайынан бирге дәўран сүрипти,
Меннен бурын орынлаўға ўәдесин,
«Ақ отаўдың ший есигин түрипти...»

Шабандозлар көкпар қысса тақымға,
«Молла-ийшан қумар болар ўақымға»,
Деген яңлы қумар болған Жамалжан,
Қосылажақ той бермекши жақында.

Қалып қойдым әтирапым тыс болып,
Көрген күним қала берди түс болып,
Той бермекши екен көрип тәтәррик,
Турған екен алдында үлкен ис болып.

Жүрегимди еткен яңлы оқ жара,
Жалын болып жандырғандай от жара,
Бир ай болмай азып кеттим қуўарып,
Деген нақыл: «ишиң күйсе дуз жала!».

Кеўил дағын дүриштедей туўраттым,
Тыпыршыдым тус-тусыма топ аттым,
Ер қылалмай еки жастың еркине,
Ақырында қыялымды тоқтаттым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыялыма қарсы қайшы ойдым мен,
Тосаттан ис тойындырды тойдым мен,
Серегүлге, Жамалжанға жол силтеп,
Қысқасында қыз саўдасын қойдым мен.

Өзге болса озал баста өз дәртим,
Тап ҳәзирде басып қойдым бир бәнтин,
Екеўиде тракторшы болған соң,
Бәрин қойдым көз-қарасты өзгерттим.

Күни-түни ынтық болсам көзине,
Ашық болсам айдай, ашық жүзине,
Мине ҳәзир жәрдем еттим жүректен,
Жамал менен Серегүлдиң өзине.

* * *

Дәўир менен бирге соғып жүреги,
Туўысқандай бирге болды тилеги,
Бели бекип, баўыр басып үйренди,
Бир-бирине дастық болып билеги.

Кеўили бир татыўлықты үлести,
Ортақласты үлпетликти үлести,
Саат сайын көриспесе шыдамай,
Жақсы көрип тислем нанды үлести.

Бир-бирине беремен деп жанымды,
Аямады жүрегинде жалынды,
Жас басынан Жамал менен Серегүл,
Меҳрибанлық ҳүрметине малынды.

Мийнет сүйди екеўи де төкти тер,
Бәҳәр келсе бирге жүрип екти жер,
Ел ишине ертек болып екеўи,
Халық сүйгендей салтанатлы болды ер

Ели ушын еңбек етип ер жүрди,
Еки ерди ҳүрмет пенен ел сүйди,
Тракторшы Жамал менен Серегүл,
Күни-түни тыңнан ашып жер сүрди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыймылдаған қырдан өтип жол асып,
Халық ғалаба тоғайлықтан жер ашып,
Жаңа жерде жаңлап мийнет ҳаўазы,
Трактор жүр түн ишинде нур шашып.

Eң әўели келгенинде трактор,
Жаңа өмирге енип келген жаңа түр,
Жамал менен Серегүлди айланып,
Қуўанысып, таң қалысып халық жүр.

Келген адам кете алмай байланды,
Ҳәр биреўи шадлық пенен сайланды,
«Пири бар!» деп бар жерине үңилип,
Туўмағанлар түнеп жатып айланды.

—Өйбей бала, дөңгелегин қарашы,
—Япырмай-аў ҳәңгелегин қарашы,
—Өзи темир қозғалады, жүреди,
—Минетуғын зәңгилигин қарашы.
—Түнде жүрсе жарқыраған көзи бар,
—Жетиқабат жерди айырар жәниўар,
—Жүргенинде жер қалтырап кетеди,
—Жаны бардай алды-артына бурылар.

—Қарасаңшы, жылжып ғана жүреди,
—Жер қыртысын жети бөлип тиледи,
—Гүрилдейди көкиреги қысқандай,
—Бурқасынлап бурылыўды биледи.

—Жәниўар-ай жер сүриўди биледи,
—Ойдан, қырдан гүўилдейди келеди,
—Қос өгизлер қалып қойды гүнделер,
—Буның менен халық дәўран сүреди.

—Неше айлар тракторға таң қалып,
Ақырында үйренисти ел-халық,
Жамал менен Серегүлдей ерлер жүр,
Есигинде полат тулпар қаңтарып.

Шыдасып жүр исте күндиз-кешинде,
Иси болып бәрҳа атыз ишинде,
Жаңа өмирге жаңадан жер ашылып,
Халық ырза еки ердиң күшине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күндиз қуяш, түнде нурын шашып ай,
Жаздың жели қошантайдай жамырай,
Көк аспанды атлас етип жамылып,
Жасжүректен ҳаўаз шығар жалынлай.

Жасың шығар жулдызларға жалғасар,
Көк етеги айдын жерге жармасар,
Жаз күнинин жақынласып жулдызы,
Серегүлдин қалы янлы жарасар.

Жарасқандай күндизге күн, түнге ай,
Көк аспанға шырақ болған жулдыздай,
Түн ишинде тракторды тоқтатып,
Көз қараслар жүректен жай тапқандай....

Деди Жамал азырақ дем алайық,
—Жүриң онда бағ тәрепке барайық,
—Таң атыўға аз қалып тур Серегүл,
Шырт уйқыда жатырыпты халайық.

Дедидағы Серегүлге Жамалжан,
Ҳүрмет етип сүйип жүрек жанынан,
Көз шырынын алып жатты еки жас,
Баўыр басқан бир-бирине меҳрибан.

2

Хош ҳаўаздан сайрағандай жас бүлбил,
Ертек болып елден елге тарап тил,
Усы бүгин Хожелиде той болды,
Қосылысып Жамал менен Серегүл.

Халық пенен шын қутлықлап жасларды,
Ҳабый абый усы тойды басқарды,
Тракторшылардың туңғыш тойына,
Барлық жерден шақырттырды досларды.

Тойға келди, Төрткүл, Шаббаз, Қыпшақтан,
Тойға келди Шоманайдан, Мойнақтан.
Тахтакөпир, Шымбай, Қоңырат, Кегейли—
Бәри келди, бәри келди жән-жақтан.

Серегүл қыз сыңқылдайды күледи,
Күлгени сол жүрек сырын биледи,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрегинде жулдыз болып жайнаған,
Тап усы түн ядтан шықпас түн еди...!

Аспан ашық бултлар кетти булдырап,
Күн артынан күнлер өтти қулдырап,
Жамал менен Серегүлдиң изинен,
Көптен берли аңлыўда еди бай-кулак.

Бабасының келиспеген талайы,
Өмир бойы еди байдың малайы,
Тап ҳәзирги тойханасы Жамалдың,
Қанын сорған сол жаўыздың сарайы.

Халық қыздырып байға қарсы гүресин,
Жарлы алды шад турмыстан үлесин,
Жаўызлардың қатарына қосты да,
Конфиска етти бул сарайдың ийесин.

Жасырынып усы байдың баласы,
Оттай жанып жүрегиниң жарасы,
Кек алыўға қаратылып жүреги,
Серегүлде еки көздиң аласы.

«Әкем кетти өлейин, я қалайын,
Батракка менде ойран салайын»,
Деп бай улы күни-түни аңлыды,
Нешше күнлер таба алмай қолайын.

Бир күнлери Жамал кетти Төрткүлге,
Күни-түни жүрип жетти төрт күнде,
Татлы ойдың қушағында жүрди ол,
«Аман болғай Серегүлжан» деп күнде.

Жыйналыста еки күнге созылып,
Жамал келсе сегиз күнниң ишинде,
Баўыр басқан бахытлы өмир бузылып,
Бир ҳәдийсе болып қалған кешинде.

Аңлып жүрген залым байдың баласы,
Қанға тойып еки көздиң қарасы,
Түн ишинде бузып кирип айнадан,
Көрилипти өлтириўдиң шарасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Серегүлжан сәрўи талдай ийилип,
Күши жетпей көз жас төгип күйинип,
Бай баласы пышақлаған бир неше,
Серегүлжан үлгермеген кийинип.

Жан ҳәўлети жаўы менен айқасты,
Айқасқанда тула бойын қан басты,
Ақырында естен танып Серегүл,
Суўық әжел пәнжесине жармасты.

Сөтилди де қыз сийнеси жүйесиз,
(Бул аўҳалға ашынасыз, күйесиз)
Қара шашлар қызыл қанға боялып,
Дүзде жатқан яңлы болды ийесиз.

Жаўыз нийет ҳүким сүрди бастағы,
Ҳәўлирип жән-жаққа нәзер таслады,
Ийтлер үрди, ҳәмме турды орнынан,
Залым қанқор тезден қаша баслады

Бирақ оны көрип қалды халайық,
Қуўып кетти десип: «услап алайық»
Қанқор жаўыз кирип кетти тоғайға,
Суўға батқан яңлы болып аў қайық.

Бес-алты адам аңшылардай изледи,
Ҳийлекер жаў билдирместен излерди,
Бир шетинен шығып кетип тоғайдың,
Бир ат таўып Айбүйирди гөзледи.

Қалың тоғай ишиндеги жийрен ат,
Залым жаўға болған яңлы қос қанат,
Бес-алты адам айланып жүр тоғайды,
Шалғайларын, шалбарларын жыртып шат

Үзеңгиге Жамал қойып аяғын,
Тақымына қысып темир таяғын,
Мен еситип Серегүлдиң аўҳалын,
Жанып кеттим дос, туўысқан ағайин!

Деп қамшыны басты атқа Жамал да.
Жаны ашып жүрек сүйген жананға,
Жолда көрген адамлардан сорасып,
Желдей ушты бирден Үстирт таманға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таң атқанда барлық халық жыйналып,
Сүйикли қыз Серегүлге қыйланып,
Көз алдына елеслетип дийдарын,
Төмен қарап отырысты ойланып.

Жаңа шығып төрт-бес адам тоғайдан,
—Басқа жан жоқ шошқа менен торайдан,
Деп турғанда келип қалды Жамал да,
Түри-түси ыза менен қарайған.

Ашылғандай қайғы-ғамның арнасы,
Қалқып кеткен еки көздиң алмасы,
Усындайда албыраған адамға,
Тау̌ болып көринер еки жар басы.

Деди Жамал: Айланайық узақтан,
Қасқыр қаша алмайды қурған дузақтан,
Деген нен соң қуу̌ып кетти үш атлы,
Зырғып өтип, ой, дөн, сабат, қурғақтан.

Өткенинде Айбүйирдиң тусынан,
Бир жолау̌шы ушырасты тосыннан,
Аты ақсап, тап өзи де шаршаған,
Анау̌ адам түсти дөңниң басынан.

Деген менен тезден ғайрат саласаң,
Ғайрат салсаң тезден жетип барасаң,
Қорқып кеттим қабағынан қан жау̌ған,
Түри-түси өзгерипти орасан —

Деп жолау̌шы жол силтеди анықлап,
Жақсы болды жолау̌шыға болған тап,
Жәу̌лан урды жаны күйген Жамал да,
Жолдасына: Ал ериңлер! — деди, — шап!

Қустай ушты Жамал минген арғымақ,
Көкти гөзлеп, ақ төбелер жарқырап,
Араны ашты, жер танабын қуу̌ырып,
Терин төгип тула бойы жылтырап.

Қара торы қызған сайын қулдырап,
Төбешиклер қалды булттай булдырап,
Көз ушында жалғыз атлы көринди,
Баратырған қумырсқадай қыбырлап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қашқын қара таслы таўдан өтти де,
Жасырынды көринбестен кетти де,
Жамал жән-жағына турып қарады,
Қашқыншы көринген жерге жетти де.

Қашқынның аты қалған, өзи жоқ,
Таў таслақта из кесиўге изи жоқ,
Демнин арасында болды зым-зыя,
Отқа урып лаўлады ма қызыл шоқ?

Жамал жән-жағына қарап турғанда,
Ески әўлийеге нәзер бурғанда,
Гөр ишинен қорқып шықты бир даўыс,
Ериксизден түскен яңлы зинданға.

Жамал барып тартып алды жалма-жан,
Жүрегинде кек қайнады ашыўдан,
Еки жолдас келгенинше изинен,
Силейтип таслады жаўды сабаўдан.

Естен танды еки жолдас келгенше,
Билди олар сабағанын өлгенше,
Сулап жатты ессиз, түссиз сур қасқыр,
—Өлтирейин, тири гөрге киргенше.

Түрин билип Жамалдың бул сөзиниң,
Өзгергенин билип кектен өзинин,
—Сен өлтирме,—қоллан совет нызамын,
Халық күшейтсин жаўға қарсы сезимин!

Деген нен соң Жамал бирден тоқтады,
Ойласықты үшеўи бир топлады,
Уйғарылып жаўға өлим жазасы,
Халық қаҳәри жаўызларды саплады.

### ЭПИЛОГ РЕТИНДЕ

Хожелиде Ленин атлы колхозда,
Естелик бар бизиң Ўатанласларға,
Халық алғыс айтып батыр ул-қызға,
Жүрегинен орын берди досларға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жамал да бар сол естелик ишинде,
Қурбан болды Ўатандарлық урыста,
От лаўлап тур күндиз бенен кешинде,
Мәңги сәўле шашып бизиң турмысқа.

Ел ишинде Жамал менен Серегүл,
Ер исинде Жамал менен Серегүл,
Бир ана тур нәрестесин қушақлап,
Қушақлаған яңлы дәсте қызыл гүл.

Өлип кетти Серегүл ҳам Жамалым,
Сум өлимге мениң ҳеш жоқ ҳамалым,
Пүткил инсан ырза мен де ырзаман,
Егер қуртса сум өлимниң ҳамалын.

Серегүлдиң қаны аққан жеринде,
ГРЭС орнап жақты берди елине,
Ильич нуры мәңгиликке жарқырап,
Қуўат берди туўысқан халық белине!

*1976-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗ КЕТКЕН

Кең салалы, айдын ашық далалы,
Кең жаўырынлы жердиң жатқан алабы,
Кеўилди көтерип зейинди ашады,
Елпил қағып ескен майдай самалы.
Қызыл түсли, борпаң күшли топырақ,
Көринеди көзди тартып қулпырып,
Сағасынан аққан Әмиўдәрьяда,
Толқынлар толқыйды қайнап буրқырап.
Қызғынлы күш Әмиўдәрья жағасы,
Желпилдеген, гүлли көкли даласы,
Мәўиж урған Әмиўдәрья ишинен,
Кең алынған Қыз кеткенниң сағасы.
Кең даланы көлбеп ағып жазылып,
Аяқ-қолын еркин жазып созылып,
Суў менен тәмийинлеп гүллән егисти,
Гүллендирди еки бойын толтырып.
Күн батыста анаў Нөкис қаласы,
Алыс емес, жақын қала арасы.
Мийнет пенен кестеленген егистиң,
Көрсең меҳриң қандырады мазасы.
Кең қурылған жан-жағында қурылыс,
Мийнет ерлер қурылысқа салып күш,
Күн-күн санап ҳәўиж алып киятыр,
Техникалы беккемленип гүллән ис.
Жаңа қала, жаңа қурылыс Қыз кеткен,
Жаңалықтан кең қаланып күш жеткен,
Планланып, саррасланып сағасы,
Сол сағаға мийнет ерлер ис еткен,
Мийнетпенен шам-шырағы жағылған,
Беккемленип қызыл жалаў қағылған,
Қайтпас ғайрат, кәраматтай күшпенен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сағасына жаңа қала салынған,
Көрген сайын зейинин̧ди ашады,
Электрик жақты нурын шашады,
Еле берин қанат жайып өркенлеп,
Дүзелмекши, иси алға басады.
Әне радио, әне машина,
Орнатылған ҳәр дәрбенттиң басына,
Мың-мың болып шөлкемлесип мийнеткеш,
Ғайратланып ис ислеп жүр қасында,
Әне сапта шөлкемлескен бригад,
Бригадлар атланды иске болып шад,
Ҳешбир исти орынламай қоймайды,
Ҳүждан, жигер, пәтли қызғын бул айбат.
Тыңла-тыңла мийнеткешлер класым,
Қозғалайын қалемимди алайын...
Өткен күнде бул майданда не болды,
Сырын ашып жазып дәстан қылайын:

## 1

Қара думан, қан бийлеген қан дала,
Қара түнде қармаланып қан жута,
Сол думанның зардабына боялып,
Ашшы думан ҳәлсиретти қан жута,
Тентиреди мың миллион жан шабылды,
Шабылғанда қызыл қанлар ағылды,
Қанды тыйып өш алыўға кек қайнап,
Жанлар шықты, қанлар бетке жағылды.
Қан ишкишлер қансырады кемирди,
Қыздырды да басты етке темирди,
Қаҳәрленип қанлар ишип қутырып,
Балпаң басып, шошқадай болып семирди,
Қайғыланды, думан басты кеўилди,
Қақ айрылды жүрек баўры тилинди,
Меҳримсизлер таяғының дәртинен,
Мезгилсиз-ақ неше геўде көмилди.
Көлди, жерди, таўды, бағды бийледи,
«Аўызы қыйсық байдың улы сөйледи».
Зар жылатып қара думан ишинде,
Ерк бермей есигинде ийледи.
Суў да, жап та қарны жуўан байдики,
Болыс, төре, атқа минер бийдики,
Қуры жатқан егер болсаң сол жер де,
Деди олар бай ҳәм ийшан пирдики.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп залымлар сөйлеп ҳийле қолланды,
Қолланды да ислетиўге сайланды,
Отырса төбеге, турса тирсекке,
Урды—жарлы зар жылады, зарланды.
Қамшы силтеп, қызыл қанды тоздырды,
Қайғылы дәрт қайғыланды аздырды,
Қайда жарлы болса болды қуўғында,
Ықтиярсыз қазыўында қаздырды.
Ханнан буйрық мәремлерге болысқа,
—Жегиң қайда жарлы болса жумысқа,
Қарсы болса сол заматта жоқ қылың,
Өлсин — питсин мениң ушын жумыста.
«Ханнан буйрық пухараға не турыс»,
«Дүзиў» еди болсадағы надурыс.
Нансыз, үнсиз белин салып ийнине,
Қазыў ушын талап еткен бул жүрис.
Ийреңлеген узын жолда жорғалап,
Тула бойдан терлер ақты сорғалап,
Аяқларға кирип шеңгел тикенлер,
Жүрер едик жулып алып қармалап,
Азап ақырет пенен барып қазыўға,
Тағы таяқ, тағы азап қазыўда.
Ҳәррегендей шағып, мийдей жабысып,
Ҳеш босатпас еди бир дем алыўға,
Қолында таяғы аралап мурап,
Аз ғана дем алсаң урыўға қарап,
Бәрқулла бултыйып кеўлин ашпай,
Жүрди көрместен ақ кеўилди сорап.
Ҳешбир көрмей аққан маңлайдан терин,
Ҳешбир тыңламастан жүректиң шерин,
Қол-аяқты буўып қойып жатқарып,
Қолыңан келгенниң иследи бәрин.
Тилкимледи, етти таяқ қанатты,
Қазған жаптан суўдан бурын қан ақты,
Талай ерлер тура алмай талпынып,
Зар жылаған даўыс жерди жаңлатты,
Қан ағызып, қанға таяқ көседи,
Жүрген жерин қан ағызып төседи,
Мийнеткештиң муңлы, зарлы даўысы,
Таңлар атып күн шығыўын күседи.
Қозғалды, қыймыллар майдан да қызды,
Майданда талай ер қанларға жүзди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Топ,
Пулемет,
Найза,
Мылтық даўысы,
Қайғылы қаплаған бултларды бузды.
Жер бетин гүңирентип даўыслар шықты,
Күн күлип думанның пердесин жыртты,
Қатып қалған-қара теңиз музларын,
Еритип қызыл суў бийледи тықты.
Қайнады бурқырап таўлардан ағыс,
Қызды езиўшиге қарсылық шабыс,
«Жаҳан пролетарлары, бирлесиңизлер!»
Деген сүреңлерде тийкарғы даўыс.
Бул майданлар Октябрьдиң майданы,
Қара думан тордың шықты ўайраны,
Мийнеткешлер ерк алып қолына,
Жерге, суўға ийе болды, жайнады.

*1932-жыл*

## ГҮРЕСТЕ ЖЕҢДИК

### (ШАЙЫР ИЗБАСАР ФАЗЫЛОВҚА)

Ақ түйедей шөгип жатқан қалың қар,
Жаўын,
Буршақ,
Тағы музлы тайғақ бар.
Ызыңлаған аяз,
Қақаман суўық,
Жердиң бети көринеди болып тар.

Қысқы қора суўық пенен қысылып,
Қора ишинде ешки, ат, мал қысылып,
Самал менен шайқалғанда тереклер,
Тур шақасы бир-бирине ысылып.

Шөптиң шақалары шүмектей қатқан,
Аяқ көсиле алмай жартыўсыз жатқан.
Жапырақлары жансыз жердиң бетинде,
Ақ тон кийип күнге жүзин қаратқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай қараса да күнди көре алмай,
Күнди көрип еркин назда күле алмай,
Қалың булт бетин басып жасырып,
Көрсетпеди қаҳәрленип уялмай.

Сыран суўық,
Аўыл иши тым-тырыс,
Жанлы мақлуқларға кемиген ырыс,
Алабурқан,
Албыратып жер бетин,
Оған ҳеш шәрт емес бир қыйлы турмыс.

Қар менен көмилген ойлар ҳәм жылға,
Дүмпешик өскендей көтерип тулға,
Түйдекленип ушырады түтинин,
Өжиреде печьке исленген труба.

Жердиң бети қара булт бүркенген,
Қатты суўық қарсы урып өкпеңнен.
Шағаладай жатқан қарлар қарсылдап,
Етиктиң ултаны қардан жеркенген.

Самал менен жапырақлар түрилип,
Суўырылып шетке шығып сүрилип,
Тыңбай тымырсыған ашшы аязда,
Жатыр биреў бүктей болып бүркелип.

Бул жатырған Керимбайдың шопаны,
Жамылыўға жетпей жыртық шапаны,
Ҳеш себепсиз биймезгил ўақ қуўылып,
Излей-излей табалмаған қопаны.

Көзден жасы ағып жаўын жаўғандай,
Көз жасынан бети-қолын жуўғандай,
Қалтырайды,
Дирилдейди ийеги,
Дем алалмай тамағынан буўғандай.

Сызлап аўырады,
Исик тамағы,
Сол тамақты бастырыўда галабы.
Оның менен ҳеш жерине жетпейди,
Кийимнен сорғалап тамшы тамады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шағаўық жыландай ысқырып самал,
Изекеңниң арты ҳәм алды қамал,
Жетим қалып ата менен анадан,
Баспана табыўға болмай итимал.

Заман сондай еди сол бир жылларда,
Кисен салып байлар аяқ-қолларға,
Үстем болып бай патшалар масайрап,
Ҳеш ерик жоқ еди жарлы жанларға.

Мине сондай саран суўсыз көллердиң,
Түси бузық қатты суўық жерлердин,
Үстинде тентиреп табаны ширип,
Жүрген еди улы-қызы еллердиң.

Күшли болып залымлықтың минеўи,
Жарлылықтың жарымсыз боп тиреўи,
Зары-гирян болып зарлаған улдың,
Санағанда Изим еди биреўи.

Өткерсең көзиңе сол ўақтың дүзин,
Ҳешким табалмаған албырап изин,
Турмыстың ашшысын сорып туўлаған,
Баслайды тарийхын усылай Изим.

## Биринши бөлим

Мине, сондай,
Аяз күн суўық,
Даўыл,
Тек дүрлеп ушады ыққа қырғаўыл,
Отынлы тоғайға қонған бир елат,
Бул елат лақабы еди «Бай аўыл».

Елдиң күн шығысы қалың, дүт тоғай,
Күн батары ашық, мал жайыў оңай,
Арқа, қубла бети шын ҳасыл жерлер,
Дийқаншылық исин етпеге қолай.

Аўылда алты бий, биреўи болыс,
Не етсе де ислериниң «бәри дурыс»,
Елди бийлеп,
Ерди иске жумсаған,
Сонлықтан да түскен жақсы жерге қоныс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳийле етип өзлеринше «күш» тапқан,
Ҳәм «күшти» қолланыў исине шаққан,
Урып,
Женшип,
Мийнеткешти қысқаннан,
Сол анаў Көк өзек ҳарылдап аққан.

Елди алдап, арбаў исин қыздырған,
Қан аралас сол өзекти қаздырған,
Қазбағанның хожалығын қыйратып,
Тентиретип барлық жанын тоздырған.

Сағасын шығарып «Қатты ағар»дан,
Узақ қазыў елдиң көзи ағарған,
Аяқ бетин созбақ болып Барлықбай,
Шығармақшы болған теңиз Аралдан.

Елди титиркетип залымлық ууы,
Уўдың көтерилип ашшылық пууы,
«Барлықбайдың жери ушын мийнет қыл»,
Деди оған аққан «алланың» суўы.

Мине, бунық бәри Барлықбай ушын,
Қорыққанынан салған мийнеткеш күшин,
«Жаптан суўлар ақса, сизлерге пайда», —
Деп алдап мол көрген рәҳәт исин.

Сөйтип алдап өз өзегин болдырды,
Ҳәрбир ҳасыл жерге үйин қондырды,
Жазда дийқаншылық,
Ғаллесин жыйнап,
Телегин толтырды,
Меҳрин қандырды!

Енди болыс кетти ҳәддинен асып,
Жапта «суў»ы ақты бурқылдап, тасып,
Қол көтерсе қамшысы шырпылдап,
Тийген жерин көгертеди тик осып.

Маллары жайлаған,
Отлақлы атаў,
Қатара тигилген он еки отаў,
Нөкери қасында,
Мылтықлары саз,
Деп ойлайды «қарсы келмес ҳешбир жаў»,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болыс ертип нөкерлерин қасына,
Залымлықтың уўын жайып басына,
Тазы итин ертип бәри атланып,
Аңға шықты жаў-жарағын асына.

Топарласып,
Топарланып, жолланып,
Астында
Мәс,
Шапқыр атлар доланып,
Ортасында Барлықбайы болысы,
«Келистирип басшылығын» қолланып.

Жолға түсти, шаңлар шықты бурқылдап,
Аўсын ашса, уўлы тиси жалтылдап,
Суўлық шайнап,
Басын тартып оқыранып,
Атлары да туралмайды қалтылдап.

Шабысты, бир-еки төбеден асты,
Барлығы мылтығын тақымға басты,
Жолдың күн батысы
Шөплик ишинен,
Бир қоян ҳаўлығып, ытқыды, қашты.

Ҳәўлирип қусшының жүреги тасты,
Атына шаққанлап қамшы басты,
Жан-жағына жуўырғанда тазылар,
Не қыларын билмей қоян да састы.

Қара тазы қуўып жетип тиследи,
Нуқып-нуқып жерге басты күшледи.
Биреў аттан түсип, сойып қоянды,
«Ал жигитлер, тағы жолға түс!»—деди.

Қусшы қалтасына қоянды тығып,
Тағы да айланып жол бетке шығып,
Жүрди алға қарай бәри де бирден,
Тазылар киятыр қарап ынтығып.

Көз ушында бираз ҳаял көринди,
Бийлер қарап, билеклерин түринди,
—Алдымыздан ол ҳаяллар өтпесин,
Шабың атты, көрсетиңлер көримди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки жигит бирден шапты ат қойды,
Бийиктен секиртип, атлатып ойды,
«Ҳа» дегенше ҳаяллларға барды да,
Биреўин таяқтан сулатты қойды.

—Өйбей, бул не?
Булар зорлық қыла ма?
«Не екенин, ахмақ сизлер сорама!
Әне, анаў:
Болыс, бийлер, киятыр,
Уялмай алдынан өтиў бола ма?

—Шырағым-аў!
Әўел айтсаң не қылды?
Әне, сулаттың ғой «ғарип» соқырды,
—Қайт кейинге,
Барлығың да сөйлемен,—
Деп екеўи еки жақтан топылды.

—Ат туяғы сүйегиңди езеди,
Деп мылтығын қолға алып гезеди,
Тумлы-тусқа қорқып қашты ҳаяллар,
Жатқан «ғарип» азырақ сөз сезеди.

—Тур,—деп тағы урды қамшысы менен,
Қан ақты көздеги тамшысы менен,
Белинен байлады, сүйреп таслады,
Жолдан шығарды да шаршысы менен.

Болыс, бийлер келди ашыўлы жетип,
—Бул ким екен кетпек алдынан өтип,
Аўылына ҳәзир салғырт салынсын,
Өзин ийтке талат, сүйегин сөтип.

Барлықбай буйырды жигитлер урды,
Ол «ғарип» орнынан ериксиз турды,
Бет алдынан дыр қамышы тийгенде,
Жаны шықты,
Жатып мойнын бир бурды.

—Жүр жигитлер,
Шаққан мининлер атқа!
Барайық усылар турған елатқа,
Елдиң болыс-бийин сыйламағанды,
Салғырт салыў ушын жазайық, хатқа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шабысты,
    Шаңғытып барды аўылға,
Уллы ўайран кирди тыныш аўылға,
—Болыс,
    Бийлер келди ашыўлы түси,
Деген сөз жайылды мешит-қаўымға.

Қорыққан халық шықты алдынан бирге,
Қорқып қалтырасып, шомылып терге,
Төсеп жүр кийизин ҳәм ғалысын төрге.

Қол шошайтып зәңгисине тиренип,
Муртын таўлап, ат үстинде ширенип,
Көзлерин алартып, Барлықбай болыс,
Турыпты жүзине жаман түр енип.

—Буйыраман сизге улыўма халық,
Бир нашар өлипти далада қалып,
Сол нашардың дүзде өлгени ушын.
Сизлерге саламан он мың сом салық.

Бузылып халықтың түрлери қашты,
Аўыр түсте бир-бирине қарасты,
Аң-таң қалып,
    Көзлер алды туманлы,
Мийлер зеңип, аўыр ойлы зил басты.

—Тапсырған буйрықты бәржай етиңлер,
Ҳәзир үндеместен тарқап кетиңлер,
Он мың сомның биреўин де қалдырмай,
Азанда ақша алып маған жетиңлер.

—Ҳешбир сөз шықпасын аўыздан, жайдан,
Жазаға тартылар халыққа сөз жайған,
Буйрық өз ўақтында бәржай болмаса,
Барлығыңыз бирден боласыз ўайран.

Деп Барлықбай атқа қамшы урды,
Көк жүрмелде жолға мойынын бурды.
Көринбей узақлап кеткенше олар,
Барлық халық қарап қозғалмай турды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Екинши бөлим

### 1

Қыйналып желкесин қасыды Қулым,
—Не қыламан енди, жоқ еди пулым,
Бизлерге бул пулды төлеттиреди,
Қаяқтан табаман салғырттың пулын.

Жалғыз Қулым емес, көп еди жарлы,
Дымнан үнеми жоқ, қайғылы, зарлы,
Барлығы ойланды.
Оған да қыйын,
Ой үстинен ойлар туўды мын санлы.
Ашылды,
Жыртылды жараның жүйи,
Жығылғандай болды жарлының үйи.
—Болыстың буйрығын тез орынлайық,
Деп қызып сөйледи аўылдың бийи.

Ашшы ҳәм душшының дәмин татыңлар:
Бар ләззетти «алла» алдына тартыңлар,
Мал, затларын базарларға шығарып,
Алғанына қалдырмастан сатыңлар! —

Деген сөзди барлық халық тыңлады,
Күйдирди жүректи, жулып тырнады,
Пулды салып аўылдағы жарлыға,
Өндириўге
Қатты буйрық тынбады.

Жыртқандай боп жыртық шапан қурағын,
Ешкисиниң беккем услар қулағын,
Гүллән жарлы жалғыз малдан айрылып,
Тағы берди ешкисиниң ылағын.

Ой артынан ойлар туўып жөнеди,
Он мың сомды ылғый жарлы төледи,
Аўылдың бийлери аман-саў қалып,
Пулды алып Барлықбай да жөнелди.

### 2

Қула дүзде,
Тоғайлықта тентиреп,
Қалш-қалш етип тула бойы титиреп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрип-жүрип тоғайлыққа қулаған,
Изим еди,
Сести шықты еңиреп.

Көзлери жаўдырап қарап тум-тусқа,
Көзинен өткерип аўырлық қысын,
Еки күннен берли тамақ ишпеген,
Дейди ызаланып, өзгерген түсим.

Шаңғытып,
Қуўарған,
Өзгерген түси.
Дейди:
«Мендей емес шығар ҳеш киси»
Ийелеп тоғайдың түбир-тамырын,
Буған дуўшар қылған жетимлик иси.

Ойылған үңирейип көздиң қабағы,
Қолға илинип жыртық кийим сабағы,
Кирге батқан шашы, тырнақ батқысыз,
Уқсаған батпақта қалған жабағы.

Көз салып тоғайдың бийик, ойына,
Көз жиберип атыз-арық сайына,
Ақырынлап жер таянып түргелди,
Қалтырақлап күшин жыйнап бойына.

Қол таянды, тисин қатты қайрады,
Бой көтерди жығырданы қайнады,
Тоғайлықта жийекленип көринген,
Бултты көрди еки көзи жайнады.

—Растан-ақ тоғайлықта қалдым ба?
Усындай-ақ қыйын ислер қылдым ба?
Өз күшимди өз исиме жумсайын,
Уқыпсыз ҳәм мен ҳүждансыз болдым ба?

Бундай иске жол бермейин жығылмай,
Жазыл өкпем жүрегиме тығылмай,
Жол табайын адым атып изленип,
Жараспайды тентиреген қаңғымай



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўатланып жан-жағыма қарайын,
Жақынлайын аўыл бетке барайын,
Ел ишинен ерлик исин ислеўши,
Туўысқандай аға-ини табайын.

Деп умтылып адым атып жүргенде,
Бир созылған ашық жолға киргенде,
Тазы ийтлер жан-жағынан қамады...
Жаңа ғана бир төбеге мингенде.

Ийтлер үрди, тиси ыржыйып ҳәўилдеп,
Изим турды жүреклери шәўкилдеп,
Жыртық кийимли адам көрсе ийтлер жаў,
Тик шаншылып желке жүни желкилдеп.

Ақырынлап адым атып усақлап,
Зорға қалды бир теректи қушақлап,
Бәри бирден умтылғанда Изимге,
Еки ийтти бирден урды қосақлап.

Ўаңқылдады сынды бир ийт аяғы,
Изимниң де қолдан түсти таяғы,
Терекке өрмелеп қарап болғанша,
Атлы адамға толды ояқ-буяғы.

—Тез түс,
Тыпырламай минген теректен,
Тез түспесен айрыласаң тиректен,
Аяғыңды урыў менен сындырып,
Қаратаман күпә-күндиз түнектен. —

Деди де түсирип Изимди алды,
Көз алартып жағасына қол салды,
Қулаш керип,
Шаппат пенен урғанда,
Изим қулап,
Жерге жалп ете қалды.

Орнынан түргелип,
Тағы жығылды,
Орпаң топыраққа басы тығылды.
Ат үстинде турып Барлықбай болыс,
—Жоқ қылыңлар, өледи ийтим қырылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуйип,
Писип,
Ийти ушын шыртылдап,
«Ур қамшы,
Даўысы шықсын шырқырап»,
Деген бийдиң орынлаўға әмирин,
Урғанда сес берди қамшы шырпылдап.

Шала жансар қуры геўдени таслады,
Барластырыў исин дәрҳал нусқады,
Барластырды.
Ийтти биреў алға алып,
Аң аўлаўға ғағы жолын баслады.

Адам улын көрип ийттен де жаман,
Деди «ийтим қалсын өлиўден аман»
Қанға жерик, меҳрими жоқ Барлықбай,
Ат шаўып баратыр тоғайға таман.

Топарланып меҳримсизлер аң аўлап,
Аңға қоса адамзатты бирге аўлап.
Ийтине талатып,
Атқа қақтырып,
Кетти жарлыны пишендей баўлап.

3

Көп ўақ өтти,
Изим басын көтерди,
Көтерди де жүдә аўыр жөтелди,
Көзден жасы ағып,
Кеўли бузылып,
Шеше алмады, қалай қарай кетерди.

—Түсим қашан келер екен келеге,
Әлле қандай тағы бир қас келе ме,
Не болса да қозғалайын, жүрейин,
Шатыларман жата берсем бәлеге.

Дем алып отырып тағы да жүрип,
Жан-жақты тыңлайды қулағын түрип,
Шаўқым шықса шаңқылдасып алыстан,
Бойын жасырады, аңлыйды турып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрди, және,
Жақынлады аўылға,
—Маған жақын адам болғай аўылда,
Тилегим,
Тағыда ушырамағайман,
Тамшыдан қашып жүрип үлкен жаўынға.

Ойланады шеше алмай турады,
Ой тамыры күш тамырын қырады,
Жүреги елжиреп,
Қашып димары,.
Мийи зеңип,
Басы айналды, қулады.

Аўдарылып кеткендей боп ай дала,
Қарай алмай жан-жағына айнала,
Жер қушақлап,
Бармақлары жер тиреп,
Жатты қалды,
Дүзде
Жипсиз байлапа.

Көкте,
Булт та
Үйип қарап қабағын,
Жүргендей жылысты айтпай турағын,
Сөйлеўге ҳеш келмей тили Изимниң,
Жығылғанға бул да болып жудырық,
Жаўын жаўды,
Жерди жуўып сиркиреп.

Сел-сел болды,
Суўлар ақты жырадан,
Мал байланды, тамға алынып қорадан,
Изим жатыр димары жоқ жаўында,
Адамдай боп тамбасынан қулаған.

Қоян, түлки инге кирип керилип,
Тез табысып бир-бирине көринип,
Қыймылдаўға,
Қыбырлаўға жоқ дәрман,
Қалды Изимнин жарты жағы көмилип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўыл иши,
Ҳәр кисиде бир талап,
Биреўлер жүр отын шаўып балталап,
Ылашығын ызғырықтан сақлаўға,
Тилеген киятыр отын арқалап.

Көп отынды арқасына жайлаған,
Беккем етип тырмыш алып байлаған,
Еплеп ғана,
Емпең басып киятыр,
Қеўилде көп ҳәрбир исти ойлаған.
—Отырайын,
Азырақ дем алайын,
Аўырады арқам неге, қарайын, —
Деп тағы бир—еки адым атқанда,
Көрди Изимди —
—Жаны бар ма билейин.

Тез барды да қарайқалды үңилип,
Қайғыланды,
Түси суўып бузылып,
—Япырмай-аў,
Бул не аўҳал,
Бул не ис?
Буған кимлер қарар екен қызығып?—

Деп зарланып бетин түрип қарады,
Белбеў менен басын таңып орады.
Ақырынлап тыңлап көрип жүрегин,
—Жаның бар ма? —
Аянышта сорады.

Мойнына салып әсте билегин,
Тағы әстен услап көрди жүрегин,
Билди жаны бар екенин анықлап,
Деди «анық орынлайын тилегин».

Отынын таслады, Изимди алды,
Ақырын арқалап ийнине салды,
Қула дүзде қулап қалған жетимди,
Арқалап үйине жетип те қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төселген төр,
Ғалы гилем малынып,
Шашақлары жер бетине салынып,
Алда табақ,
Иши толы майлы ет
Отырыпты баз ўақта бир алынып.

Табақта май,
Ет үстинен жорғалап,
Қолдан ағып дастурханға сорғалап,
Етти асап сөйлеп отыр барлығы,
Базда даўыс шығып деген «сорпалат».

Қанат қақса қуйрық пәри етип дүр,
Туғырға қонып отыр қуслар берип түр,
Жеп болған соң сүйеклерин таслар деп,
Ийт, тазылар үй алдында аңлып жүр.

Бийлерге көп жигит хызмет етип түр,
Гезек-гезек сорпа изинен жетип тур,
—Үлесейик қайнағалар сарқытын, —
Деп келинлер үлкен үйде күтип тур.

Кемпир-ғарры келинлерди ғажайды,
Дейди «жоқ сарқыты, сорпа азайды».
Әсиресе ул туўмаған Улмекен,
Сарқытты жеп сөйлеп тили узайды.

Тамақ тойды,
Болыс, бийлер ҳәз етти,
Тис шуқланды,
Ҳәр тәрепке көз кетти.
Болыс сөйлегенде, бийлер кеўилли,
Барлықбайға тегис қаратты бетти.

—Тезден жыйнаң усыманға халықты,
Өндиремиз мойнындағы салықты,
Жормалыңды жөнле қолға қалем ал,
Деп көтерип қойды Әбдихалықты.

Жолбарыстай шығарды даўысын қатты,
Ҳәртәрепке атқосшылар ат шапты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўылларды қоймай тинтип аралап,
Жарпын үйден,
Жарпын қорадан тапты.

Барлық халық исти аўыр ойланды,
«Бир бәле болар» деп бүлди, қыйналды
«Қайтарыўға болмас болыс буйрығын»,
Деди халық айтқан жерге жыйналды.

Жыйналған халық жан-жағына қарайды,
Бир-биринен не екенин сорайды,
Шыққан сес жоқ,
Суў сепкендей тым-тырыс,
Сыбыр-сыбыр,
Жыйнақ қашан тарайды.

Турыпты халық бекиткендей жолларын,
Тәжим етип айқастырып қолларын,
Бир ўақытта дийўан дәрреў оқыды,
Қағазға жазылған узын жормалын.

Еситилди бирден Байназар улы,
—Кел деди Барлықбай сен гәззап уры,
Неге салғыртыңды төлемей жүрсең?
Сондай-ақ көп емес өгиздиң қуны.

—Жоқ, шырағым, өгиз түўе ылағым,
Мәкансызбан тағы да жоқ турағым,
Егер де бул иске инанбасаңыз,
Көз салыңыз, көриң кийим қурағын,

—Не қарсылық,
Кимге арқа сүйейсең?
Азап көрип отқа аяқ тирейсен,
Қалмуратқа дийқан етип беремен,
Бир жыл ислеп салық пулын төлейсең.

Мийден өтти,
Меңиреў қылды ашшы сөз,
Өзгерилди алақандай болып көз,
—Бүгин барып атызыңда ислейсең,
Ислемесең,
Таяр кепин,
Әне бөз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екиншиден шақырылды Хожанияз,
—Сен ахмақсаң,
Кимге етип жүрсең наз?
Мойныңдағы салығыңды төлейсең,
Тез қыймылда,
Шығар ақша,
Мәўлет аз.

Үшиншиде шақырылды Әлимбет,
Барлықбайға қарай алмай бетпе-бет,
—Неге жүрсең түтин пулын төлемей,
Қум қабасаң аяўсыздан сен өжет.

Төртиншиден шақырылды Узақбай,
—Неге турсаң жақынламай узақлай,
Мине, бүгин төле жердиң салығын,
Төлемесең өлтиремен азаплай.

Бесиншиден шақырылды Сереке,
—Неге жүрсең, бердиң бе той-мереке?
Деп болыслар ғарқылдасып күлисти,
Жарлыларды етип күлки келеке.

Жан-жағынан қысты орын тарлығы,
Орынланды болыс, бийлер жарлығы,
(Оқыўшылар өзлериңе белгили),
Гүўенленди жипсиз журттың барлығы.

Гүўенленди,
Буны кимлер көреди?
Гүўенледи,
Мийнетлерин көреди,
Болыс,
Бийлер айтқанларын ислетип,
Гилең жарлы салғыртларын төледи.

Сол ўақытта заман байдың заманы,
Сол ўақытта «жарлы адам жаманы»,
Азап,
Ақырет,
Күни-түни жумыста,
Жарық-жарық болған жарлы табаны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шарлады пәкисин байдың қайрағы,
Байға пайда пискен сүттиң қаймағы,
Ала сапыран аўыл иши әрманлы,
Қыйланды халық, турмыс түрин ойланды.

6

Кешки суўық,
Аққан суўлар нық қатты,
Суўық самал ести,
Әне, күн батты,
Жарым-жарты төсеклерин төсесип,
Ғарры, бала-шаға уйқлаўға жатты.

Түн қараңғы,
Маңлайға урса белгисиз,
Тастай түнек
Түнде адам жүргисиз,
Әсиресе усы түнде тоғайға,
Қорқынышлы ҳешбир адам киргисиз.

Жарлы жатыр ылашықта бүрисип,
Асты қатты,
Тула бойы сиресип,
Ақ отаўдан ушқынлы от жарқылдап,
Бир топар жигитлер отыр күлисип.

Бул отырған Барлықбайдың иниси,
Қасындағы досларының бириси,
Усы бүгин бир ҳайўанлық қылмақшы,
Билинип тур соған көздин тириси.

Тилеўмурат қыз шешесин оятты,
Деди, «Мынаў қызың билмес уятты».
Қонақ еди Барлықбайдың иниси,
Тек ешейин танысыўды соратты.

Билиң сизлер жақсы ҳүрмет, ләззетти,
Қызыңа оғада кеўили кетти,
«Егерде сол қызды алсам әрмансыз,
Аяўсыз етер ем—дейди—хызметти».

Мырза жигит киси жанын алмайды,
Ол мәрт жигит ҳешбир зорлық қылмайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизлер таныса ғой десек, Турдыгүл,
Уялмайды, айтқан исти қылмайды.

Ис келиссе салғырттан да босайсыз,
Оннан кейин уллы адамға усайсыз.
Сөйтип жүрип қуда болса Барлықбай,
Қалың малды топлап, жайып, тусайсыз.

Ашыўланып көрсетпесин билегин,
Ол ҳәзир қандырсын сораў тилегин.
Егерде айтқаны болмаса оның,
Сындырады шертегиңниң тирегин.

Еки бастан төлейтуғын салық бар,
(Зарлап жүрген бирнеше мың халық бар)
Алдастырып жиберейик инисин,
Сен болмайсаң оннан кейин миннетдар.

Не қыларын билмей кемпир қыйналды,
Турдыгүл де билип жатты ойқанды,
Барлық исти көз алдына келтирип,
Ериксиз жылады,
Аўыл қыйналды.

—Шырағым ол еле киши бала-ғой,
—Бала емес, көзи қызыл бәле ғой, —
Деп сөйлеген Тилеўмурат сөзинен,
Қорқып кемпир: «—Кызым», — деди,—
бала-ғой».

Не ислеўдиң табалмады илажын,
—Жоқ шырағым, қолдан келер илажым.
Ақ сүт берген әдиўли қызым Турдыгүл!
Не қылайын сениң де жоқ илажың...

Жатқан сайын аўырланып қара ой,
—Тәўекел ет, түргел қызым, көтер бой,
Мынаў ағаң,
Анаў жеңгең сеники!
Ҳеш гәп болмас, бирге ерип бара ғой.

—Апа кешир, анық сөзим, бармайман!
—Сөйлеме қыз, айтқаныңды қылмайман, —
Деди Тилеўмурат турды орнынан,
—Жан алсаң да орынымнан турмайман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәрреў қызды Тилеўмурат турғызды,
Желкесине урды, бетин бурғызды.
Сонша өжетленип тилди алмайсаң,
Ҳеш ўақта көрмедим сендей өр қызды.

—Түс алдыма, қызыл жүзиң қуўармай,
Қандай адам баласысаң тил алмай!
Деди, Турдыгүлди үйден шығарды,
Жыласа да дымнан сесин шығармай.

Урып, түйип ҳайўаншылық ис қылып,
Адамшылық маўасаны пуш қылып,
Алып кетти Турдыгүлди жылатып,
Муш көрсетип,
Түсин бузып, күш қылып.

Киргизди, түңлигин жапты отаўдың,
Қулыпланды шынжыры да матаўдың.
Көзин тигип қарағанда Турдыгүл,
Көргенде усатты түсин мақаўдың.

—Келиң,
Қарындасым, ҳасла уялма,
Кеўилди жиберме аўыр қыялға,
Сөйлесейик гүрриңлесип еки жас,
Ҳеш мәни жоқ қаўпеки бос қыялда.

Ҳәрбир сөздиң шийрин шекер мәни бар,
Жақсы жердиң суў балығы кәни бар,
Жас мәҳәлде қыз-жигиттиң күлисип,
Ойын тойда жүргениниң сәни бар.

Деген екен бурын ата-бабалар,
«Қаршыға қус аңды көрсе талпынар» —
Мырза жигит достан сырын жасырмас,
Дегенлик бар,
Болдым саған қарийдар.

—Рас оның, достан сырын жасырмас,
Бирақ дос болмаса келип бас урмас,
Тағылмаса жақсыланып пердеси,
Шертсең дуўтар намаңызға қосылмас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Етикши услайды қолына бизди,
Муқиятлап олар шеберлик дүзди,
Етик тигип кәмалына келтирип,
Оннан соң көбейтер таратып изди.

—«Айдын көлдиң балығы ақ болады,
Қопалықтың балығы көк болады.
Енди гәпти созбаңыз, сөйлемеңиз,
Сендей қыз нәзеримде жоқ болады».

Мырза жигит былжыратып сөзлерин,
Қабақ ашты,
Адырайтты көзлерин,
—Сандырақлап саған қарап турмайман,
Басқалардың келер еди өзлери.

—Ашыўланбаң бий орында мәрт жигит,
Қолың қалтыраса, жулынбас түбит,
Омырылып жаман шойын сынса да,
Полат сынбас ҳеш ўақытта етип гүрт.

Жигит қызды,
Түпириги шашылды,
Гүңгиртленип отта өшти, басылды.
Үйренген ис, сиңген әдет қала ма,
Уялмай-ақ Турдыгүлге асылды...

Дегиш алып,
Жағыс қулап жарланып,
Дүмше қайнап, суў төгилип парланып,
Ҳақ инанып Тилеўмурат сөзине,
Жатыр кемпир бийқабар боп алданып.

Әне болыс елди езип шаўып жүр,
Мине қасқыр жас қозыны қаўып жүр,
Үй дәскени салғыртына төлеген,
Ылғый жарлы мәкансыздан аўып жүр.

## Үшинши бөлим

### 1

Қылышын сүйреген қалың қыс өтти,
Ериди муз, күнниң аязы кетти,
Көк көгерип, жердиң бети қулпырып,
Жадырап жайнаған жыллы жаз жетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көк жамылды жери өзгертти бетти,
Дийқанлар ғалаба жумысын етти,
Шығыр қосып, арба айдап, жер сүрип,
Қос қосылды пазна жер бетин сөтти.

Қыстың қалың кийген тоны тасланды,
Ҳәмме жерде жазғы жумыс басланды,
Бар ҳайўанлар жаз жайлаўға алынып,
Ҳәрре үймелеп, қысқы қыслаў бос қалды.

Аўқатлы үй ғалле алды ура ашып,
Жақсыланды болмай дейдинен қашық,
Сонша аўыл жаз жайлаўға шықса да,
Қысқы орында қалды жалғыз ылашық.

Бул ылашық еди Тилеген үйи,
Тозып тарқатылған гөнерген шийи,
Қыс самалы ағашларын қыйсайтып,
Бирнеше тигилген түңликтиң жүйи.

Тилегеннин жатыр шешеси кесел,
Төсегине жасы ағып болып сел,
Қыстың күни суўық урып аяғын,
Дейди, «балам, болдым аяқтан мешел».

Кемпирдиң тирилей қалыўы қаўип,
Жатыр көзин жумып бетин де жаўып.
Қолындағы барын алып излесе,
«Пулың аз»
Деп буған келмейди тәўип.

Изим, Тилеген де дүзге шығалмай,
Дүзге шығып, қолын иске суғалмай,
Отырыпты аўрыўды гүзетип,
Дейди ойласып кетемиз бе оңалмай.

Аўқаты да,
Тағы да жоқ ғаллеси,
Билинип көзиниң әлле-пәллеси,
Аяғынан ҳақықыйқатлап илгендей,
Турмыстың аўырлық қыйын ҳәммеси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кийими жоқ,
Усти-басы жалаңаш,
Жейин десе тамағы жоқ қарны аш,
Ылашықтың сол жағына илинген,
Босап қалған дәннеме жоқ уш шанаш.

Жайнағанкөз жан-жағына қарайды,
—Көрип едим неше қыйын талайды.
Қашан қоллар еркин ислеп жумысын,
Мийнеттиң мийўасын толық қурайды.

Аўыр-аўыр қыйынлықты ойланып,
Қарай берип жан-жағына айналып,
Ыза жеген кеўил менен Изимге,
—Отырмайық: — деди бирден ойланып.

—Я сен бар жумысқа,
—Я мен барайын,
Изленейин, ҳәркимнен ис сорайын,
Ҳешнәрсе шықпайды қарап турғаннан,
Бас ғам ушын бир талапты қылайын.

—Жоқ, сен отыр, мен түсейин сол жолға,
Күшимди жыйнайын беккемлеп қолға,
Егер бундай болмағанда соңында,
Тарығамыз қарежетке ҳәм пулға.

—Заман аўыр, жыл қайғылы балаларым,
Қыйынлық жайлады елдиң ҳалларын,
Абайлап әйтеўир сермеңиз қолды,
Аман болсын тәнде шийрин жанларың!

2

Бурқып шаңы шыққан ҳасыл бозлақ жер,
Булманға жыйналған иске батыр ер,
Ис те қыйын,
Күн де ыссы,
Сонлықтан:
Тәннен ыршып шығып ағып қара тер.

Узыннан созылған аққан бир салма,
Салмадан суў алыў қыйын ҳәр жанға,
Өйткени: сол суўды арқалап тасып,
Апарыў дым керек салынған тамға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мешит салыў иси қызғын басланған,
Соңлықтан да күшли ерлер усланған,
Ҳәр топарға бир адамнан бекилип,
«Басшылығын» көрсетип тур дусмалдан.

Изим де күнликши болып бир байға,
Ис ислеўге келди тап усы жайға,
Аламанға қарап аўыр гүрсинип,
—Бәлки өлер, деди адам булманда.

Ислеп жүр қырық адам жалғыз ылайда,
Мине қандек толған қойыў ылайға,
—Болың, ғайрат етиң ылғый «шошқалар!»,
Дейди бул мийнетиң ушын қудайға...

Елли адам қалип алып қолына,
Гербиш қуйып оңына ҳәм солына,
—Тезден болың, тез қыймылдаң «Доңызлар!»
Дейди—ислеҥ сизлер «алла» жолына.

Жетпис адам бирден гербишлер тасып,
Қорқып жасаўылдан аяғын басып,
Егер жолда еки минут иркилсе,
Арқаға тийеди қамшысы осып.

Отыз адам дүң ҳәм қабақ арқалап,
Сўўды тасып әкелселер орталап,
Шырпылдаған шыбық етке тийеди,
Тәнди жыртып қан ағады сорғалап.

Турыпты жүз адам гербишин атып,
Қолы қанап мийнет азабын татып,
Баз биреўдиң гербиш түсип басына,
Сестин шығарады зар жылап жатып.

Елли адам бирден ылай басып жүр,
Изим де көппенен гербиш тасып жүр,
Жасаўылдың адырайған көзинен,
Қорқып, албырақлап адым басып жүр.

Қораларға толы қозы жанлықлар,
Баўырсаққа толып арша сандықлар,
Барлық затты аўыл,
Елат жыйнаған,
Болыслар айтқансоң «бериң сыйлықлар»,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул салынып атырған мешит, медиресе.
Сонлықтан да таяр, ийшан не десе,
Болыс, бий еллерге салғыртты салған,
Бурынғыға қосып тағы он есе.

Буйрық болды қандай илаж қылады,
Тентиреклеп зорға турып жылады,
Жоқарыдан төмен қарап түскенде,
Тайды аяғы жумаланып қулады.

Жумаланды гербиш ойға жол тартты,
Көрген халық қарап ишин бир тартты,
Бети жараланып иштен ағып қан,
Геўдеси Изимниң өликтей жатты.

Жуўырды халық бир-бирине асыла,
Иши ашып, қолын салып басына,
Қараўыл халықты қайтарып кейин,
Апармады ҳеш адамды қасына.

—Не бар?
Кейин қайтын!
Қалман жумыстан!
Туўысқандай жуўырысасыз тум-тустан,,
Өлсе өлимтиги далада қалсын.
Жығылған ол өзи,
Жықтық па қастан,—

Деп жасаўыл халықларды қайтарды,
(Билмейди залымлар дурысын айтарды)
Қамшыға шыдай алмай албырап,
Барлық халық кейин қарап бултарды.

Усындай көп адам дөңнен қулаған,
Усындай көп адам дэрттен сулаған,
Адым жерге қайғы менен ынырсып,
Гүўлеген даўыс бар еңиреп жылаған.

Ерте турып қыймылдайды аламан,
Ишкен асы бойға сиңбей қара қан,
Жасаўыл жуўырып қамшы урса,
Болыс дейди: «жанларыңды аламан».

www.ziyouz.com kutubxonasi

Молласы шақырып тынбай азаннан,
Ийшан халыққа көрсетеди азабын.
Дийўаны салғыртқа жормалын жөнлеп,
Қазысы халыққа тикти ғазабын.

Күн батты,
Булт басты,
Жер бети гүңгирт,
Қап-қараңғы болды,
Жабылды ымырт,
Гүңкилдеген даўыс мешиттиң қасы,
Басқа жерде сес жоқ, болдылар жым жырт.

Бир-еки адам жаны ашып қосылып,
Ой-ой менен жасырынып қысылып,
Алыў ушын жығылғанды турғызып,
Киятыр дыбыссыз қорқып қысынып.

Ҳешкимге де көрсетпе бет-жүзиңди,
Деди келди, түргелдирди Изимди,
—Ийиниме асыл, түргел әстен шырағым,
Жасаўыл көрмесин басқан изиңди.

Булар залым, хабар алмас өлиңнен,
Сен қутылдың енди иним өлимнен,
Егерде айналып келсең бул маңға,
Айрыласаң берк болсаң да белиңнен.

Не қылсаң да мийнетиңди көрмейди,
Қан ишиўге қумар,
Ҳалын билмейди,
Еки ай жүрген ҳақымызды сорасақ:
«Жоқ бол, доңыз»
Дейди, тыйын бермейди.

Жүре алар болсаң жолыңнан қалма,
Өлсең де кейниңе айналып барма,
Ақыры шыдамай бизлерде қаштық,
Ҳақы аламан деп сирә сөз салма.

Ал кеттик,
Хош иним, умытпа бизди,
Тыңла ақылың болса биз айтқан сөзди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине усы азапларға шыдамай,
Үйлер қалды,
Еки ағаң ел гезди.

Хошласты,
Қол қысты,
Жолға бет бурды,

Жылады,
Шаппатлап жүрекке урды,
Изим ыңыранған қайғылы-зарлы,
Не қыларын билмей қайғыда турды.

Еки ай жумыс қылып тапқан пулы жоқ,
Көринди көзине өлсе қуны жоқ,
Көрингендей болды алды байлаўлы,
Усап бийик таўға ҳешбир қыры жоқ.

Түн даўамы қоршалады жан-жағын,
Шығаралмай иштен дәрт пенен дағын,
Қула дүзде жетим болған қозыдай,
Жалғыз қалды қармаланып жан-жағын.

Тилеген ашыўлы,
Мушы түйиўли,
Маңлайы жыйырылып қабақ үйиўли,
Тез-тез шығып ылашықтың алдына,
Қарайды шыдамай иши күйиктен.

Қулаған хожалық,
Шашылған, бүлген,
Турмыстың татлары жүректи тилген,
Жығылғанға бул да болып жудырық,
Айрылдым анамнан «мезгилсиз» өлген.

Қатты нәлет айтып заман түрине,
—Қалай түстим ағын суўдың өрине,
Дәртим күшли,
Дәрманым жоқ,
Анамды
Қалай апараман енди гөрине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өлик шыдамайды, жүдә күн ыссы,
Қыйналдырды қыйнап жан-жақтан қысты,
Мысалы үйшилер искенжесиндей,
Турмыстың толқыны туўлады қысты.

Қарады,
Көз талды
Ҳешбир көмек жоқ,
Кеўил айтыў түўе биреў келмек жоқ,
Аўыл алыс, жоқ ағайын хабары,
Сонлықтан да «жайғасты ма» демек жоқ.

Күн де батты,
Келди Изим ызалы,
Көрди өлини тағы қосты ызаны,
— Мине, иним, анадан да айрылдық,
Биз ушын қазылған турмыс қозағы.

Ата,
Аға,
Иним,
Тағы,
Қарындас,
Барлығы да биймезгил ўақ өлди жас,
Мине ақырында кемпир де өлди,
Қайғыдан ағарар болды мына шаш.
Аўыр ойда,
Қуры сүлдер отырды,
Жаны ашыды,
Қасығандай қотырды,
Миййлер зеңип,
Қайғылы ой самалы,
Ойды қудыққа қарай ысырды.

Жасқа аралас маңлайынан ағып тер,
Көринбейди думан басқандай боп жер,
Тилеген тикленип қарап Изимге, —
— Отырмайық,
Бар да елге хабар бер.

Бул аўҳалды ҳәмме бирдей тең көрсин,
Аяған ағайин көмегин берсин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарыў,
Жора,
Қурбы,
Қурдас,
Тағы,
Таныслар
Өтинишим хабар аўылдан келсин.

Суўық демин алып, қайырып пешин,
Елестирмей қараңғылықтың кешин,
Ағайин,
Танысқа хабар бериўге,
Шеттен аралады аўылдың шетин.

Көз көрген танысқа сәлемин берип,
Аўҳалды билдирди өзлерин көрип,
Жаны ашыған ағайинлер иркилмей,
Жетип келди Изим менен бирге ерип.

Қайғырма Тилеген бекемле белди,
Бахыт қуўандырар сениңдей ерди,
Деп жарлылар отырғанда кеңесип,
Ат терлетип еки жасаўыл келди.

— Шық далаға,
Болмаса өзим бараман,
— Бул не түн ишинде жыйын аламан,
Тез сөйлеңлер, шығың тезден далаға
Болмаса атаман, жаныңды аламан.

Барлық адам ақырынлап түргелди,
Жүзлери өзгерди басқа түр енди,
— Не бар бунда?
Нелер ислеп отырсыз?
Саўалды еситип ойлар түрленди.

— Қане, тезден түсиң ҳәзир алдыма,
Апараман болыслардың алдына,
— «Япырмай шырағым» бунша не болды? —
Сонша жәбир берип жарлы халқына» .

— Иркилместен ҳәзир тезден жүресиз,
Жүрмесеңлер ақырет, азап көресиз —
Болыс ,бийлер буйрық берди еллерге,
Бәржай етпесеңлер бәриң өлесиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тарт тилиңди, қан ишерлер бармайман,
Ат,
  Сой, өлтир,
    Айтқаныңды қылмайман,
Сасыттырып анамның өлигин жазда,
Ел ишинде бий абырай болмайман! —

Деп, Тилеген жасаўылға бақырды,
Жасаўыл гезенди, мылтық атылды.
— Шетиңизден жоқ қыламан, атаман!
Деп жасаўыл аш қасқырдай ақырды.

Атып мылтық,
Шырпылдады қамышы
Жерге ақты қызыл қанлы тамшы,
Жасырыныўға жай табалмай адамлар.
Ҳәдден зият асып кетти налышы.

Тилегенди қамшыға дөндирди,
Барлығында тайсаллатпай көндирди,
Түн ишинде Тилегенниң шешесин,
Кепинсиз, шапанға орап көмдирди.

Қамшысын қызыл қанға майлады,
Қутырды,
Көпирди, тисин қайрады,
Ярым түнде зар жылатып халықты,
Жазықсыз, жасаўыл қыйнап айдады...

Ериксиз ер өз бармағын шайнады,
Көз аларып шар тәрепке жайнады.
Бултланған жазғы күнниң ишинде,
Түн қуслары қайғылы сес сайрады.

## Төртинши бөлим

### 1

Арадан неше ай, неше жыл өтти,
Не бир қыйыншылық аўыр жыл кетти,
Қыйынлықты көрип Изим, Тилеген,
Бул қысқа аман-саў тағы да жетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уақыт,
Қыстың күни декабрь айы,
Қар менен басылып жер дөңи, сайы,
Базда жаўын,
Үргин,
Уйтқыған аяз,
Бир қалыпте емес ҳаўа ырайы.

Суўлар мөлдирей алмай мийтиндей қатқан,
Бетлери жып-жылтыр қозғалмай жатқан,
Ескен самал сыйпап көк-көмбек бетин,
Қумлар ушып муз үстинен жай тапқан.

Жер бетин қар басқан күн еди суўық,
Ашшы самал есип қарларды қуўып,
Дүзеткендей дүмпешиклер үйилген,
Аралары алыс емес тур жуўық.

Суўықты айырып,
Басып қар бетин,
Өкше менен бузып жердиң келбетин,
Таратты ҳәммеге жаңалық хабар,
Қалдырмай аралап аўылдың шетин.

Қалмай еситилди жаңалық хабар,
Аўылға даўыслап урғандай жар,
Аўыл, қала иши сыбырлы сесли,
Дейди: «Большевиклер келер деген» бар.

Бий, кәтқуда елди жеген қумырсқа,
Сүрген турмыс ақсақаллар болысқа, —
Үстемликти бермес ушын ҳийле етип,
Деди «Шыдамайық бундай болысқа».

Болыс ақсақаллар елге ат шаўып,
Сайлап ел ишинен жигитлер таўып,
— Большевик ол — елди гезип талайды,
Сонлықтан да кетер заманлар аўып. —

Деген сүрен жайды аўыл далаға,
Еситилди сүрен ғарры, балаға,
Болыс пенен Уралскениң байлары,
Жыйналды күш қосып «Ийшан қалаға».



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Большевикти өтирмейик Нөкистен,
Биз болайық уллы жаўы шекискен,
Өзимизди толық аман сақлайық,
Ел ушын бир өлер жүрегин сөтер»,

«Мәрт жигит ел ушын тынбай қан төгер,
Ел ушын бир өлер жүрегин сөтер»,
Деп халықты алдап инандырды да,
Жыйнады бирнеше топарлы нөкер.

Бул исти сылтаўлап салық та салды,
Ел салық төледи,
Бүлди де қалды,
Елдеги қуўатлы жигитти жыйнап,
Ериксиз халықтан нөкер де алды.

## 2

Хабар орын алды бирнеше жерден,
Сес берди шөл менен айдынлы көлден,
Базыбир аўылларға толық жайылып,
Қараңғы жумбақты қуўдылар елден.

Күннен-күнге хабар елге орнады,
Жас баладай өсти еркин ойнады,
Анық азатлықтың жолы ашылып,
Ҳәрбир ердиң жүреклери жайнады.

Ҳәр аўылда гүрриң, жақсылық хабар,
Азатлыққа езилген ел дым қумар,
— Большевик ҳүкимет орнағай тезден! —
Деген мазалы сөз тилден бал тамар.

Мине бир аўылда жыйналған халық,
Жасырын ойласық,
Қолға ис алып,
Көпке қарап азатлықтың айдынын,
Сөйлеп тур бир жигит зейинин салып.

Жыйнап аўылдағы езилген ерди,
— Төктиң сиз дослар бай ушын терди,
Енди сиз азатсыз ықтияр сизде,
Октябрь сәўлеси сизге ерк берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Октябрь азатлық, мийнеткеш ушын,
Енди бизиң мақсет азатлық ушын,
Сонлықтан да барлық беккем күшлерди,
Жумсаймыз еркти ныгайтыў ушын.

Бул Октябрь гүлли, татлы мийўалы,
Өсиремиз,
Көгертемиз мийўаны,
Жерди,
Суўды,
Елди бизлер меңгерип,
Жоқ қыламыз қарсыласқан ҳийлени.

Деген тилек аўыл, елге ен шашты,
Таңның атқан нуры думанды басты,
Ҳақыйқый ис саррасланып ашылып,
Жумбақ болган исти анықлап шешти.

Таңның нуры атып аўыл, қалага,
Шашырап күн түсип түпкир далага,
Нурландырды,
Жыллы,
Шырайлы түске,
Жайылды гүл,
Ойы,
Шуқыр,
Салага.

3

Шыдамай мийтиндей музлар жылысқан,
Сең менен сең беттен сүйип жулысқан,
Табан тиреп сонда Әмиўдәрьяның,
Музы да ширенип бели қурысқан.

Сондай ширенсе де көтерилип пуў,
Памирден пәтленип агып қызыл суў,
Музды басып,
Белин бүклеп сындырып,
Бурқырап суў ақты берип сесли шуў.

Музлар шыдасалмай ерип босасты,
Қызыл суў қайнады бетлерин басты,
Күннен-күнге агысына жол ашып,
Дәрьяны толтырды, күшленди тасты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызыл суўда қулаш керип жүзгендей,
Баржылары қатар әскер дизгендей,
Бир пароход толқынланып киятыр,
Толқынлар жер желкесин үзгендей.

Пароход Төрткүлге келип тоқтады,
Жаў жарағың, бар қарыўын тақлады,
Шаққанласып шымыры билек Шайдаков,
Қайтпас батыр жигитлерин топлады.

Күшти беккем топлап ерлер Төрткүлде,
Үгит-нәсият жүргизип елге,
Қарыўланып шөлкемлесип топланып,
Күш-қарыўын анық жыйнады белге.

— Атлы әскерлер алда жүрсин қыр менен,
Беккемленген жаў-жарақлы түрменен,
Тағы қалған барлық әскер топланып,
Пароходта жүрсин пәтли суўменен.

Деп еки топарға ерлер бөлинип,
Анық ўәде қайтпағайлы делинип,
Адым жерге топылса да душпанлар,
Жеңилип киятыр өлип, бүлинип.

Қара таў үстинде қатты қабағын,
Жаман көрип исирсе де талағын,
Қызыл қыран ерлер бирден ат қойып,
Оқ пенен жаңғыртты,
Ашты қулағын.

Мәртлер Қара таўдан өттилер асып,
Қызыл суў буркырап пәтленип тасып,
Күнде күлип батырларға жол берди,
Қалың қайғыланған думанды басып.

Толды әскерге Қыппақ пенен Назархан,
Урыс болып тәннен ақты қызыл қан,
Пароход ҳәм атлы әскерлер киятыр,
Қосып алып қатарына мыңлап жан.

Назарханнан баслап атлы әскерлер,
— Қыйынды жеңемиз биз батыр искер,
Сиз қубладан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биз арқадан қамайық,
Сонда келиседи ҳақыйқат ислер. —

Деп әскерлер арқа бетке жол тартты,
— Биз бәржай етемиз қолдағы шәртти,
Сизлерде иркилмей алға жүриңлер,
Пәтлендирип айдаң сиз пароходты.

Атлы әскер қум менен арқаға кетти,
Бирнеше қыйынлық жерлерден өтти,
Қумарланып қызыл суўға қосылып,
Тахиаташқа да пароход жетти.

Жақынлады пароход та Нөкиске,
— Жаў жатыр жигитлер мине Нөкисте, —
Дегенше болмады мылтық атылды,
Кирди ҳәмме бирден жарақлы иске.

Шақыр-шуқыр жарақ қолға алынды,
Шаққанласып топқа оқлар салынды,
Жарақтан түтинлер шығып бурқырап,
Пулеметлер шашты қызыл жалынды.

Жаўлар қырдан пароходты қамады,
Жан-жақтан оқ тийди тәнлер қанады,
Жаңбырдай оқ шашып жаўдың әскери,
Пароходқа жүрерге жол қалмады.

Шайдаков жарағын жаўға каратты,
Қуртты жаўды еки көзин жайнатты,
«Жаўызлық мақсетиң билинди сениң»,
Деп пулеметщиктиң екеўин атты.

Пулеметти аның қайтадан оқлап,
Тағы бириктирип күшлерин топлап,
Иштеги жаўларды толық саплады,
Пароходты шықты ҳақыйқат тақлап.

Урыс қызды,
Жаўдың мийин шуўлатты,
Гөзледи,
Атты жаўды сулатты,
Нышанадай атып жаўдың топларын,
Исенген пулемет, тобын қулатты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пароходтың жан-жағынан оқ кирди,
(Тағы шет жағасын топ оғы жырды)
Жан-жағынан оқтың тийген орнынан,
Пароходқа иркилместен суў кирди.

Сол ўақытта қызыл суўдай бурқырап,
Қолларында оқ-жарағы жарқырап,
Арқа беттен атлы әскерлер ат қойды,
Жаўлар қашты тула бойы қалтырап.

Пароходты жаўдан аман сақлады,
Дәрьядан ерлерди шығарып алды,
Барлығы биригип қосылып тағы,
Жаўға қарсы атланысты, күш салды.

Шайдаков жыйнады батыр ерлерди,
Түсиндирди ой-шуқырлы жерлерди,
«Орнатамыз Октябрьдиң айдынын,
Соның ушын төгиң маңлай терлерди!

Гүжисин,
    Қайнасын,
        Гүрес даласы,
Берик қоллансын батырлықтың сарасы,
    Мине, алдымызда:
        Дин,
            «Жин» бығыған,
Онда жаў көп,
Ол: «Ийшанлар қаласы».

Ал жигитлер!
    Атакаға алға бас!
Жаўлар қопарылсын,
    Болса-да нық тас.
Жолдаслар!
    Ең үлкен ўазыйпа сонда:
Билиңлер кимлер дос
    Бизге кимлер қас.

Ол залымлар алдап жарлы балларын,
Бизге қарсы төктирмекши қанларын,
Шайнастырып жарлы менен жарлыны,
Сөйтип өзи сақламақшы жанларын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул аўҳалды ҳақыйқатлап билиңлер,
Ҳужданланып атқа беккем миниңлер,
Октябрьдиң беккем услап уранын,
Ал байрақты көтер қолға.
Жүриңлер! —

Деп Шайдаков ертип алып әскерди,
Ҳужданлатып жаў жүрекли искерди.
Қолға алған ең тийкарлы мақсетти,
Орнатпақшы Октябрьдиң ислерин.

Қурды дүзеп жаңа өткенде таслақтан,
Шүйкилдеген оқта жаўды жан-жақтан.
Думанланып дүтке думан қосылды,
Топ,
Пулемет оқ шығарды тез, шаққан.

Гүрсилдеди,
Гүңгиртленди сес шықты,
Шүйкилдеген оқ өткенде бас буқты,
Бес атардың оғы тийип өкпеден,
Талайлардың қаны ақты,
Оқ жықты.

Топылысты,
«Атакаға» деп жол ашты,
Беккем қоллар жарағынан оқ шашты,
Келгенде жақынлап жеме-жемеге,
Жаў серпилди,
Буғып кейнине қашты.

4

Хабар ҳәўиж алды,
Ҳешбир тынбады,
Бәржай болды аўыл, елге орнады,
Мине, бир аўылда өңшең жигитлер,
Азатлықтың жолын анық тыңлады.

Жигитлерди жыйды Изим бас болып,
Бас қосты,
Елде ылғый жас болып,
Шын сөзлерди еситкенде жигитлер,
Отырдылар көтерилисип мәс болып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мине, биз сизлердей азап көргенди,
Қула дүзде қыйыншылық көргенди,
Шығарамыз азатлыққа айдынлы,
Теңеймиз халыққа байдан бүлгенди.

Бул азатлық таңы полаттай берик,
Бул таңға улыўма мийнеткеш шерик,
Саплайық ныпқыртлап залым жаўларды,
Ҳақыйқат нығайсын жүртында ерк.

Урыс қызды,
Күшлер әбден ысылды,
Жаў әзизлеп, шыдамады қысылды,
Бас боп жигитлерге Изим, Тилеген,
Қызыл қыранларға келип қосылды.

Ер көкирек,
Қайтпас батыр ғайратлы,
Бирлесип белине жыйнап ғайратты,
Шайдаковқа елден жигит қосылып,
Ҳүжданды,
Булшық етти ойнатты.

Изим, Тилегенниң күши сақланды,
— Биз азат!
Шадлықта кеўил шадланды,
Жаўлар жеңиледи, бизлер жеңемиз, —
Деп ғалаба атақаға атланды.

Жаўды қуўды Қатты ағарды жағалап,
Еле жаў қашыўда буғып паналап,
Қашқыншынын алды кирди қалаға,
Қан ағызып,
Тула бойын жаралап.

5

Халық қарсы алды батыр ерлерин,
Таныстырды,
Ойы
Шуқыр жерлерин,
— «Елге сизлер хожа,
Совет қолында,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳақыйқатлап тийди ерк қонынa,
Еркиңизди ҳеш ўақытта бермеңлер,
Мына урысып атқан жаўлар қолына.

Деген сөзге шын кеўилден қарады,
— Растан ҳақыйқат патша қулады,
Зулым жаўдың өтириги ашылып,
Азатлық хабары елге тарады.

Ел көмек көрсетти,
Тикти қызыл үй,
Тикленди қур менен оралып нық ший,
— Азатлықтың қорғаны,
Кире алмайды есигинен болыс бий.

Деди, мийнеткешлер: енди бизлер шад,
Қуўанды,
Ленинге жазды тезден хат,
— Жаўды қуўдық,
Ҳәзир аҳўаллар жақсы,
Урыс пенен бир жүргиздик нәсият!

Қызыл үй тигилди қатара жайнап,
Беккемлеп тикленди нық қызыл байрақ,
Елге айттық азатлықтың айдынын,
Қуўанды,
Қосылды ел биз бенен ойнап.

6

Түн ишинде түнерген тек жулдыз жарық,
Жаў келди билдирмей тоғайды жарып,
Аңлаўсызда қамап алып жан-жағын,
Бир топар әскерди услады алып.

Ғарсылдадады мылтық,
Түтин бурқылдап,
Пулемет атылды жалыны бурқырап.
Қолы,
Ийни,
Балтырына оқ тийген,
Адамлар бақырды сести шырқырап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баз биреў жығылды, «жансыз» күши жоқ,
Адым жерде өлик жатты шоқ-шоқ:
Талас,
    Тартыс,
        Қызды урыс майданы,
Жүректен қан алды ыссы тийген оқ.

Топ оғынан дүмпешиклер бузылды,
Жер бети тилинди, оқтан сызылды,
Ийис шығып, қанлар ағып аспанға,
Иркилмеди көп күнлерге созылды.

## 7

Ийшан,
    Болыс,
        Бий,
            Бек қолында Чимбай,
Чимбайды бийледи ол Халмурат бай,
Қолға түскен қызыл әскер ерлерди.

Ис ислетти күни-күни аямай,
Жоқ жерден қыйынлық жумыс таптырды,
Жантақты жулдырды,
    Шеңгел шаптырды,
Базар күни халық алдына шығарып,
Қул қатары баҳа тигип саттырды.

— Алың, саттым, —
    Булар қарап жүрмесин,
Мейли өлсин,
Бирақ жақты көрмесин, —
Деп қалғанын шынжырлады, қамады,
Айрықша ислетип сасық тюрьмасын.

Тести киши етип түңликтиң тусын,
Булманнан таслады шопақтың пушын,
Өлтирди биреўди атыз басында,
Бир гeширди алып жегени ушын.

Баҳа бермей мийнет қылған күшине,
Жансыз қойып тюрьмахана ишине,
Егер биреў зарын айтып сөйлесе,
Буйырды аяўсыз өлим исине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн батты,
Тюрьманы қараңғы басты,
Дүрсилдеди жүрек,
Ҳәўлирип састы.
Тутқынлар таўланып қолы байлаўлы,
Биразы жығылды қушақлап тасты.

8

Урыс қызды,
Көп күн өтти арадан,
Найза ушы бир-бирине қараған.
Қызыл күшли ерлер жыйнап ғайратын,
Жаўды қуўды,
Төле менен қорадан.

Жүрегинен оқлар тийди жығылды,
«Алла» деди, мешитине тығылды,
Кегейлиден ақты буркып қызыл суў,
Жаў дәрмансыз тыға алмады тығынды.

Қызғынланды,
Қызыл суўлар қайнады,
Буркырады барлық жерди жайпады,
Пәтли аққан қызыл суўға қосыла;
Батырлар қолында қылыш жайнады.

Талўас етип Изим менен Тилеген,
Сындырды қылышын жаўдың тиреген,
Суўпы, ийшан мақсымларды қамады,
Қарсы болып әўлийеге түнеген.

Елден күш қосылды кейин қашпады,
Ерлик қылды Изим жолды баслады,
Иркилместен кирип Чимбай қалаға,
Қастиянды тапжылтпастан услады.

Қызыл ерлер кирди басып қалаға,
Еркинлик сүрени жүрди қалада,
Барлық халық азатлықты еситип,
Қуўанысты ғарры,
    Жасы,
        Бала да.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ким еркли ҳақыйқатлап барласты,
Мийнеткеш маўаса көтерди басты,
Азатлықты мийнеткешке көп көрип,
Залым жаўлар изден қалмай жармасты.

Жармасса да жаў жарағын сындырды,
Жаўға қарсы гүрес отын жандырды,
Жерди-суўды мийнеткешлер ийелеп,
Шад болды қуўанып меҳрин қандырды.

Отқа өртеди залымлықтың дүрресин,
— Азатлықтың күши қызсын өрлесин, —
Деп батырлар Қызыл Байрақ қолға алып,
Дал-дал қылды Халмураттың дүрресин.

Чимбай,
    Тахтакөпир,
        Қоңырат,
            Қараөзек,
Төрткүл, Шаббаз, Қыпшақ ол Зайыр өзек.
Кегейли, Хожели, Тамды, тум-тустан,
Сес берди:
    — Биз азат!
        Бизлерге гезек!

Бизлер азат!
Азат күни қараған,
    — Бизлер азат!
Биз боламыз абадан.
    — Бизлер азат!
Азат гүлин егемиз.
Қанқор жаўға орын бермей арадан,
Деген даўыс шадландырып жүректи,
Деп қуўаныш беккемлетип тиректи,
Ырза болып Изим менен Тилеген,
Қолға байрақ алды түрип билекти.
    — Ғайратланың,
Беккемленсин бирлик қол!
Ҳәр ўақытта жаўға қарсы таяр бол.
Ленин берген Октябрьдиң байрағын,
Беккем услаң,
Енди сизге саррас жол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулаш керип,
Беттен сүйип Шайдаков,
Деди, «сизди қарсы алады халық көп»
Изим менен Тилегенниң артынан,
Қарады әскерлер
— Елге сәлем деп.

## БЕСИНШИ БӨЛИМ

### 1

Жаздың күни,
Жер көк пенен бөленген,
Гүллер гүллеп,
Шақасына түр енген,
Қой, ешки мал кең далада жайылып,
Көкке тойған қарны шығып ширенген.
Ерик бағлар түймелерин тағынған,
Мийўа писken халық көзине танылған,
Аўыл иши сондай сулыў сымбатлы,
Байланысты бир-биреўин таныған.

Егинлери жақсы, буўдайы писken,
Биразы орылған, қырманға түскен,
Қыз-келиншек баўдан сабап суўырып,
Дигирманға тартып жаңалық ишкен.

Мине бир топар ел қатара қонған,
Мийнет зүрәәтин үлескен оңған,
Мине быйыл тағы болып абадан,
Салысы көгерген, буўдайын орған.

Өткен күнде жай табалмай түнеген,
Ҳәзир отаў тиккен қурғын хожалық,
Шадланып қуўанған Изим, Тилеген.

Мине бүгин Изекеңниң үйинде,
Той болады, қонақ келген үйине,
Келин, кемпир дастурханлар әкелген,
Аямастан сыйласығын түйине.

Изим ҳасыл кийген,
Белин де буўған,
Тилеген тазарған, бетин де жуўған,
Бүгин қуўанышлы аўылдың иши,
Өйткени: Гүлбазар жеңгей ул туўған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонлықтан да Изим тойын бермекши,
Тойға келди халық, қызық көрмекши,
Тойға толық жыйналысып халықлар,
Қызық көрип қуўанышта күлмекши.

Бүгин аўыл қуўанышлы түс енген,
Саяға қатара төсек төселген,
Жигит-қызлар еки қатар отырып,
Бақсы-жыраў қалың төсек төсенген.

Қобыз,
    Дуўтар шертилисип саз бенен,
Жигит,
    Қызлар қарасады наз бенен.
— Берекет тап, —
Дейди ғарры кисилер,
— Өмирлериң өтсин бәрҳа ҳәз бенен.
Қызлар ҳасыл кийген мақпал, жипектен,
Жигит шапан кийген он қол жийектен,
Сеслерин көтерип,
    Ҳаўазын созып,
Бақсылар дәстанын айтып тәрип еткен.

Дуўтар бүлбил яңлы болып сайраған,
Он бармақ пердени басып ойнаған,
Жигитлер қызларға шаўнек жиберип,
Жеңгелери орамалын сайлаған.
Жигитлер,
    Қызлар шад,
        Той толы қызық,
(Жигит ағалары гелле қант бузып),
Талабанлы тойдың талмас бағыты,
Кем-кемнен баратыр қуўанып қызып.
Той-тамаша болды,
    Орта гүлленди,
Гүлленди той,
    Тартты өзине гүлләнди.
Жыраўдың соңынан:
    Гүрес,
        Ат шабыў
Болды буған байрақлары белленди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сейислер сейислеп атын таң аса,
Топлымдағы атлар келди таласа,
Узақ жолдан шапқыр атлар келгенде,
Болды бақырыспа уллы тамаша.

Минут сайын той қызығы артады,
Той қызығы көпшиликти тартады.
Шабандозлар ылақ ойнап соңынан,
Барлық халық кеш болғанда тарқады.

Халық қуўанышлы,
Күн күлип батты,
Изим Тилегенге рахмет айтты,
«Буннан былай тойлар тойға уласcын»,
Деп халық қуўанып үйине қайтты.

*1932—1933-жыллар.*

## ЖУМАГҮЛ

Он бес жасар Жумагүл,
Түсти байдың қолына,
Қара думан басып зил,
Зарлады байдың қолында,
Қара шашы жайылып,
Қара көзден ақты жас.
Гүрмелмеди қызыл тил,
Ҳайран болды жалғыз бас,
Гебеже қарын сасық бай,
Жумагүлди зарлатты,
Өз айтқанын қылдырып,
Күн бермеди, жылатты,
Тисин қайрап, қол силтеп.
Жумагүлдиң үстинде,
Дыр қамшы ойнатты.
Қамап жайдың ишинде,
Еки көзин жайнатты.

## ҚАРАҢҒЫ ТАМДА

Қараңғы тамның ишинде,
Мойны төмен салбырап,
Не қыларын биле алмай,
Тула бойы қалтырап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәрқыйлы болып ойлары,
Узаққа ойы кетпеди.
Үстине кийген көйлеги,
Аяғы менен басына
Төсеўине астына,
Жамылыўға үстине,
Тартса да ҳешбир жетпеди,
Көзден аққан мөлдир жас,
Етегине сорғалап,
Ығалланды кеппеди.
Қоршалап оны қамаған,
Қара думан қақсыйып,
Көз алдында көринип,
Жылыспады, кетпеди.

## ТАҢ АТҚАНДА

Күн қызарып таң атты,
Атқан күнниң сәўлеси,
Әйнектен түсип нур берип,
Тамның ишин жайнатты,
Сәўлеси күнниң жылытып
Жумагүлди оятты.
Қыялдай басын көтерип,
Қолын жерге тиреди.
Жүрегин ашып, зар жылап,
Топырақты иреди,
Қыйынлық пенен түргелип,
Аяғын зордан сүйреди.
Түнги жатқан жерине,
Қайғыланып бир қарап,
Қараңғы тамнан түңилди,
Әйнекке келип асылып,
Жан-жағына үңилди.
Еки пешин қайырған,
Күни-түни бир тынбай,
Ықтиярсыз ериксиз,
Байдың қылған жумысын,
Өтемурат көринди.
— Ағажан — деп жылапып,
Муңын айтып зарланып,
Дос билип Өтемуратты,
Қолын былғап шақырды.
Жумагүлдиң даўысын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтемурат еситип,
Ақырын келип қасына,
Қайғыланды муңланды,
Жумагүлдиң зар жылап,
Көзден аққан жасына,
Сөйлесип мойын бурғанда,
Жумагүлдиң жылаған,
Ҳалын сорап турғанда,
Отаўдан шығып залым ба́й,
Көрип Өтемуратты,
Жылдам басып аяғын,
Қолына алып таяғын,
Түпириги шашырап,
Жыйрықланып ыйығы,
Зулымлық қылып ақырды.
Жақынлап келип қасына,
Қулашлап қолын көтерип,
Бийшара Өтемураттың,
Салып кетти басына.
Тентиреклеп, тербелип,
Қолын жайып абынып,
Өтемурат бийшара,
Қулашын керип жығылды,
Басы қанап, еси аўып,
Бети-аўзы жер қаўып,
Топыраққа тығылды.
Ис питирген адамдай,
Аўдаңлап жүрип зулым бай,
Қос жетимди зарлатып,
Меҳримсиз болып қыйналтып,
Отаўға қарай бурылды.

## ТУЎРЫ ТИЛЕҚ, ТУЎРЫ ИС

Өтемурат түргелди,
Тентиреклеп абынып,
Буны көрип Жумагүл,
Ағажанлап жалынып,
Өтемурат бийшара,
Қанын сүртип тазалап,
Барды әйнек қасына,
Етеги толды жылаўдан,
Көзден аққан жасына,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қараўытып көзлери,
Қарады турған әйнекке,
Зордан шығып сөзлери,
Жумагүл тур әйнекте.
Өтемурат айналып,
Жумагүл менен сөйлести:
«Биз бул манда турмайық,
Азаптың уўын сормайық,
Түни менен қашайық,
Арза берип кеңеске,
Залым байдан қутылып,
Азатлықта жасайық,
Усы күнге шекемги,
Алдап-суўлап бизлерди,
Азап-ақырет бергени,
Жетер байдың, зулымның,
Деди де қолын көтерип,
Әйнектиң бәрин сындырып,
Зулымның салған әйнегин,
Пыт-шыт қылып бүлдирди,
Өтемурат пәтленип,
Қолын созып қуўанып,
Дал-дал болған әйнектен,
Жумагүлди шақырды.
Екеўи бирге қосылып,
Аўыр исин оңғарды,
Шықты жайдың ишинен,
Қуўанысып өзгерди,
Қайғыланған түсинен.
Өтемурат, Жумагүл,
Түни менен жол жүрди,
Асып бир аз алаңпан,
Таң атқанда ел көрди.
Есин жыйнап елерип,
Ел ишине жақынлап,
Ел ишинде тигилген
Қызыл байрақ жайнаған,
Айрықша турған үй көрди,
«Усы үйди көрейик,
Не екенин билейик,
Деди де тағы жол жүрди,
Аз ғана ўақыт ишинде,
Келди қызыл отаўға



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаңалықтың белгисин,
Көрди қызыл отаўда,
Отаўдан шығып бир жигит.
Хабарласты буларға,
Қуўанып күлип, қос жигит,
Арзасын айтты асықпай,
Хожамурат тыңлады,
Сөз астарын аңлады.
Толықтырып нызамға,
Жумагүл, Өтемуратқа,
Тәжирийбели ис пенен,
Түсиндирди нызамды:
«Қапа болмаң жолдаслар,
Әдиллик нызам орнады,
Ондай жаўыз зулымнан,
Беремиз алып ызаңды.
Деген сөзди еситип,
Өтемурат, Жумагүл
Тағы да турып қуўанды,
Қуўанғанның белгисин,
Түслерине енгизди,
Хожамурат жол баслап,
Отаўға қарай жүргизди,
Азатлық айдын нызамлы,
Қызыл үйге киргизди.
Қызыл үйге киргизип,
Жолдасларын көрсетти,
Жағдайлы хабар енгизип,
Қос жетимди тербетти.

## БАЙҒА СУД

Қызыл отаў ишинде,
Әдил нызам, әдил суд,
Қолға алып жумысты,
Залым байды шақырып,
Истиң түрин қарады.
Өтемурат, Жумагүл,
Әдил нызам алдында,
Жыйналған қалың халыққа,
«Бизди езди мынаў бай,
Бирнеше жыл ишинде
Күни-түни бир тынбай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумыс қылдық бир пулсыз,
Ақырет-азап биз көрип,
Жүрдик сирә оңалмай,
Талай азап көрсекте,
Күни менен түнине,
Бир түйир нан жий алмай,
Сандалып жумыс қылғанды,
Базарбай байдың қолында,
Наданлық пенен лал болып,
Алдаўлықта жүргенди,
Ақырет-азап көргенди,
Ҳәмме халық биледи,
Усы күнге шекемде,
Бул отаўға киргенше,
Усындай болды бизиң жай»,
Деп қос жетим анықлап,
Залымлығын залымның,
Ашты халық ишинде,
Аяўсыз жаза бериўди,
Әдил судтан сорады.
Ҳақыйқат таллап тексерип,
Дурыс нызам, әдил суд,
Жазасын берип залымның,
Жуўан мойнын бурады,
Жыйналған қалың мийнеткеш,
Ырза болып нызамға,
Үйлерине тарады.
Әдил Кеңес нызамы,
Көзин ашып жетимниң,
Азатлыққа шығыўын
Сарраслады, қоллады,
Көл болған көздиң жасларын,
Өтемурат, Жумагүл,
Сүртип анық кептирди,
Жылаўын қойды жубанды,
«Жасасын кеңес нызамы!
Биз енди еркин жасаймыз,
Қурылыстың қызғынлы,
Исин қолға аламыз!
Деп, қызғынлы пәтленип,
Қарыўланды, қуўанды,
— Өтемурат, Жумагүл,
Әдил нызам бойынша,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Базарбай байдың малынан,
Үйи менен жеринен,
Мийнет қылған күнине,
Тийисли болған ҳақысын,
Толықтырып бир алды,

## ҚОЛХОЗ ҚУРЫЛЫСЫНДА

Бир күни аўыл ишинде,
Жыйнаққа журт жыйналды,
Жыйналған халық ишинде,
Ең биринши мәселе,
Мийнеткешлер бирлесип,
Қолхоз болыў жумысы,
Толықтан-толық қойылды.
Ўәкил жолдас Өтеген,
Түсиникли тилменен,
Ҳақыйқатлап, анықлап:
«Колхоз қолы мықлы қол,
Мийнеткешлер баўырым,
Пайдасына түсинип,
Өз ықтияр өзинде,
Зүрәәтли мийнеткеш.
Атланысып асықпай,
Ҳүжданлы болып кирисип,
Беккемлесип колхоз бол!»
Деп, сөзлерин таўысты.
Жыйналған қалың мийнеткеш,
Ўәкилдиң сөзин еситип,
Сорап билмегенлерин,
Ҳақыйқатлап түсинди.
Өтемурат сөз алып,
«Ағайинлер, баўырлар
Дурыс айтады Өтеген,
Өтегенге қосымша
Мен де айтып өтемен.
«Кешеги күнде залымның,
Биреўимиз — дийқаны,
Биреўимиз — малшысы,
Биреўимиз — суўшысы,
Биреўимиз — жарымшы,
Болып бүлип жүр едик,
Түн ишинде тентиреп,
Ықтиясыз жүр едик,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Октябрьдиң таңы атып,
Езилген ел мийнеткеш,
Биз кеңесли ел болдық.
Қызыл туўдың астында,
Шөлкемлесип умтылып,
Жаңалыққа ис қылып,
Ашып жамай гүресин,
Социалистик жол салдық.
Мине, буның белгиси,
Колхозласыў жумысын,
Компартия, кеңестиң
Басшылығы астында,
Ҳақыйқатлап қолға алдық,
Ҳақыйқатта бул жумыс,
Мийнеткешлер пайдалы,
Биреўде бар бир өгиз,
Биреўде бар бир түйе,
Биреўде бар бир шығыр,
Биреўде бар бир арба,
Биреўде бар бир жылқы,
Мине, булар ҳәркимде,
Сол турмыста сол жағдай,
Болып турған ўағында,
Пытыранды шағында.
Ҳеш ўақытта ис жақсы —
Болмайды да өнбейди.
Зүрәәти кем болып ,
Мийнети аўыр болады,
Ҳәр шуқырға бир қысым,
Егиў менен ис өнбей,
Маңлай терлер далаға
Шашылып зая болады,
Сонлықтан мийнеткешлерим,
Күш-көликти бир қосып,
Ҳақыйқатлап жумысты,
Колхоз болып баслайық!
Ериншелик ескилик,
Ебетейсиз пәс қылық,
Зүрәәт кем, мийнет көп,
Ескиликтиң жолларын,
Тамырларын испенен,
Анық кесип таслайық,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине, баслап мен өзим,
Жумагүл менен биригип,
Колхозға биз киремиз,
Екеўмизде бир өгиз.
Тағы күшли бир жылқы
Үш танапқа жақынлаў
Байдан алған жерлер бер.
Колхоз болып бирлесип,
Буларды биз ортаға,
Салып жумыс қыламыз,
— Солай ма жолдас Жумагүл?
Деген сөзге ерисе:
— «Дурыс-дурыс айтасыз,
Түсинген истен қашпайман,
Колхоз жолы туўры жол,
Екенин анық түсиндим,
Колхозға мен киремен!»
Деп, Жумагүл түргелип,
Жуўап берип, отырды,
Тағы-тағы жан-жақтан,
Қол көтерип бақырып:
— Бизлер де колхоз боламыз!»
Деп, қолларын көтерип,
Бирнеше адам түргелип,
Жумагүл, Өтемуратқа,
Ҳақыйқатлап қосылды,
Тағы да Нурым түргелип:
— «Бери қараң ағайин!
Ҳақыйқатлап түсиниң,
Колхоздың исин ҳәм күшин,
Бул жумысты қолға алсақ,
Бай — қулақ қарап турмайды,
Сонлықтан да аянбай,
Бай — кулаққа ис пенен,
Жанған отын өшириң,
Сонда ғана бул жумыс,
Енин жайып өседи,
Мийнеткешлер баўырым.
Зиянкестиң зиянын,
Билип алып түсинип.
Жаңалыққа көшеди,
Мен де колхоз болыўға
Қол көтердим, минекей,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәркимниң ерки өзинде,
Сизлер де қол көтериң,
Ис баслайық, қанекей!»
— Мени жаз жолдас
— Мени жаз.
— Мен колхозға киремен,
— Мени де алың колхозға,
— Мен колхозға киремен!
Кириў ушын колхозға
Мынаў, мине бир белги,
Арзамызды беремиз,
Деп, көпшилик шуў етип,
Арза менен умтылып,
Ғалаба қол көтерди.
Отырған көптиң ишинде
Бир еки киси бозарып,
Әжеп тәўир жөтелди.
Жан-жағына бай қарап,
Мыйығын тартып, бир күлип,
Бир-бирине ымласты.
Ымласыў менен сырласты,
Қол көтерген халыққа,
Қосыла қол көтерди.
— «Бизлер колхоз боламыз,
Ҳақыйқат ис қыламыз!
Ўәкил жолдас шырағым,
Бизлерди жазып колхозға,
Алсаңыз екен қарағым!»
Деп қолларын түсирди,
Кең жыйнақтың хаткери,
Жазып алып барлығын,
Журналына өткерип,
Оқыды көптиң ишинде,
Тағы турып Өтеген:
— «Ағайинлер, жолдаслар!
Ҳәзир, мынаў журналды,
Ҳақыйқатлап оқыйық,
Көпшилик толық тыңласын,
Бул журналдың ишинде
Жамайы — жат болмасын!
Деп тағыда аңлатты,
— Дурыс! —
— Дурыс! —



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳақыйқат.
Деген даўыс мектепти
Шуў көтерди жаңлатты,
Хаткер турып орнынан,
Көпшиликке бет бурып.
Тым-тырыс ғана тыңлады.
Тағыда журнал оқылды,
— Тоқтаңыз жолдас, мүмкин бе?
Деп Тилеген түргелип,
Сөзин бөлип хаткердиң,
— «Жаңағы, соңғы оқыған,
Атыңызды қайта оқың?»
Деп усыныс киргизди,
— Өтебек улы Бейсенбай,
Бай — кулактың биреўи,
Өтебек бурын бек болды,
Төрт түлиги сай болды
Алынбасын колхозға,
Ҳақыйқаттан орын жоқ,
Бундай байға колхозда.
Ҳәзир жыйнақ ишинен,
Шығарылып жиберсин,
Көпшиликке усынып,
Усынысын тиледи.
— Дурыс! —
— Дурыс! —
— Шықсын ол!
Берилместен ҳешбир жол,
Деп көпшилик қосылып,
Көпшиликтиң ишинде,
Тилегенниң тилеги
Дурыс қабыл алынды,
Өтебек улы Бейсенбай,
Көпшиликтиң ишинен,
Аласланып қуўылды.
Айрықша аты жазылып,
Бай-кулак қара жормалға.
Ҳақыйқатлап жазылды.
Жормал оқып тағыда,
Даўам етти иркилмей,
Және-және жормалдан
Атын сызып өтирди,
Бай — кулаққа жол бермей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигирма бес хожалық.
Ҳақыйқатлап бас қосып
Колхоз болды қосылды,
Күш-көликти есаплап,
Гүллән жерлер өлшенип,
Улыўма есап алынып,
Колхоздың беккем уставын,
Бекитип толық бериўди,
Тийисли жерге усынды.

## «КОММУНИЗМ»

— «Тағы бир ис бар жолдаслар!
Олда болса мийнеткеш,
Жигирма бес хожалық,
Колхоз болдық қосылдық.
Бул колхоздың лақабын,
Қойыў керек бекитип.
Қане не деп қоямыз?»
Өтемурат усынып,
Көпшиликке билдирди,
Ҳәрким ҳәр сөз ойланып,
Кеўиллерин күлдирди,
Аз ғана ўақ өткен соң,
Аўылкеңес ағасы,
Атамурат түргелип:
— «Жолдас мениң ойымша,
Мақул көрсе көпшилик,
«Коммунизм» колхозы,
Болса қалай болады?
Деп усыныс киргизди,
Тоқтаңқырап көпшилик,
«Коммунизм» лақабын,
Жүрегине түйинди,
«Коммунизм» лақабы,
Дым қанаатландырды.
Қуўанышлы жыйынды,
Мақул көрип көпшилик,
Колхоз аты ҳақыйқат,
«Коммунизм» қойылды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИС МАЙДАНЫНДА

Күн күлип жерге —
Нур шашып,
Егисликке жол ашып,
Жаңа өскен көк шөплер,
Қуўанысқан баладай,
Қол-аяғын жаздырып,
Қуўанады күледи,
Жигирма бес хожалық
Күн нурына бөленип,
Өзине болар жер алып,
Қызғынлы ис қылыўға,
Ғалаба бир атланды,
Тәрбиялы жумысқа,
Ырза болып қуўанып,
Бети-жүзин қулпыртып,
Тәрбия менен шадланды,
Бөлинип үш бригад,
Ис майданын қыздырды,
Мийнет пенен шыныққан,
Мийнет ерлер қызғынлы,
Биреўлери қос айдап.
Биреўлери жап қазып,
Ҳәрқайсысы атқарар
Қолайлы алып ислерин.
Иске шабыў дизгинин,
Ғайратланып жаздырды.
Атыз исин түрлентип,
Ҳаял-қызлар топары,
Көпшиликке қосылып,
Ылғаллы ис иследи,
Топарға бас қосып Жумагүл:
«Ҳүждан менен ис ислеп,
Өнимли исти күшледи,
Өнегели өрнекли,
Жумыс қылып жолдаслар,
Артта қалмай алға атлап,
Ис пенен алға түс!» деди.

*1934-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГҮРЕС

Кремльден—Москвадан нур шашып,
Уллы Ўатанда жарық қуяш жайнайды,
Жулдызлар жымыңлап күлгендей болып,
Бултты бөлип, жер бетине қарайды.
Гия шөплер самалменен тербелип,
Жапырақларын бойларына орайды.
Көгерген бақшаның ҳәмде көклердиң,—
Шақасында ҳасыл гүллер жайнайды.
Жас баладай шақасында шайқалып,
Саз намада бүлбил қуслар сайрайды.
Сыңқ-сыңқ күлип суўлар жапты толтырып,
Толқынланып, бурқылдайды, қайнайды,
Суў бетинде жүзип үйрек ҳәм ғазлар,
Бир-биреўин қуўып ойнап тынбайды.
Суў астында шабандоздай ширенип,
Бир-биреўин қуўып балық ойнайды,
От жеп болып жатып және дем алып,
Күш көликлер өзин иске сайлайды.
Таң атқаннан талўас етип жумысқа,
Колхозшылар тракторлар айдайды.
Тракторлар ҳасыл жердиң үстинде,
Тухым шашып, мәўсиминде тынбайды,
Мийнеттиң майданы қызып пәтленип,
Социалистлик жарыспенен далада,
Зүрәәтли ис қызады, қайнайды.
Ис батыры билеклерин түринип,
Ис үстинде ҳеш албаўлық қылмайды,
Күн-күн санап қурылыслар қуралып,
Алға қарап, жүрип ҳешбир тынбайды,
Бизиң бул исти көрип халық жаўы,
Иши күйип, бизге тисин қайрайды,
Жасырынып кирип алып араға,
Қолдан келсе, олар жолды байлайды,
Мине, бул қаслыққа ҳешбир жол қоймай,
Мийнет ерлер иске күшин жыйнайды,
Ҳәўиж алған ҳәўижленген гүресте,
Батыр ердиң билек күши талмайды,
Мине, усы ҳәўижленген гүрести,
Қалемлерим жазып, тилим сайрайды



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 1

Адым атып ярым түнниң ишинде,
Басын тигип душпанлықтың исине,
Халық жаўы Төлепберген, Төренияз,
Қарасады бир бирининң түсине.

Бақырған ҳеш сес жоқ тым-тырыс,
Турмысқа тийкарлы бул да бир тыныс,
Түн ишинде үрген ийттиң даўысы,
Ол да түнге көринеди болып тыс.

Аўыл ишин кирип татлы уйқыға,
Жанлы мақлуқ барлығыда уйқыда,
Жазлаў, қыслаў тынышлыққа бөленип,
Қарсылық қылғандай қуры қыйқыўға.

Титиркенип, тула-бойы түршигип,
Суўық демин алып, аўыр гүрсинип,
Абайлап бир атлап жап ҳәм салмадан,
Қиятыр жасырынып базда иркилип.

Түси бузық қабақлары үйиўли,
Шапан кийген, белбеўлери түйиўли,
Сыптай болып жеңил-желпи кийинген,
Қолайланған жеңлери де түриўли,

Ойласады, сыбырласып, сөйлейди,
Табанлары топырақты ийлейди,
Турып қалып, буғып ғана отырып,
Жан-жағына қарап болып бүй дейди:

—«Төренияз шаққан болғыл сен иске,
Өлсек те бул сапар шығайық үстке,
Бизиң турмыс жоқ болыўдын алдында,
Ҳуқуқтан айырылып, болып конфеске!»

—»Дурыс айтасаң, Төлепберген жан төрем,
Бул ислерди талай көрген мен төрең,
Қан жутаман орынлаўға мақсетти,
Беккемленсин я қуласын қос өрем.

Жаңа билдим бар-дәўлеттиң қайтқанын,
Барлық исим ҳәкисине тартқанын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түн ишинде Төлепберген жан аға,
Ҳеш умытпа молламыздың айтқанын» —

Деп, қос қасқыр адымларын атлады,
Жасырынды, тула бойын сақлады,
Түнниң тәбийғаты түнерип қарап,
Қос қасқырды қысыў ушын қаплады.

Жақын қалды әне колхоз қорасы,
Масаладай жанып көздиң шырасы,
Адым сайын қора бетке жақынлап,
Ҳақыйқат көринди ағы-қарасы.

Төлепберген жан-жағына қарады,
Тум-тусларын еки көзи орады.
—Мине ҳәзир Атахан да бармекен? —
Деп ақырын Төренияздан сорады.

—Ол Атахан бар болыўға миннетли,
Соның ушын мойнына алды миннетти,
Ақырынлап туппа-туўры барайық,
Гүллән ис келисер болып келбети.

Қорқып турман, қалтырайды жүрегим,
Әжеп тәўир уйығандай билегим,
«Аллатала жақсылыққа» жол салып,
Орынланғай бири қалмай тилегим.

—Әне бала, Атахан да көринди,
Ол да көрди, танып алды түримди,
Төлепберген қорықпа аға, беккем бол,
Мен билемен туўры барар жеримди.

—Шақырайық, әстен дыбыс берейик,
—Тоқта әўел, ҳақыйқатлап көрейик,
—Ондай болса көп турмайық булманда,
Ал абайлап ақырынлап жүрейик.

Деди жүрип келди қора қасына,
Көп қарады келип қора қасында.
—Атаханжан бизлер келдик дегенде,
Атахан да тез-ақ келди қасына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Иркилмейик Атаханжан булманда,
Биреў келер шеттен-тыстан бул манға,
Қораны аш, малды алып кетейик,
Азанда айтарсаң барып Қулманға.

Қулман «аға» ҳәзир колхоз баслығы,
Колхозшының Қулманға көп қаслығы,
Сонлықтан да ҳешбир адам билмесин,
Жумыстың да ҳеш болмасын бослығы.

Мине, ҳәзир қора аўзын ашаман,
Биреў келсе қанын суўдай шашаман,
Сегиз өгиз, сегиз сыйыр алыңлар,
Қорықпаңызлар жолын өзим тосаман.

2

Ҳақыйқатлап бир-бирине танылып,
Түнниң тонын бойларына жамылып,
Аўзы бети қыймылдайды, гүйсейди,
Жүни жылтыр ҳәўкелери салынып.

Ыңырсыйды бир-бирине қарайды,
Тилименен мурынларын жалайды,
Жутып түнниң ҳасыл ескен самалын,
Тағы-тағы есе бер деп сорайды.

Баз бириниң аяқ қолы көсилип,
Қуйрықлары шыйратылып есилип,
Мәз-майрам ҳәм шады-қоррам мәсликте,
Жатырыпты жатқандай-ақ шешинип.

Анықлап, аңғарып қарап тум-тусын,
Ҳарамлық жайлады қораның ишин,
Зиян берип, зиянкеслер бүлдирди,
Түнниң усы татлы, дәмли уйқысын.

Мине, таң атыўға аз ўақыт қалды,
Малдың бас жибине қолларын салды.
Ақырынлап шешип алып қорадан,
Бирден оналты мал сайлады алды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Он алты мал түсип уры қолына,
Көзлери жайнады уры қолында,
Ақырынлап жыллы жерден шығарып,
Айдады, жасырынып жүрди жолына.

Оналтысы қысқы менен топланып,
Баслары байланып төрттен жупланып,
Жолға салып Атахан да хошласты,
— Қалмаңызлар — деди, — ҳешбир тоқталып.

Азғана жол жүрип, кирди тоғайға,
Маллар қарасады ҳәр ўақ жубайға,
Қуўанады Төлепберген, Төренияз,
—Соңын бергей бул бир түсти оңайға.

3

Таң атты нур төгип дүнья жүзине,
Жақты берип жанлы мақлуқ көзине,
Атахан да келип Қулман қасына,
Ақырынлап кирди «сулыў» сөзине.

—Алып кетти олар, ҳешким көрген жоқ,
Көрмек түўе, ҳешбир адам билген жоқ,
Түн ишинде «уйқыменен өли тең»,
Ҳешбир адам қулағында түрген жоқ.

Неде болса қарын молдан тояды,
Айтқан сөз бар бир сыйырын сояды,
Қалғанларын сатып тағы пул етип,
Билмегендей пулын түйип қояды.

Не қылайын енди аға Қулманым,
Айтып жибер кеңес берип булманын,
Бир жумысты сылтаў етип қашыўға,
Сазлайын ба аттың ери-турманын.

—Атаханжан қашпа ҳешбир бүлинбе,
Бар ақылым ҳеш адамға билинбе,
Үндеместен бар да ҳәзир жата қал,
Ақырынлап билдирип қой келинге,

Бир заманнан биреў келсе үйиңе,
Дәрриў жуўап берсин келин түйине,



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Еки күннен берли жатыр аўырып»,
Деп жууўап қайтарсын қарап жүйине.

—Олай болса аға ҳәзир қайтаман,
Өтириктен аўрыў болып жатаман,
Соңын ала усы жумыс билинсе...
«Ҳеш билмеймен, аўырдым» деп айтаман.

4

Жәнеде бөледи атқан күн нуры,
Ашылды гүл шешек қалмастан бири,
Бар тоғайлар күн нурына бөленип,
Жаңғыртып сайрады қусы-бүлбили.

Қанат жайды кең далада көк шәплер,
Шел басын толтырды гүлден пашеклер,
Қыбырлаған барлық халық оянып,
Қалмастан жыйылды көрпе—төсеклер.

Түргелди Қарабай, алды таяғын,
Ҳақыйқатлап қарап ояқ-буяғын,
Қорадағы малды көкке бағыўға,
Жүрип кетти ишип болып тамағын.

Әстен ергенегин ашып қоранын,
Маллар түрди күндегидей қулағын,
Қадағалап барлық малын Қарабай,
Дәрриў билди бир бәлениң болғанын.

Ақыл-ойлар ҳәр тәрепке тарады,
Ҳақыйқатлап барлық малын санады,
Сегиз өгиз, сегиз сыйыр бирден жоқ,
Көзи аларып жан-жағына қарады.

Дәрҳал шықты қора аўызын бекитти,
Дуздирсем бе екен хаткерге актти,
Я болмаса айтсам бекен баслыққа?!
Түндеги қараўыл қаяққа кетти?...

Не қыларын билмей көп ўақ ойланды,
Ой ойланды көп ойларға оралды,
Еки жонын бирден балта шапқандай,
Тула бойын зил басқандай қыйланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыйланып Қарабай қызара бөртип,
Бар ақылын алып, бармаққа шертип.
Қарабай жуўырды Қулман үйине,
Азанғы самалды изине ертип.

—Жаным аға, Қулман, үйде бармысаң?!
Турдың ба орныңнан сең ояўмысаң?
Деген сеске үйден саўал соралды,
— Албырама, малшы Қарабаймысан?

—Аўа аға, Қарабайман мен келген,
Бир арзым бар, айтсам болар ма тилден,
Малларды бағыўға барып қарасам,
Сегиз өгиз, сегиз сыйыр жоқ бирден.

—Неге ишинди жаманлыққа тартасаң,
Қаяқтағы болмас исти айтасаң,
Ертеменен алма мениң мазамды,
Басқалардан сора, ҳәзир қайтасаң,

Ертеменен журттың қыйнама жанын,
Бул ис рас болса төгемен қаның,
Сеннен басқа ҳешбир адам алмайды,
Қорадағы турған колхоздың малын.

Ҳәзир сени жаптыраман тюрьмаға,
Интизар боларсаң күнди көрмеге,
Жоғалған малларды ҳәзир табасаң,
Таппасаң ширийсең жатып тюрьмада.

Қарабайдың қабырғасы қайрылды,
Ақылы кетти, барлық естен айрылды,
Қулак қасқыр бул Қулманның сөзлери,
Жас ақыллы Қарабайды майырды.

Аўыр сөз астында мийи аўылжып,
Тула бойы қалтырап байлағандай жип,
Не қыларын билмей лал боп ойланып,
Қарабай қайғыда турып қалды тик.

Кең даланың самалларын қушақлап,
Өз-өзине сөзлер айтты усақлап,
Ийеги қыймылдап, аўзы кемсеңлеп,
Көзлеринен жаслар ақты моншақлап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаплады көп ойлар, ойды ойлады,
Барлық ойды мийлерине жыйнады,
«Не де болса Бекмуратқа айтайын».
Деп адым атлады жолға сыймады.

—Үйиңде бармысаң аға Бекмурат,
Ағажаным, маған жүзиңди қарат,
Жүрегим дүрсилдеп қорқып баратыр,
Илиңди мойынға аўыр жаман ат.

—Не болды, не қылды, ҳеш албырама,
Албыраған сөзлер мийге қона ма?
Дурысынан айтып жибер Қарабай,
Журттың айтқан сөзлерине қарама.

—Анаў қора қараўылсыз қалыпты,
Қораға жаў келип бармақ салыпты,
Сегиз өгиз, сегиз сыйыр жоқ болды,
Бүгин түнде келип уры алыпты.

Кемис оналты мал көрип санасам,
Бақырады айтып Қулманға барсам,
«Сеннен басқа ҳешбир адам алмайды, —
Дейди—бүгин өзиң урлап алғансаң».

—Дәрриў шақыр келсин Атамуратты,
Ертлесин беккемлеп торы ала атты,
Барлығы да бул ислердиң баслықтан,
Колхоз мүлкин пайдасына жаратты.

Сыбыр-сыбыр сөзлер көпке жайылды,
Ҳәрбир сөзлер ҳәр нәрсеге сайылды,
Көпшилик жыйналып мәслаҳат етип,
Ат белине беккем буўды айылды.

Баслық «батыр» Қулман қолын силтеди,
«Дәрриў тутың уры душпан өртеди,
Ким ҳақылы колхоз малын алыўға,
Тексериңлер малшы сөзи келтеди.

—Ҳәзир алты жигит тезден из кессин,
Биреў политотдел барсын, арза етсин»,
Деп Бекмурат ертип алты жигитти,
Деди,—тағы биреў қалаға кетсин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алтысының бир жигити Қарабай,
Көпшиликке көзин тикти аралай,
Өтириктен шыр-пыр болып Қулман тур,
Не қыларын билмей, түси шыдамай.

Қулман қызды, тула бойы қызарды,
Көп сөйледи кеңирдеги узарды,
—Тапсаңыз өлтириң малды алғанды —
Деп сөйледи, бети-аўзы бозарды.

Алты адам шықты жолға жыйналып,
Атларының қуйрық жалы доланып,
Тағы бир жигит те шаққанлықпенен,
Жүрди арзаларын беккем қолға алып.

«Батыр» Қулман тағы бақырды топқа,
«Көзимниң алдында тараң ҳәр жаққа,
Анықлап жоқ болса колхоздың малы,
Күйемен, жанаман парлап наҳаққа.

5

Күн нурына айналары жалтырап,
Жаққандай-ақ ҳасыл күштен шам-шырақ,
Әне,
Анаў политотдел кеңсеси,
Көз шағылысар, жайы әжжедей аппақ.

Жан-жағына гүл ендирген кең дала,
Көринеди ҳасыл жерди айнала.
Қуўанысып аўыл ишин толтырып,
Шад кеўилли ойнасып жүр жас бала.

Жердиң бети ҳасыл гүлге малынып,
Мың қубылып миййўалары салынып.
Жаңа мәкан беккем күштен салынған,
Турыпты ашық күн нурын жамылып.

Кең даланы бөлип созылған кең жол,
Жайнаған жарасқан гүлден оңлы-сол,
Көз ушында жалғыз атлы киятыр,
Алыстан көринип силтегендей жол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Торы аттын терлеп төси, саўыры,
(Ҳеш билинбей Аймураттың аўыры)
Шар тәрепти гөзлеп жүрип киятыр,
Ғыжлағандай болып оттың ҳәўири.

Туяқлары топырақты суўырып,
Жүрген сайын жер танабын қуўырып,
Ҳәзир политотдел, жүрип жетсем деп,
Жан-жағына ҳеш қарамай бурылып.

Қуяш түсип жақынласып еңсеге,
Күнде көтерилип келди сәскеге,
Аттан түсип, атын байлап Аймурат,
Сәлем берип кирип келди кеңсеге.

—Аман ба Аймурат қалай ислериң?
Иске қосылды ма барлық күшлериң?
Деп сорады политотдел баслығы,
—Уры ўайран қылды қора ишлерин...

—Не урланды, не жоқ, не аўҳал болды,
Қорадағы сақшы қаяқта қалды?
—Сақшы уйқылап қалған түнниң ишинде,
Сегиз өгиз, сегиз сыйыр урланды.

—Бригадир баслық активлер қайда,
—Баслық та бийшара уйқылаған жайда,
Бул исти ҳәммемиз азанда билип,
Ғалаба киристик малды қараўға.

Биреўден-биреўге хабарлар жетти,
Баслық Қулман турып бадабат етти,
Бес жигит бирден атқа ер салып,
Жоғалған малларды излеўге кетти.

Толық тийкарына түсинип истиң,
Колхоздағы болған зиянкесликтиң,
Тезликпенен Бийсенбайды шақырды,
Анығын ашыўға болған қылмыстың.

Келип билди барлық исти Бийсенбай [1],
Елесленди көз алдында барлық жай,

---

[1] Бийсенбай политотделдиң орынбасары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Сөзсиз жамай жаўдың исин бузамыз»
Деген жуўап шықты күшке болып сай.

—Тезликпенен исти қолға алайық,
Тексерейик колхоз исин қарайық,
Бәлки бул ислерге баслық айыплы,
Колхоздың ислерин қайта қурайық.

—Мен колхозға, тезден сен бар қалаға,
Тийисли жерлерге сөйлес қалада,
Ҳәзир қолланайық тексериў исин,
Ҳақыйқый ис ашылмастан тура ма.

Аймуратты ертип алып Бийсенбай,
Ғайратлы ер жүрек болып иске сай,
Атқа ерди салып политотдел де
Жүрип кетти аўыл ишин аралай.

## 6

Шыжғырған шаңқай түс, жазғы ыссы күн,
Сона, гүбелеклер берип сесли үн,
Баз ўақта сылдырлап жасыл жапырақлар,
Сондай самал есип турды алып тын.

Тереклер тербелип қыймылдап шақа,
Көгине бөленген болмастай қапа,
Қалың шырмаўықлар бүкке оралып,
Көгерип кең өскен болып мәрдана.

Ушып-қонып киши қуслар сайрасып,
Бири қашып, бири қуўып ойнасып,
Тоғайдың таңлаўлы тәсирли түри,
Келбети келисип турған жарасып.

Шешек атып, гүллер гүлленип өсип,
Мийнет салмасының суўларын ишип,
Буралып, шыйралып, күнге қарасқан,
Салланып, кийинип қырмызы ишик.

Усы шыйратылған гүллер ишинде,
Ҳақыйқый ҳәм әҳмийетли исинде,
Қуўғыншы колхоздың батыр ерлери,
Киятыр кешикпей аттың үстинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пышық мурны батпас шырмалған тоғай,
«Урыға тоғайды паналаў оңай».
Деп қамшы урып атын жүргизди.
Кеңес берип жас уллыға Қарабай.

Турып бир жигити деди «абайла,
Ҳәзир биз киремиз қалың тоғайға.
Олар басқа ҳеш жерге де бармайды,
Усы бүгин олар қонар тоғайда».

Беккемлеп, көтерип тығызлап бойды,
Шынлық иске жәмлестирип мол ойды,
Дүт тоғайды қалың бүкти айырып,
Бесеўи бес жақтан бирден ат қойды.

Аралап ойы ҳәм бийиктиң басын,
Қолменен көтерип терек шақасын,
Думаланып өскен атлар дойнағы,
Қағып ушырады терек жаңқасын.

Ашықты аралап, қалыңға кирип,
Бир-бирине алыс кетсе сес берип.
Алға-алға деп базда қол былғап,
Бир-бирине ымласады көринип.

Ыссы ҳәўир тоғай иши тынғандай,
Түрли қуслар дем алысқа қонғандай.
Баз бир жерлер ҳеш бир изди көрмеген,
Бети тегис ылайы саз, жонғандай.

Көз жиберип аралады жан-жақты,
Көре келе кенапаттай из тапты,
Жолдасларға қолын былғап Қарабай,
Бийикленген дүмпешикке ат шапты.

Қумарланып күлип қуўана басып,
Таўдан аққан суўдай толқынлап тасып,
Шақырды жағымлы жанлы сөзбенен,
Қос қолын көтерип, қушағын ашып.

Бүкти бөлип тереклерди теңселтип,
Өтлескендей неше өткелден өтип,
Зейинменен қулақ қойып даўысқа,
Барлығы да келди сол ўақыт жетип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўды-қуўды, еситпеди ҳеш шуўды,
Ой ойланды ой үстине ой туўды.
Сонша ўақыт қуўып келген сол излер,
Бетлерине жапты балшықлы суўды.

Суўдың шети көк шөппенен ажырық,
Из билинбес жүрилсе де қазылып,
Шубатылып көп жерлерди ораған,
Жаўдырап жайнаған гүллер жазылып,

Шаққанласып ҳәр тәрепке қарады,
Өткир көзге шар тәрепти орады,
Ақырын ымласып, иркилместен тез,
Аққан суўдың әтирапына тарады.

Дүзетип тағыда беккемлеп сапты,
Суўдан кешип, және атлатып атты,
Излеў менен көп ўақытлар болғанда,
Жоғалған излерди ақыры тапты.

Өзгерилди, шырайлары оңланды,
Барлығы биригип алға жолланды,
«Усы изди жоғалтпайық, жойтпайық» —
Деген шәртли сөзди берик қолланды.

Қуслар сайрап тоғай ишин жаңлатты,
Күн қыймылдап аяқ қолын узатты,
Бултты бөлген түнниң сарғылт сағымы,
Күн батыўын улыўмаға аңлатты.

Алтындай сарғайып күн нурын шашты,
Палўандай керилип қушағын ашты,
Уялғандай жер бетинен жасырынып,
Уясына кирип, бетин де басты.

Күн батқан соң басты жер бетин гүңгирт,
Сайраған сансыз қус болдылар жым-жырт,
Там басына тары жайғандай болып,
Шағырайып шықты жулдызлар жылт-жылт.

Әлем жүзин түн пердеси қаплады,
Қуўғыншылар түнде изди жоқлады,
Барлығы қосылып бирге ойласып,
«Жатайық булманда» — деди тоқтады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жатыўға қолайлы ылайық жер тапты,
Аттан түсип бири азлап от жақты,
Төртеўи дем алып бири гезекке,
Қараўыллап ҳәм атларды бақты.

7

Ҳәрбир мақлуқ мүтәж исине зийрек,
Мүтәжли ол исине табылса тирек,
Зар қақсаған зәрреси ушқан сыйырға,
Қорасында қалған бузаўы керек.

Ала сыйыр муңланады, мөңирейди,
Мөңирейди, жылағандай—еңирейди,
Бүлкилдетип сүтин емген бузаўы,
Ядқа түсип ҳеш тынышлық бермейди.

Сүтке толып қақсап ашып бүйени,
Аўызы көпирип, ағып силеми,
Жан-жағына қарай алмай лал болды,
Бет-аўзына жаққандай-ақ күйени.

Жалт-жалт қарап Төлепберген мыйқыға,
Ҳеш кетпейди еки көзи уйқыға,
Төренияз жатыр өлип қалғандай,
Ҳешнәрсе сезбейди, қатты уйқыда.

Басқа маллар турды басы байлаўлы,
Ериксиз тапқандай болып жайлаўды,
Келген күни бир өгизше сойылып,
Етлери тығылған қапқа жыйнаўлы.

Жақынлап киятыр түнниң де жарпы,
Маллардың қоршаўлы алды ҳәм арты,
Шырпынып мөңиреген ала сыйырдың,
Еситилди қуўғыншыға сес зарпы.

Сыйырдың даўысын еситип дүзден,
Малдың барлық түсин өткерди көзден,
Жолдасларын қалдырмастан оятты,
Қуўанышлы сулыў ҳүрметли сөзбенен.

Барлығы түргелди бирге шадланды,
Ойласықлы ислер мийде сақланды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Сөзсиз қарақшыны ҳәзир услаймыз,
Деп жигитлер ғайратланып атланды.

Бул қараңғы түнде екиге бөлип,
Қиятыр бир-бирине сөз берип,
Пәтли жүрип аз-маз ўақыт ишинде,
Турдылар ойласып шоқатқа келип.

Шоқатқа миндилер, қарады жерди,
Шуқырға байланған малларды көрди,
—Әне, анаў жатыр,—деди Қалмурат,
Сыбырлады сөз артына сөз ерди.

Бесеўи тайсалмай толық қамады,
Урыларға қашарға жер қалмады,
«Түн ишинде уйқы менен өли тең»,
Деген сөзлер өз басларын жалмады.

Анықлап уйқылаған ашып қушағын,
Түсте көрип қушақлады қосағын,
Келгенлерин ҳешбиреўи сезген жоқ,
Оятпастан алып қойды пышағын.

Барлық жолын беклеп, әстен оятты,
Ушып турды, қорқып көзин жайнатты,
Таңның да таңлаўлы самалы есип,
Булбил қуслар сулыў сестин сайратты.

8

Суў бурқырап ағып көбиклер ығып,
Толқынлар толықсып, еңбеклеп буғып,
Шыжғырған шаңқай түстиң ўағында,
Сайрады торғайлар аспанға шығып.

Жер бети жипектен кесте тиккендей,
Атыз-арық қатар тигис буккендей,
Шырматылып гүллеп өскен шырмаўық,
Көринеди нар түйелер шөккендей.

Шыйратылып көклер өсип қулпырып,
Қызғыш берип қызыл гүлдей қулдырап.
Маўытыдай мың қубылып өскен көк,
Көз ушынан көз тартады жаўдырап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шар тәрепти шолып көздиң шарасы,
Сондай көркем жердиң ойы саласы,
Шашаў емес мәкан басып бир қонған,
Жайнаған, жарасқан аўыл арасы.

Үй алдында бир еки ат байлаўлы,
Жупыны емес ер—сайманы сайлаўлы.
Қадағалаў иси жүрип колхозға,
Ҳәрким бир жумысты тереҢ ойлаўлы.

Қулман қалтырайды сөйлеп қызарып,
Гейде ҳийле етип, гейде бозарып,
Жаны-тәнименен гүррин қозғайды,
Ҳешбир нәрсе билмегендей қозғалып.

Тексерилди ис тереңнен қазылды,
Қабат-қабат тақта қағаз жазылды.
Толық жуўмақ көринген жоқ сонда да,
Саўал жуўаппенен links созылды.

Сақшы Атахан да қалтырап турып,
Жуўап берди тексериўде сөз бурып.
Ақырында албыраўға қарады,
Мойынына беккем түскендей қурық.

—Қай ўақытта қораға мал топладың,
Қай ўақытта қалай малды сақладың,
Мойныңдағы ўазыйпаны умытып,
Қай ўақытта, неге жатып уйықладың?

Ҳеш нәрседен жоқ па еди хабарың,
Ҳеш еситпедиң бе уры хабарын?
Ҳақыйқатын сөйле анық билесең,
Умытпа алдасаң нызамның барын!

Деген саўалларға жуўап бермеди,
Қылған исин өтириктен билмеди.
Қанша жасырса да сыры белгили,
Жүз қызарды қолын қуры сермеди.

Ҳәўижленди қадағалаў ислери,
Бирикти күш ҳақыйқатты күшледи.
Қулаш жайып қызған сайын тексериў,
Ҳүрреси ушып, Қулман қолын тиследи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түсип тур күн нуры жер бети жайнап,
Гүл-гүл дөнип, көклер гүл менен жайрап,
Топарланып көп тамаша етпеге,
Үй алдында көп балалар жүр ойнап.

Тым-тырыс далалық тынғандай жаўын,
Аңшылар тоғайға қурғандай аўын.
Күлип, қуўанысып балалар ҳәзлесип,
Топырақтан ислеп ойнайды қаўын.

Қызығып баллардың қылған исине,
Қуўанышлы рең берип түсине.
Қулымбет қорадан қарап отырды,
Балалықты елеслетип есине.

Ойынның оғада қызған бир ўағы,
Баллардың ойынға қызыққан шағы,
Бир қаўынды бузды билмей Баймурат,
Аңламастан тийип кетип аяғы.

Баймуратты дәрриў Шақан услады,
Услаў менен тек қоймады қыстады.
Билмесликтен болды, тийди аяғым,
Деди де Баймурат ҳешбир урыспады.

Билемен билқастан буздың ойынды,
Маған етпе терисленген ойынды.
Деди урды Баймураттың басына,
Жаманлығың ушын усы сыйынды.

Урысты, мушласты турып екеўи,
Айырды оларды қалған бесеўи.
Жети бала еки жаққа бөлинип,
Сес көтерди бирден турып төртеўи.

Урысын да көрип турды Қулымбет,
Баймурат қарсыласты бетпе-бет.
«Саған көрсетемен деген кисидей,
Шақан шағаладай ушып шықты шет.

—Бир түйир малы жоқ сениң ағаңның,
Көл бетте малы көп Қулман ағамның,
Сыйырлар туўғанда қатық ишемиз,
Сен сорасаң толған кирин жағаңның.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дайым түнде алып кетти сегиз мал,
Биреўин сат деди—сөйтип ғунан ал,
Сүт майынан саған дым да бермеймен,
Малы жоқ бийшара экең ғарры шал.

Деди Шақан жүрди адым атлады,
Баллар аң-таң қалды сөзин сақлады.
«Рас балалы үйдиң жатпас урлығы,
Деп Қулымбет барлық ойын топлады.

Көп балалар бир-бирине қарасты,
(Ким жасырар ҳақыйқатты, расты).
Маўаса болып төбелестиң кейнинен,
Барлығы да үйлерине тарасты.

Түргелди Қулымбет, —
—Мен де қайтайын,
Тексериўге бир усыныс тартайын.
Шыр-пыр болып айтқан Шақанның сөзин,
Ҳақыйқатлап комиссияға айтайын.

Түргелди де жүрди шықты қорадан,
Дүзеди белбеўин босқа oраған.
Көринди бир топар адам көзине,
Аланнан асырылып ойға қулаған.

Тағы да қарады ҳақыйқат көрди,
Қуўғыншы екенин анықлап билди.
«Жигитлер урыны услап киятыр»,
Деген сөзди айта үйге де кирди.

Дэрреў қозғалысты турып адамлар,
— Жақсы қарсы алып беккем қараңлар,
Берик болың шериклери қашпасын,
Көз жиберин жан-жақларға тараңлар.

Масайрап күн күлип ашық далада,
Барлық адам тезден шықты далаға.
Жуўырысып келип жан-жақтан адам,
Үйлер алды толды ҳаял-балаға.

—Айтамыз бизлер рахмет оларға,
Сонын арасында келди олар да,
—Қашқын урыларды мине усладық,
Деп қуўанды көзин салды буларға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Урыларға қашарға жер қалмады,
Сонша тәсил ойласа да болмады.
Ақырында қолға түсти «батырлар»
Деди де апарып жайға қамады.

Ала сыйыр жолды баслап мантаңлап,
Еки көзи жан-жағына жалтаңлап.
Онтөрт малды ертип кирди қораға,
Бузаўын жалады buғақ салпаңлап.

Көрди урыларды көплик таң қалды,
Гүллән адам билди толық аўҳалды,
Тағы үйге кирип гүллән адамлар,
Қадағалаў исин тағы қолға алды.

—Жолдас политотдел өтинишим бар,
Көпке айтатуғын арыз исим бар.
Мүмкин болса сөз бериңлер бизлерге,
Ҳақыйқат шынлықтан айтар сөзим бар.

—Берейик көпшилик тыңлайық сөзди,
Рахмет сизге таптыңыз бизди.
Олар бизди аямады жигитлер,
Сонлықтан да аямаң, қызартың жүзди.

Ғужырланып ушып турып Қарабай,
Жайнаған көз көпшиликти аралай,
—Мине ҳәзир барлығымыз отырмыз,
Сыр ашайық бетпе-бетке қарамай.

Мынаў Қулман бизге жамайы душпан,
Өзи де бай, бай-кулакқа бас қосқан,
Услаған урыға басшылық етип,
Мал урлаўға урыларға жол ашқан.

Колхоздың жумысын қастан қулатты,
Сойып жеди ешки менен ылақты.
Ақырында көрдик жаўлық белгисин,
Колхозды бузыўға малын урлатты.

Сонлықтанда Қулман ҳәзир қамалсын,
Колхоз иши жат-жамайдан тазарсын,
Туўры ҳәм тийкарлы кеңес нызамы,
Бойынша жуўапқа тартыў соралсын



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ҳақыйқат айтады жолдас Қарабай,
Қулманның ишинен өтти бизиң пай,
Бәрқулла колхоздың малын сояды,
Ҳешбир колхозшыдан кеңес сорамай.

Политотдел, аўылсовет шырағым,
Ҳақыйқатын еситти мынаў қулағым.
Шақан баллар менен ойнап жүргенде,
Айтты ҳақыйқатлап гәптиң турағын.

Ағамның малы бар деди балларға,
Аң-таң болды сөз еситип баллар да,
Шақырыңыз бәлки айтып береди,
Соннан соң қарайсыз бизиң ҳалларға.

Қарақшы ҳәм уры бизге қас Қулман,
Колхозға бәрқулла жаманлық қылған.
Күнинде майырып колхоздың исин,
Душпанлық дузағын бизге нық қурған.

Шақанды шақырды Баймурат барып,
Қушақлап мойнына қолларын салып,
Көпшиликке бирге ертип әкелди,
Ойнап қушақласып Шақанды алып.

Қалай Шақан балам, турмыс ҳалыңыз,
Палаў писиресиз бе, бар ма майыңыз?
Бизди қашан шақырасыз қонаққа,
Қатығыңыз көп, пе, бар ма малыңыз?

—Гүриш те, май да бар, үйге барыныз,
Көмип қойған бар тарымыз, салымыз,
Көп мал берди анаў ағам дайыма,
Тағы да көлде бар сыйыр малымыз.

—Дайынның аты ким?
—Аты Төренияз.
Мендей ғана баласы бар Алланияз,
Анаў күни бирге Қазақбай менен,
Малларды әкетти күлип етип наз.

Қулман қалды ҳешбир қыймылдай алмай,
Кирип жасырыныўға тесик таба алмай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ийини түсип иркиниште ойлары,
Сасып мийи басларына сия алмай.

Қолға түсти,
Қол көтерди көпшилик:
—Жоқ болсын колхоздан Қулмандай ширик,
Деген сүрен беккем қолға алынып,
Қулман үйге түсти аўызы илик.

Жасырылған сырлы қотыр қасылды,
Жамай жаўдың толық сыры ашылды.
Жасырып жойбарлы қаслық қалтаның,
Жыртылып аўызы — уны шашылды.

Партком, аўылсовет, политотделден,
Комсомол тағы да жәмийет шөлкемнен,
Шөлкемлесип комиссия дүзилип,
Қарады жумысты анықлап кеңнен.

Исти шешип кеңнен жыйнақ шақырды,
Көпшиликке салды шешкен ақылды,
Көпшилик қосылып көтерди сүрен,
—Жемқорлардан тазалайық ақырды.

Жуўмақлады қурғақ сөзди туўарды,
Колхоздан байларды айдап шығарды.
Советтиң нызамлы әдил судынан,
Мийримсиз жуўапқа тартыў соралды.

Қызды гүрес, жүрек тамыр жайнады,
Көпшилик қосылып ислер ойлады,
Большевикше беккемлеўге колхозды,
Қарабайды баслық етип сайлады.

—Табысқа тийкарлы жумыстың сазы,
Ҳешбир бос өтпесин қыс ҳәм жазы.
Күшлер ҳәўиж алып колхозлар болсын,
Тоқ хожалық нық большевик колхозы.

Атызда айқынлап мийнеттиң сесин,
Есаплап жумыстың ертели кешин,
Ислемеўшилерге берменизлер жол,
Ким ислесе зүрәәтин сол жесин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деди политотдел иске шығыңлар,
Ғайратланып исти қолға алыңлар,
Шынлықпенен шаўып ҳешбир шаршамай,
Мийнеттиң тәртибин жолға қойыңлар.

—Жол қоймаңыз қастиян ҳәм жаманға,
Ис ислеймиз ғайратланып майданда.
Артығынан орынлаймыз жойбарды,
Ғалаба атланды шықты майданға.

9

Қыс та, қар да кетти барлық жаўыны,
Аспан ашық күнниң де жоқ даўылы,
Қуўанышлы бүгин күткендей бир ис,
Масайрап көринер колхоз аўылы.

Көклер шығып жер бетине оралып,
Шыйратылған қыз шашындай буралып.
Әлем жүзи жайнап жаўдыраған гүл,
Бир-биринен жақтыланып нур алып.

Толқынлап желбиреп тигилген байрақ,
Мектептиң алдында баллар жүр ойнап.
Сымменен созылған радиолар,
Сазбенен сөйлеп тур бүлбилдей сайрап.

Жыйналып, топланып қыймылдаған жан,
Ойнап-күлип тамаша етип аламан.
Селтең етпей радио сесине,
Жерден ушырғысы келмейдилер шаң.

Қыз-жигитлер аппақ болып жуўынып,
Таза кийим кийип белин буўынып.
Шийрин тилден басқыласып сөйлейди,
Қамырлардан қыл тартқандай суўырып.

Қыз ҳәм келиншеклер кийинип жипек,
Жамылып басына ҳасыл орайпек.
Ески турмыс салтанатын қуртпаға,
Тақпастан таслаған сырға, әребек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәрбир үйде тамаша етип қонақлар,
Күлки менен жыйылмайды да жақлар,
Бири басқы тауып бири күлисип,
Басқынын астына түсти олақлар.

Бурынғыдай қурғақ емес басқысы,
Сөзге алынып жалқаулардың «жақсысы»
Шертилип дуўтарлар ойналып сазлар,
Сес көтерип айтты тойдың бақсысы.

Басқыланып ўаҳа-ҳалап күледи,
Басқы сайын олақ, жалқаў бүледи.
Кимниң қалай ислегенин көпшилик,
Ис үстинде ислеп жүрип биледи.

Теперишлерди жыйнап баслық Қарабай,
Жүзлери қызарып көзлери ойнай,
— Той алдынан өткерейик бир жыйнақ,
Қуўансын көпшилик табысты тыңлай.

Халықты жыйнады бәри ойласып,
Жыйналған халық отырдылар ойнасып.
Ғарры, жигит, бала, келиншек, қызлар,
Жыйналдылар қара көзлер жайнасып.

Қуўанып Қарабай ортаға шығып,
Еки қолын бирден қалтаға суғып,
Шыққаннан-ақ аўзын аңлып көпшилик,
Ықласын жиберди отырып буғып.

— Ҳәўиж алып социалистлик жарысы,
Ғайратланып бириккен күш табысы,
Қуўанышлы бүгинги той тамаша,
Сол жарыстың, сол шабыстың табысы.

Талўас еттик исти бәржай етиўге,
Ғайрат еттик алдағыға жетиўге,
Той алдынан көпшиликтен сорайман,
Жетискен табысты айтып өтиўге.

Көтерилди күннен-күнге бизиң ҳал,
Мектеп салып әтирапына ектик тал,
Сазлап күш көликти ҳәм де қуўатты,
Еки жүзге жетти ири, майда мал.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мектеп салдық, билдик билим санасын,
Таныдық турмыстың ағы-қарасын,
Үш жерден балалар яслисин дүзип,
Босатты балалар иске анасын.

Ҳасыл етип алтын пахтаны тердик,
Планды арттырып заводқа бердик,
Тағы қалған ўазыйпалы ислерди,
Толық орынладық нықлап бежердик.

Сөйтип орынладық пахта планды,
Ғаллеге толтырдық кеңнен қамбарды.
«Қурғын колхоз, тоқ хожалық болыўға,
Жағдай да көтерди, молдан қол барды.

Сүтке толып, гүби-шелек шайқалып,
Қазан-шөмиш қатықпенен шайпалып.
Бурын бизде отыз сыйыр бар еди,
Тағы сыйыр алды бир жүз хожалық.

Қулман бурын қурса колхозға желле,
Жасырынып кирсе моллалық сәлле,
Ҳәзир бизиң колхозшылар ашықжүз,
Телекте толы тур орталық ғалле.

Радио қурдық таза түрменен,
Мал отын жыйнадық гүзде сүрменен,
Егисликте таза усыл қолланып,
Барлық жерди сүрдик тракторменен.

Ат орнына бәрҳа трактор жектик,
Пахта шигитлерин машинменен септик,
Бурын ҳешбир үйли-жайлы болмаған,
Қырқ бес хожалыққа жаңа үй тиктик.

Колхозда бар 350 билек күш,
Барлығында жақсы турмыс, жақсы түс,
Кәраматтай қуўанышлы көриниси,
Мине бир жыл ишиндеги бизиң ис.

Бул бизиң жумысты көрип жамай-жаў,
Иш күйип, қурмақ бизге дузақ аў.
Компартия жолбасшымыз, биз таяр,
Қайтпастай күшлер бар, ғайратлы сап-саў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонлықтан да көтеремиз даўысты,
Қосамыз табысқа өрнек табысты,
Жасаң мийнеткешлер, колхозшы ерлер,
Деп Қарабай докладын таўысты.

Ҳүрметли қол қағыў қосылды сеслер,
Бақырыс:
Жасасын бириккен күшлер.
Қурғын колхоз, тоқ хожалық боламыз,
Жетемиз бул иске биз мийнеткешлер,
Деген ўәде ҳақыйқатлап қолланып,
Тыянақлы сеслер шығып талланып,
Мектеп иши мәдениятлы түрменен
Қуўанышлы ҳал киргизип бойына,
Ўақты хошлық ислер алып ойына,
Жыйналған көпшилик қуўана турып,
Сап тутып шықтылар колхоз тойына.

*1934—35-жыллар. Москва.*

## БАТЫР

(Советлер союзының геройы летчик Пилис Нурпейсовқа)

### I

### Серт

— Хош бол ата, ана жаным,
Қайнады кек жүрегимде,
Ҳарамы жаў басып кирген,
Ўатанымның пәк жерине.

Хош бол Әмиў — туўған елим,
Хош бол, достым, сәўер ярым,
Аямайман гүлистаннан,
Керек болса шийрин жаным. —

Деген ўақта Пилис батыр,
Жыйналған халық болды ырза,
Руўх берди, жигер берди,
Ар-намыслы туўысқанға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халық хошласып турғанында,
Қолын қысып қушақласып,
Сәўер яры Айым сонда,
Дәрья киби турды тасып.

Қыйқаш қасы, қара көзи,
Нурлы жүзге жарасып тур.
Көз астынан, жүрегинен
Ынтық болып қарасып тур.

Бәҳәр гүли Айым қыздың,
Күлимсиреп қара көзи.
Ләблерине паллар тамған,
Дәртке даўа шийрин сөзи.

Пилис яры қарағанда,
Жаз жайнаған күндей болып,
Қушақ ашты Айым жанан
Көкирегине шадлық толып.

Қушақласты, поса алысты
Тийди денеге бир ыссы леп,
Хош айтысты Пилис — Айым,
— «Халық перзенти бизлермиз!» — деп.

Хошласты да Пилис батыр,
Минди атқа. Жолға раўан.
Көз ушынан кеткенинше,
Қарап турды Айым жанан.

Бедеў минип кетти Пилис,
«...Қандай ҳүрмет-хызмет еткен»! —
Деп Айым қыз шықты атызға,
Қолына алып өткир кетпен.

Туўып өскен мәканында,
Фронт ушын ис қайнады,
Күн нурына жарқыраған
Қурал сайман қолда ойнады.

Ердиң яры ерге усап,
Айым беккем буўды белин.
— Тазалаймыз душпанлардан, —
Деди Айым совет-елин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## II

## Орынланған тапсырма

Қызды саўаш,
Қанлы майдан.
Кек қайнаған ҳәрбир ерде,
Ант етеди жүрегинен,
Киндик қаны тамған жерге.

Уатан ушын, халқы ушын,
Батыр болыў қандай ҳүрмет.
Жаўды жексен етиў керек,
Келгенин де бир бетме-бет.

Деген исеним ҳәрбиринин,
Орналасқан жүрегине.
Халық қуўат көз алдында,
Жеткереди тилегине.

Көз алдында гүлистан жер,
Көз алдында Кремль тур.
Көз алдында баўырман халық,
Көз алдында жайнап ел тур.

Қолда қылыш, қолда қурал,
Қолда байрақ астында ат.
Ҳәр қайсысында Чапаевтай,
Таў қопарар қарыў қуўат.

Қызды майдан, қызды саўаш,
Қалын қарға из салды оқ.
Жердиң бетин гүңирентеди,
Гүрсилдетип атылған топ.

Жердиң бети қалтырайды,
Тоғайда от, бурқып түтин.
Көктен жаўған жаңбырдай боп,
Бомба жарды жердиң бетин.

Ер басына күн туўғанда,
Суўды кешер саат келди,
Ат басына күн туўғанда,
Суўлықтан суў ишер енди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылдырымдай жайнаған оқ,
Аспан жүзи көринбейди.
Көктен жасыл түсседағы,
Батыр ерге билинбейди.

Бундай қыйын аҳўалларда,
Болыў керек өр көкирек.
Қажымай ис қылыў деген
Бул батырлық мәртлик, демек,

Елеследи туўған ели,
Пилис ердиң көз алдында,
Бурқып тасты дәрьядай күш,
Ушқанда көк аспанына.

Қандай қыран, қандай жүрек,
Жаў үстине ушып барған?
Бул — Пилис ер ел перзенти,
Баҳадырдан өрнек алған.

Жаў қорғанын батыр Пилис,
Ўайран етти иркилместен.
Самолеттен түскен бомба,
Мүдиртпестен жаўды кескен.

Жаў қорғаны болып ўайран,
Шерменделер қалды өлип,
Самолеттан жаўған отлар,
Жаў геўдесин кести бөлип.

Төбе-бөбе үйилген қар,
Бул қар емес өлтен душпан.
Дүзде жатқан ләтте киби,
Душпан жатыр оққа ушқан.

Басты демең қар үстин суў,
Ол душпанның аққан қаны,
Деме гөне там кесеги,
Ол жатырған жаў мазары.

Уралайды жерди жарып,
Жаңғыртады таў менен жер,
Жеңимпаз халық перзентлери,
Гүреслерде шыныққан ер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## III

### Пилистиң Айымға хаты

— Нигарымсаң Айым жанан,
Бир елеслет мени көзге,
Көз алдымда елес-елес,
Сүўретиң тур, емес өзге.

Көз алдымда, жүрегимде,
Бирге орнатқан гүлистанлар.
Ҳәмме ўақыт күш-қарыўым,
Мәдаткарым, ер инсанлар.

Халық яңлы жүрегимде,
Сенде турсаң гүлдей жайнап.
Ҳеш ядымнан шығар емес
Жүрген ўақыт бирге ойнап.

Ядыңда еле шығар сениң,
Ескен бир күн таң самалы.
Кең даланы шарла жанан,
Сәўлеленер яр жамалы.

Яр жамалы дәртке даўа,
Шын муҳаббат тилге орнар.
Пәк жүрекли Фарҳад—Шийрин,
Қасийети жүректе бар.

Муҳаббатым халықты сүйиў,
Сенде халықтың перзентисең.
Соның ушын мәртлик пенен,
Шын жүректен исенемен.

Айым жаным, зийрек қызсаң,
Түсин толық, исле мудам.
Ана ушын таяр ҳәрўақ,
Ар-намыслы ҳәрбир адам.

Бизге ақ сүт берген ана,
Бул қадирли, сүйикли ўатан,
Анасынан, Ўатанынан,
Ер азамат аярма жан?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен қылышты алғанымда,
Сен де алғыл қолға кетпен.
Шөлистанға суўлар барсын,
Мийнетпенен аққан терден.

Қулпы дөнип гүлленсин жер,
Гүлистанға тағы орнат гүл.
Жеңиспенен барғанымда,
Сазға қоссын сестин бүлбил.

Туўлап тасқан Әмиўимнен,
Суўлар ишсин ҳасыл жерлер.
Тағы канал қазыңызлар,
Мийнет ери батыр ерлер.

Жердиң тилин биледи-ғой,
Диййқан улы — болған халқы.
Қаз каналды Айымжаным,
Ер жигиттей исле, шалқы.

Кеңейсин жер, гүлленсин бағ,
Ғалы яңлы қулпырсын көк,
Қызылласын қырманларың,
Таў-таў ғалле телекке төк.

Хош жаным Айым гөззал,
Екеўимизде бир тилек бар.
Бул тилекти орынлайды,
Өзиң сүйип исенген яр.

IV

## Пилистиң хатына Айымның жуўабы

— Сәлем сизге батыр Пилис,
Маған жазған келди хатың,
Ҳәр ҳәриби бул хатыңның,
Суўретлейди ер сыпатын.

Тек елеслет деп айтыпсаң,
Ядымда тур секунд сайын,
Шын сүйген яр, үйренген яр,
Сыр айтыўға болар қайым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көз алдында турған яңлы,
Саған бир сыр ашайын мен,
Жазғы күнги ашық күндей,
Дүньяға нур шашайын мен.

Радио сөйлегенде,
Төбем көкке жетти мениң,
Мени даңққа ийе қылды,
Жер гүңиренткен атың сениң.

Газетада сүўретиңди,
Қарағанда жүзимде нур,
Жанға жайлы сөзлериң бар,
Мысал гәўҳар ашылған дүр.

Газетаны ашып оқысам мен,
Нурланады Өзбекстан,
Туўған елим жазғы күндей,
Жайнасады бағыў-бостан.

Қуўанышта көкирегим,
Бирге өскен әдиўли жас.
Сени десем бул жүрегим,
Өзин иркип тура алмас.

Саған белли колхозымыз,
Туўған елге болды мәкан,
Күн-күн сайын қулпырмақта,
Күн шығыста Өзбекстан.

Сизлер ушын ғалаба биз,
Майдандамыз атланыста.
Шерикбиз-ғой; билесең сен,
Туўысқанлық ар-намысқа.

Сизлер ушын нанлар тайын,
Сизлер ушын бағыў-бостан.
Сизлер ушын жан аярма
Елин баққан батыр достан.

Сизлер ушын кийим таяр,
Сизлер ушын жаў-жарақ бар.
Сизлер ушын барлық нәрсе,
Сизлер ушын биз мәдаткәр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сизлер деген ўақта бизде,
Ҳәрбир ерде ғайрат тасар.
Айымжаның майданда жүр,
Жеңислерге болып қумар.

Сизлер ушын колхоз баққан,
Таяр бедеў қаназатлар,
Сизлер ушын көкке жүзер,
Таярладым қыран суңқар.

Сизлер ушын күни-түни,
Ислеп атыр фабрикалар,
Сизлер ушын атызымыз,
Лала гүлдей болып жайнар.

Сениң ушын қурдасларым,
Атызлар да ислеп атыр,
Мийнет сүйген қурдасларым,
Ер көкирек иске батыр.

Тойлар тойға улассын деп,
Той күтеди Айымжаның,
Сыйлық пенен бирге салдым,
Усы серттиң бир нышанын.

Бул орамал қызыл байрақ,
Ыссы күнде болсын сая,
Қыс күнлери болсын қалқан,
Отлы жаўын жаўғанында.

Атакаға киргениңде,
Жеңис ушын болсын байрақ,
Желбиресин бул қызыл туў,
Бөленип күн нурында ойнап.

Жананыңман, достым Пилис,
Бир тилегим: жаўды қурт тез.
Ҳеш аяма, ҳеш иркилме,
Ҳарамылар келгенде гез.

Көмек керек болса шақыр,
Тез бараман жылдырымдай,
Жоқ қыламан шерменлениң,
Жер жүзинде бирин қоймай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаҳармансаң, қостарымсаң,
Халық улы батыр Пилис,
Айымжаның тап өзиңдей,
Ол өзиңе мәңгилик күш.

Биз қосылып той қылған күн,
Той ислесин ана Ўатан,
Бул тойлардың жемисинен,
Меҳри қансын пүткил жаҳан,

*1942-жыл.*

## СӘРБИНАЗ

### I

Нурлы гөззал таңы атты,
Сәўлели күн нурын шашып,
Атызларда қызлар күлди,
Жаз самалы зейинди ашып,

Жаз самалы жанға рәҳәт,
Кең далалар қулпырған көк,
Шайқалып тур шалғын егис,
Ырғалысып гезек-гезек.

Топарласқан йошлы қызлар,
Нәзерледи колхоз бағын,
Колхоз бағы көзге ысық,
Елеслетти яр жамалын.

Яр жамалын ойлағанда,
Сәрбиназ қыз қалды турып,
Атыз ишин шарлады да,
Көзди тикти мойын бурып.

Түси өзгерип қара көзи,
Масаладай кетти жанып,
Ақ алтынды қушақлады,
Өмирлик дос ярды ойлап.

Курдаслары қыз-жаўанлар,
Сәрбиназды алды орап,
Жипек шашын, басын сыйпап,
Сыбырласты ҳалын сорап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басын ийип Сәрбиназ қыз,
— Айналайын түрлериңнен,
Ақ алтыным дегениңде,
Дүрлер шашар тиллериңнен.

Деп Сәрбиназ кең даланы,
Көзи менен шолып таслап,
Зулпын таўлап бир қойды да,
Былай деди сөзин баслап.

## II

— Халықтың айтқан нақылы бар,
Мәрттиң сөзи арын жықпас,
Ар-намыслы арысланның,
Иси-сөзи ядтан шықпас.

Ядымда тур хошласқаным,
Жүрегимде мәңги жыллар,
Көз алдымда қаҳарман мәрт,
Қушақ ашып, қысқан қоллар.

Көз алдымда ярдың жүзи,
Көз алдымда қаҳарман шәрти,
Көз алдымнан кетер емес,
Мақсет, тилек көркем келбет.

Көз алдымда, жүрегимде,
Ярға берген беккем антым,
Өз өмирин сүйген адам,
Умытарма мәртлик антын.

Сол ярымды күтип едим,
Халық күткендей бағ жемисин,
Ярым мениң келмейди ҳеш,
Бирақ көрдим яр жеңисин.

Жан қурдаслар, заманласлар,
Сизге арналсын барым мениң
Сизге айтпай жүрген едим,
Мәрт болып өлди ярым мениң.

Деген ўақта қыз-жаўанлар,
Өзгертти ҳәмме бирден түсин,
Сәрбиназ қыз айтып берди,
Сәўер ярдың мәртлик исин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

III

...Ашыўлы түн қабақ үйип,
Көкти қалың булт басқан,
Аш бөридей ысқырып оқ,
Жер бетиниң сәни қашқан.

Перделенип булт қаплап,
Айдың жүзи тур ашылмай,
Ойланғандай жулдызлар лал,
Жарқыраўға тәсир болмай.

Тоғайларда қалың қайғы,
Көтере алмай басын ийген,
Омыртқасы гүрт еткендей,
Шақалары жерге тийген.

Таў үстинде қара булт,
Қан сасытып қабақ үйген,
Жалт-жулт еткен жылдырымнан,
Күйеленип бети күйген.

Сәни қашып, саңыраў дала,
Снарядтың уўын жутқан,
Қан пердесин кийип алып,
Ызаланып матам тутқан.

Аўыл иши, ыңранған сес,
Түнниң қайғы сазын шерткен,
Халықлардың бет-аўзы қан,
Тула-бойы искен, бөрткен,

Түнниң ишин тербентеди,
Шырқыраған жас балалар,
Топырақты мантықтырған,
Тула-бойдан аққан қанлар.

Аўыл-қала астан-кестен,
Қайғыланған зарлы сестен,
Ақырет-азап көрсе халық,
Естен танған нан жеместен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп ай бойы сандалып халық,
Ақырет-азап уўын ишкен,
Кемпир-ғарры нәрестениң,
Бет-аўзы, қабағы искен.

Мине усы ҳалда жатқан,
Азат қылыў ушын елди,
Болған уллы гүреслерде,
Халық билди батыр ерди.

Сол батырдың биреўи-ғой,
Азат еткен ўатан жерин,
Халық улы ел перзенти,
Жандай қорғар туўған елин.

Бултын серпип күн батыстың,
Ел үстине жақты шырақ,
Жаўды жексен етип унтап,
Ҳәм Берлинге тикти байрақ.

Елди азат етиў ушын,
Мәртлик пенен ғайрат салды,
Умытылмайды елдиң аты,
Герой деген аты қалды.

Өлеринде айтыпты яр,
Азат болды ана Ўатан,
Мәңги болсын бахыт өмир,
Ўатан ушын бердим мен жан.

Мәртлик пенен жан берип яр,
Бизге айтты сол нәсият,
Ярдың иси, достың күши,
Бизге болсын қарыў-қуўат.

IV

Яр сыпаты, ярдың иси,
Тири гүрес жолымызда,
Тасқын тетик турмыс ушын,
Уллы план қолымызда.

Партиямыз ғамқорымыз,
Бизге орнатты мәңги заман,
Баўырман халық, бирликли ел,
Деди заман бол абадан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Балтик, Дунай, Динепрден,
Деймиз елге гәўҳарлар шаш,
Жәбир көрген дослар ушын,
Ҳәмме ўақыт қулашыңды аш.

Әмиўдәрья еки бойы,
Жанға рәҳәт ҳасыл пахта,
Зейинди ашып кеўил йошсын,
Көз жиберип көрген ўақта.

Кең далалар гүлистандай,
Жерлер шалғын болсын егис,
Төрт жақ бирдей қубла болып,
Елдиң болсын ырысқы жемис.

Бизиң ушын болсын ҳәрўақ,
Бахыт бәҳәр абадан жаз,
Колхоз елин — ҳасыл жерин,
Тәриплесин шадлы ҳаўаз.

Жаўдан ўайран болған жайды,
Ҳадал мийнет пенен тез қур,
Мәденият майданынан,
Тағы елге шашылсын нур!

Сүмбил шашлы Сәрбиназ қыз,
Деп қызларға қарағанда,
Еркин мийнет қызды қайнап,
Мәўиж урып кең майданда.

*1945-жыл.*

## АЙДЫН ЖОЛ

Жоллар узақ еди, жоллар еди шөл,
Сары уўайымлы еди саҳралар,
Бул меңиреў майданда қуллардай гезип,
Бабаларым дәртке болды сазыўар.

Қара думанларда. қанлы қарларда,
Өте алмас еди шөллерден, қырдан,
«Жол азабы, гөр азабы» дегендей,
Зарлаў менен жутар еди запыран.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халықтың ойлаған арзыў әрманын
Болдырмады зарлы, залым заманлар,
Халықтан қан алды, халықтан алды жан,
Жыртқыш ҳайўан киби патшалар, ханлар.

Қара думанларды қанлы қурсаўды,
Серпип күн туўдырды данамыз Ленин,
Лениннин нурланған байрағын услап,
Партия табысқа баслады елин.

Дәртке даўа берген дарқан заманлар,
Күн киби жарқырап жайды қулашын,
Жақты күткен халықлар еркин жамылды,
Октябрьдиң нурлар шашқан қуяшын.

Жас баладай қушағында еркелеп,
Халықлар сүтке тойды Ўатан анадан,
Жерге, суўға елге болып хожайын,
Партия дәўиринде болды абадан.

Ўатанның сүйикли улының бири —
Қарақалпақ жазғы күндей жайнадың,
Уллы рус халқы менен қосылып,
Жеңислерге айдын жоллар сайладың.

Бурын айлар, жыллар жете алмаған,
Жақын болып саррас ашылып жолың,
Ўатандағы дос, туўысқан халық пенен,
Бирликте бахытқа жетисти қолың.

## ШӨЛИСТАННЫҢ ШЕГИНИЎИ

Электр лампасы жарқырап жайнап,
Қара қумның ишин бөледи нурға,
Саҳраға сәўлеси сулыў сән берип,
Өзгерис киргизди ой менен қырға.

Айнала отырған гүллән халықтың,
Жүзи жақты болды мысалы күндиз,
Жерге түскен ийнелер де көринип,
Бәлки кесте тиксең салып болар из.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақтыдан жайнаса сулыўлық алып,
Кең далаң төбе шоқаттың басы,
Жүзикке қас қондырғандай жарасты,
Тыныш түнниң жанға жаққан ҳаўасы.

Сәўле менен дөнип ҳәрқыйлы түрге,
Қызарып көринер мысалы күндиз,
Бундай сәўле шашқан, жақтыны көрип,
Көкте тәслим қылды жайнаған жулдыз.

Серпилгендей болды тастай қараңғы,
Сағымланды, сарғышланып аспан да,
Жақтының жайнаған сәўлесин көрип,
Уялғандай болды көктеги ай да.

Электр лампасы гөззал қаланың,
Жақты берген яңлы көшелерине,
Қослардың отына жақты уласып,
Нур септи қумлықтың көшелерине.

Егерде бийиктен турып қарасаң,
Меҳриңди қандырар, кең майдан,
Көз ушынан дизбекленип көринер,
Жалынлап дизилип, мысалы маржан.

Шөлистанда жатқан шағыр таслар,
Жақтыға шағылысып меруерттей жайнар,
Қайнаўытта ойын қылған балықтай,
Гүбелеклер тынбай машқул етип ойнар.

Таң қалып жақтыға ҳәм ҳәўес болып,
Гүбелеклер ушып алдырды аңын,
Шыр-пыр болып шыр гүбелек айланар,
Қуштарлы көргендей атқан жаз таңын.

Кеўилди көтерип зейинди ашып,
Елпил қағып түнниң самалы ести,
Таўдан ләрзем берген яңлы жаңлады,
Шертилген сазлардың жағымлы сести.

Қойны қуўанышқа толды халықтың,
Баслап жибергенде артистлер ойынын,
Сетем алған аттай қаймығып қашты,
Гүўлеген гүбелек жасырып бойын



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аспанда жулдызлар жымыңлап күлип,
Мыйық тартып булт астынан қарады,
Көкке жаңлап Пәтийманың ҳаўазы,
Қара қумды бийлеп, ҳалын сорады.

Ақыл ҳуўышын қойып жақсы намаға,
Тым-тырыс халық ықлас пенен қарады,
— Кәмал тап!
— Саў болың!
Деген хошамет,
Ҳаўазға қосылып, тынбай жаңлады.

Ышқы етип берилип кеўлин қойып,
Намаға қосылып шайқады басын,
Деп бақырды:
— Халық тилиңнен айлансын,
Қартайғанда уллы жеңис намасын.

Шағлаған ҳаўазды ҳүрметке бөлеп,
Гүўлеген шаппатлар урылды бирден,
— Тағы да?
Тағы да?
Деген даўыслар.
Даўам етип шықты отырған жерден.

Көп ишинде турған еди гөззал қыз,
Кеўли пәрўаз етип жан-жақты шарлап,
Тигилип қарады қарсы алдына,
Бир ғошшақ жигиттиң жүзине барлап.

Қыз қарады жигит жымыйып күлди,
Ышқы тәсир еткен ашықтай болып,
Жүзи бир-бирине ысық көринди,
Тағы қарағанда узақтан шолып.

Түскенде көзине жигиттиң көзи,
Байлап атқан яңлы болды нышана,
Шадлықтың шарабын ишкендей болып,
Кеўли бир-бирине болды пәрмана.

Қанша қызықса да ойынға олар,
Көз қараста етти нешше такрар,
Өнер исин машқы еткен адамдай,
Олар бир-бирине болып қалды қуштар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екеўиде ықлас пенен ойланды,
Бир таныс адамға усатып көрген,
Жигит жәўлан етип урынса да,
Есабын таппады барыўға бирден.

Жигит өз-өзине тәселле берип,
Тоқтатты қыялдың тынбай желиўин,
Отырыспаны бузып бир шетке шығып,
Халықтың аўдармайын деди кеўилин.

Қанша өзин иркип муқыят қылса-да,
Сонда да жас жүрек бермеди шыдам,
Еркин өскен еки жасы дәўирдиң,
Көз қарасын даўам еттирди мудам.

Қызық ойын көрип жыйналған халық,
Меҳри қанып ҳәмме йошланып сөйлер,
Көп ўақыттан кейин ойынлар тарқап,
Қосларына қайтты тамашагөйлер.

Қыз, жигиттиң келип күткен секунды,
Келгенинде бир-биреўин көрмеге,
Алды менен жигит барып жақынлап,
Қолайласқан еди сәлем бермеге

Сол ўақытта қыз танып алдына шықты,
Деп — қолыңды бер көрисейик Батырбек!
Батырбекте қызға қушағын жайып,
Түнниң ишин турды айырып жекпе-жек.

Апақ-шапақ болып шадланып күлип,
Елеслетип өткен исти ойлады,
Анасына ынтық болған баладай,
Көзлер күлип, масаладай жайнады.

Қандай бахытлымыз, Людмила жан,
Ҳәрўақ ерлик пенен ушырасамыз,
Ҳәммемиз бир хожалықта өскендей,
Қуўанып, шадланып қоллар қысамыз.

Қызық өмирлерден әңгиме таўып,
— Жүр, Людмилажан маўқымызды басайық
Қара қумды бағындырып қул еттик,
Сөйлесейик бирге кеўил ашайық!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деген Батырбектиң сөзин қайырмай,
Люда қыз жымыңлап қарады күлип,
Серпилди қараңғы қушақ ашқандай,
Жол берди ерлердиң қадирин билип.

Қара қум ишинде түнди қақ жарып,
Инталы еки жас басқанында из,
Еркелеген еки жастың тилеги,
Қуўанып қарсы алған яңлы болды дүз.

Саҳраның еркин басып еңсесин,
Люда қыз бир сыйпап қойғанда шашын,
Күсегендей болды шадлықтың шағын,
Шөлистан шегинип жайды қушағын.

Қолтықтан усласып раўан болып,
Кетти трассаның бойын жағалап,
Еркин түнди бағындырып еки жас,
Сайран етти Қара қумды аралап.

## ҚАРА ҚУМДЫ ҚУЛ ЕТКЕН МИЙНЕТ

Көтергендей көк таўдың гүмбезин,
Сары алтын липасын кийип шықты күн,
Жыртылғандай болып қалың пердеси,
Серпилип зым-зыя болып кетти түн.

Күн алтын күниниң қапысын ашып,
Жер бетине ҳасыл нурдан берди пуў,
Мәўиж урып бурқыраған Әмиў дәрьяда,
Сулыў түске енип ағып турды суў.

Күнниң шапағынан жерлер бөленип,
Жуўсан көклер кийди ҳасыл дәрайы,
Таңнан тәсир алып тилден дүр шашты,
Үнсиз жатқан Дәйек қатын сарайы.

Сарайдың салынған ҳәрбир гербиши,
Нешше мың жыллардан берип тур дәрек,
Нур менен бөленген еркинлик мийнет,
— Деди:
— Айдын күнлер болсын мүбәрек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп өрмелеп шығып бийик дийўалға,
Ҳүрметлеп халықтың жүзлерин сүйди,
Қулаш жайып қаҳарманлық мийнеттен,
Қол қаўсырып Қара қум да бас ийди.

Неше жүз, неше мың топар аламан,
Қосып бириктирип қайтпас қуўатын,
Қумды, таўды, тасты қоймай қопарып,
Көрсетти ерликтиң өшпес сыпатын.

Шөллерди гүлистан етпеклик ушын,
Қумды қашы қылып көтерди ерлер,
Ғажжа-ғаж мийнеттиң майданы қызып,
Күн менен жарқырап жайнады беллер.

Жарыса ояныл шыққан күн менен,
Люда қыз киятыр кеўилли шағлап,
Жүреги дүрсилдеп, кеўли шәўкилдеп,
Батырбек ҳаққында терең ой ойлап,

Ешейин жүрген жоқ Люда қыз бунда,
Баҳалап жүр алтын қадирли ўағын,
Аўырған адамды емлемек ушын,
Сумкасына салған дәри-дәрмағын.

Кесел болса емлеп тийгизип жәрдем,
Ҳәмме ўақ ислери болды нақма-нақ,
Ҳәр биреўди тартар еди өзине,
Билектеги ушығадай атанақ.

Соның ушын көрген ҳәр бир адамлар,
«Доктор қыз» деп атақ берди өзине,
Люда қыз халықты жанындай сүйип,
Сүрме қылды айтқан сөзин көзине.

Халық исин көрип ашылып зейни,
Люда қыз киятыр кеўли шағлап,
Жақынлап та қалды Батырбек бетке,
Толып тасып трассаны жағалап.

Бүгин уйқы көрмей күн-түн ишинде,
Қолдан түсирген жоқ Батырбек белин,
Қызыл қумды қырман қылып үйгендей,
Жылға етип ойды ислеген жерин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәскениң болғанын билди Батырбек,
Ыссылықтан кепкен ўақтында ерин,
Люда қызға түсти қара көзлери,
Сүртип атырғанда маңлайдың терин.

Иске қумбыл болып, умытқан екен,
Ҳәтте сәскеликте дем алар ўағын,
Люда қызды көрген ўақта Батырбек,
Күлимсиреп бир көтерди қабағын.

— Ҳарма Батырбекжан дегенде Люда,
Деди: «Ҳарма деген ҳалларға қуўат»
Өйткени екеўи көптен үйренген,
Ойын-күлки сөзи емес еди жат.

Батырбекке қарағанда Люда қыз,
Қызғыш дөнди бетлериниң алмасы,
Бир нәрседен ийбенгендей болды да,
Қыялап бурылды көздиң аласы.

Уялып, бир таслап көздиң қыясын,
Батырбекке дуўры қарай алмады,
Жумысты қойыўдың есабын таппай,
Ашылысып ҳалын сорай алмады.

Қызғыш дөнген жүзин тер басып,
Қыялдай иркилип ойланып қалды,
Шәўкилдесип урып турған жүреклер,
Түнги ҳәдийсени ядына салды.

Ала көзи жаўдырап қараған ўақта,
Керилип көринди қыйқаш қаслары,
Батырбектиң кеўлин өзине тартты,
Көзге ысық болған сары шашлары.

Бир-бирине ийбе етип турған жас,
Билмеди қайсысы сөйлерин бурын,
Шыдамсызлық пенен күтпекте еди,
Тағы ашпақ ушын дослықтың сырын.

Басланды сол ўақта түски демалыс,
Ис тоқтады. Халық қосына қайтты.
Батырбекте белин ийнине салып,
Люда қызға ҳүрмет пенен сөз қатты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жүр, Люда жан қосқа! Биз чай ишейик
Дем алайық халық пенен сөйлесип?
Батырбектиң қайтармады сөзин қыз,
Өтиниш еткен соң гәпти шорт кесип.

Халық пенен араласып екеўи,
Қос бетине қарай әйледи сапар,
Заманға жарасқан сәни-сыпаты,
Ел ерине қарсы қандай гүдикбар

Люда қыз еркелеп, мыйығын тартып,
Жыллы шырай менен қараған заман,
Деди киятырып жолда Батырбек,
— Түни менен уйқыламадым, Люда жан.

Сиз бенен хошласып келгенсоң қосқа,
Сонша жаттым ҳасла уйқым келмеди,
Еркин муҳаббаттың қарыў-ғайраты,
Тек қарап жатыўға ерк бермеди.

Сол ушын белимди қолға алдым да,
Иске қумбыл болып тийисип кеттим,
Өрнек болыў ушын ярға, жораға,
Бес алты адамның хызметин еттим.

— Шаршамайсаң сондадағы Батырбек,
— Жоқ.
Күшимди ҳасла баспады гирбиң,
Деп мийнет майданы дәстанларынан,
Айтпақ болды қоста Батырбек гүррин.

## ДОСЛЫҚТЫҢ БУЛАҒЫ ЛЕНИН КАНАЛЫ

Қоста ўақты хошлық, қоста тамаша,
Ҳәрким ҳәр тәрептен гүрриңлер баслар,
Ҳәр қайсысы ҳәр жақтан келип қосылып,
Барлығы туўысқан барлығы дослар.

Чаржоўдан Ургенч шәҳәрине шекем,
Ҳәр бир шақырымнан салынған жайлар,
Куры емес Қарақумның ишлери,
Мейли дүмпешиклер, мейли қыр сайлар,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ургенчке тезден жеткериў мүмкин,
Қандай бир айтылған сөзди Чаржоўдан,
Ҳәм тағы жуўабын алыўға болар,
Сап тутып ислеген қатар адамнан.

Қандай халық көп, сондай көп қослар,
Қарақум болып қалды жаңа бир мәкан,
Нешше жүз чайхана, мәдений жайлар,
Нешше жүз үйлер ҳәм неше жүз дүкан.

Буның барлығына орнасқан адам,
Қазан асып жайған толы дастурхан,
Ҳәммеси де бир анадан туўғандай,
Ҳеш биринен аямайды шийрин жан.

Кремль курантындай жарқырап жайнап,
Базы келсе, Москва, Ленинградтан,
Достың туўысқанлық исин ҳүрметлеп,
Келген Днепропетровский, Қоңыраттан.

Ғардаш, Қарақалпақстан болсын мүбәрек!
Деп келсе биреўлер Өзбекстаннан,
Қара қум ишинде жәрдем бериўге,
Келген дослар Ашхабадтан, Чимкенттен.

Ҳәммесиниң жүзлеринде қуўаныш,
Қамырдан қыл суўырғандай сөйлескен,
Бири сөйлеп, бири тыңлап мақуллап,
Жүреклерге жаққан сөзлер үйлескен.

Қоста көп ишинде отырған ғарры,
Ҳәмрениң кеўилин бөлди өзине,
Инта ықласларын салып тыңлады,
Қулақ салып қысқа айтқан сөзине.

— Иңгалап-аўзымды ашқаннан бери,
Өсип киятырман Дарған атада,
Қой бағып көргенмен Қарақум ишин,
Күни-түни жүрип паю-пияда.

Отыз жыл илгери усыннан бурын,
Ҳәтте қуста ушпас еди бул маннан,
Егерде кәрўанлар қумда адасса,
Кешер еди инсан шийрин жанынан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қорлық пенен қыя шөлде қой бағып,
Бай қолында жүрдик бир заман тынбай,
Түнде қойға қасқыр шаўып қыйналып,
Зар жыладық талай түнлер уйқыламай.

Мине, бул күнлерге көп жыллар болып,
Қарақумға атқан күннен тил кирди,
Жаңадан ашылып инсан тарийхы,
Дослық сөйлесиўге еркин тил берди.

Қарақум ишинде ең әўел баслап,
Машинаға минди адамлар жүрди,
Балықлардай сүзген көктиң теңизин,
Халық самолетти көз бенен көрди.

Деп ол питкерген ўақта гүрриңин,
Халық ырза болды айтқан сөзине,
Енди бәлким жигит сөйлер деп ҳәмме,
Қарап қойды Батырбектиң жүзине.

Батырбек билегин сыбанып қойып,
Өзиниң өмиринен айтты гүрриңин,
Халық пенен қосылысып Люда қыз,
Ҳақыйқатлап қойды ықлас кеўилин.

* * *

Отыз тоғызыншы жылдың гүз айы,
Бир жерге жыйналдық қырық мың аламан,
Ҳәр бири Берлинди алған батырдай,
Қайтпайтуғын қорықпайтуғын қаҳарман.

Тахаатастың, Әмиўдәрья қубласын,
Неше мың батальон қоршап алғандай,
Ҳәммесиниң таяр болып қуралы,
Ҳәрекет басланды ҳүжим қылғандай.

Бул гүрес, бул ҳүжим еди, суў ушын,
Қазбақ керек болды бир уллы канал,
Қырық мың бел кескенде жердиң қыртысын,
Ылай топырақлар атылды тал-тал.

Қарыў-ғайратыма таң қалды ҳәмме,
Тәўбе қылып басын ийди майдан шөл,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өрнекли исимди баҳалап жаннан,
Деди халық: «Раҳмет, комсомол»!

Туўысқанлық пенен тақ турған халық,
Ғалаба атланып минди күшине,
Көрсетип ерликтиң өшпес сыпатын,
Канал қурып болды тез күн ишинде.

Халық қуўатынан қазылып болып,
Ашылды каналдың ҳарлап сағасы,
Жаңа мәкан, жаңа жерлер, жаңа ел,
Гүлистан болды, Әмиў жағасы.

Кеше саҳраў болып жатқан далалар,
Бүгинде дәўлетли келди кәмалы,
Бахтымызға аққан усы каналдың,
Атын халық қойды — «Ленин каналы».

Бурқып мәўжиреген канал суўынан,
Хожели ели болса тағы абадан,
Тарийхтың сақлаўлы қапысын ашып,
Шоманайға қонды жаңа бир заман.

Суўды күсеп жатқан Шоманай жери,
Елди қондырыўға болған соң қумар,
Ҳәзир Шоманайда шадланған турмыс,
Кең егислик, пахта гүли қулпырар.

Қоңыраттан Үстирттиң таўына шекем,
Шоманайды баса қонған қалың ел,
Тазадан ашылып мың-мың гектар жер,
Колхозшылар егис егип, тартқан шел.

Ҳәр атыздың иши пахта, жоңышқа,
Ҳәр атызда ырғалысқан буўдайлар,
Бурын қалың тоғай болып жатқан жер,
Бүгин мийўа берген жемисли бағлар.

Каналында жүзип кеме, қайықлар,
Халыққа керекли жүклерде тасыр,
Кең даланы жайлап гүрлер сес берип,
Тракторлар тынбай жер сүрип атыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ленин қаналының еки бойына,
Қолхозлар орнасып егилген егин,
Қеше-күндиз зейинлериң ашылар,
Еситкенде заводлардың гудогин.

Ленин каналының еки жағасын,
Бийлеп алды салтанатлы бай елат,
Жыл-жыл сайын табыс тойы болғанда,
Досларын шақырар ҳәр бир азамат.

Мине, бул еркинлик дослық булағы,
Ол булақты қорғаў ушын халық қорған,
Қорғаймыз биз мудам, халық қуўатын,
Уллы партиямыз саў болсын аман.

Деп Батырбек сөзин айтып болғанда,
Ҳәмме раҳмет деди бир жерден,
Трассада тасқын ғайрат етиўге,
Йошландырып халықлар түргелди бирден.

Батырбектиң айтқан ҳақыйқат сөзи,
Людмила қызға көп тәсир етти,
— Хош бол, Батырбек жан, тағы ғайрат сал;—
Деп күлимлеп хошласып исине кетти.

Батырбектиң жүрегине ыссы леп,
Өткен яңлы болып қыздың көзинен,
Күле шырай берип көп узаққа шекем,
Қарап турды ынтық болып изинен.

## ЕЛЛЕРДИҢ ДАҢҚЫ

Шаңқай түс...
Жалындай аптап жел есип,
Қум ишин қапырық жайнаған ыссы,
Тәнг етәсир қылып, таңлай келтирип,
Тас төбеден өтип, қайнаған ыссы.

Көктен түсип жер күйдирген метеордай,
Қызыл қыя шөлде ҳәўирин жайған,
Жалаң аяқ бассаң сарғыш қумларды,
Мысалы усайды от жағып қойған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Егер сапар шексең бундай ыссыда,
Сарраслап серлейсең жолдың ағымын,
Тақыр жерди теңизбекен дер едиң,
Буўдақ-буўдақ ыссылықтың сағымын.

Көз ушынан кең майданға қарасаң,
Тақырлықта қызық бир түрли ҳалдур,
Буйра толқын киби шалқып жатырған,
Көринеди булдыр-булдыр буўалдыр.

Бул сағымнан талай сапар алданған,
Саҳраға нардай шөккен кәрўанлар,
Суўсырап сағымды теңиз екен деп,
Жете алмай жаннан кешкен инсанлар.

Мине, сондай қорқынышлы ыссыны,
Бенде қылдық тилин таўып түсинип,
Айдарҳадай жалын шашып келсе де,
Енди бизге бата алмайды тис урып.

Сондай ыссылықтың мәканы еди,
Бир ўақытта қанлар сорған Қара қум,
Ҳәзир биз үстинде мәкан басқан соң,
Бойсынғаннан тырп ете алмай жатыр жым.

Халықтың қуўаты сондай қүдирет ,
Бағындырды көлбеп жатқан жерлерди,
Байлықты ийелеп мийнетти жеңген,
Бағындырды айдын шалқар көллерди,

Мейли теңиз, мейли аспан, мейли таў,
Мейли тоғай, болсадағы қандай жер,
Халықтың абадан турмысы ушын,
Ҳәммесинде жумыс ислер бизиң ер.

Деп қуўанып тереңойлап Батырбек,
Билегин түринип киргенде иске,
Танк басып жапырылған тоғайдай,
Шыдам бере алмады Қызылқум күшке.

Күнге жарқыраған гидиман бели,
Жер қыртысын жети бөлди, айырды,
Бийиклерин қазып, ойын толтырып,
Қумды үйип ырашларын қайырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қандай бир қыйынлық болса да егер,
Оннан таўсалмады, гүрести қатты,
Егер ушырасса қалың мийтин тас,
Ақыл, уқып пенен аспанға атты.

Ең аўыр мийнетлер, ең аўыр servicesлер,
Қолайын тапқан соң күшине көнди,
Жарысқанды қуўып жетип озған соң,
Өрнекли жумысы кем-кемнен өнди.

Айдын жол салыўда нормалы исин,
Мың есе орынлап ҳәр күни мудам,
Күшине көндирип аўыр мийнетти,
Барлық исти етти бес күнде тамам.

Исти өндириўге шын машқы етип,
Қарамады күндиз бенен кешине,
«Бир жигит шығыпты» деген дағаза,
Тарап кетти халықлардың ишинде.

Халық ертек қылды, халық гүррин қылды,
Ердиң ерлик салтанатлы сыпатын,
Самолет қағазды қардай боратты,
Листовка, газетке жазылған даңқын.

Трассаға жаўған барлық қағазды,
Гүллән халық жабырласып қолға алды,
Бастан-аяқ оқып көрип, түсинип,
Батырбектиң ислерине таң қалды.

Люда қыз шадланып, шағлады, тасты,
Еситкенде Батырбектиң аңызын,
Жүрисинен қуўанышты билдирди,
Қыдырғандай пискен қаўын палызын.

Узақ жерден, районнан, колхоздан,
Келди адамлар ер дийдарын көрмеге,
Штаб начальниги сыйлық әкелди,
Батырбекке өз қолынан бермеге.

Трассаның басы тойхана яңлы.
Топар-топар халық келип жыйналды,
Сырнай, гернай, музыкалар шертилип,
Ўақты хошлық пенен ойын ойнады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Штаб начальниги ортаға шығып,
Батырбекти сүйип сыйлығын берди,
Қаҳарманға қумар болған халықлар,
Меҳри қанғанша қарады, көрди.

Ҳәр тәрептең сүўретшилер топланып,
Дүрмин қарағандай үңилип қалды,
Кино операторлары да кешикпей,
Кино журналына түсирип алды.

— Бир өтиниш, — деди, — жолдас сүўретши,
Мыйық тартып күлип турып Батырбек,
— Айтыңыз әдиўли, ҳүрметли жигит,
Сиз ушын арзыйды ҳәтте жан бермек.

— Егерде ўақтыңыз болса ылайық,
Сүўретке түспекпен бир адам менен,
Өмириме жәрдем берди ол адам,
Урысларда жүрип мудам менменен.

— Ол қайсы?
Қай жерде болдыңыз сизлер?
— Москвадан баслап Дунай дәрьясын,
Көрдик Будапешти ҳәм араладық —
Югославияның қала, даласын.

Душпанның ордасын тас талқан етип,
Батыс бултын қуртып жақтық шамшырақ,
Бәржай етип ўатан ана буйрығын,
Берлиннин үстине орнаттық байрақ.

Тоғызыншы майда жеңис тойында,
Дослық сауғасына шарап ишкенбиз.
Өмирликке болыў ушын ядигар,
Берлинде сүўретке бирге түскенбиз.

Сизге рахмет, баҳадыр жигит,
Менде ўатан ушын хызмет қылғанман,
Сизлердей жеңимпаз қаҳарман менен,
Менде Берлин қаласында болғанман.

— Жасаңыз халықтың садық уллары! —
Деп, сүўретши аппаратқа үңилди,
Халық қуўанышы шадландырғанда,
Батырбек Людаға қарады, күлди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕҢЕСЛИ ИС КЕЎИЛЛИ

Батырбеклер қайтқаннан соң штабтан,
Партия шөлкеми шақырды жыйнақ,
Өз ара кеңести, мәслахат етти,
Етпек ушын шешиўши исти нақма-нақ.

Штабта партия группасының,
Секретары болған еди Самендер,
Жағдайдың барлығын түсиндирген соң,
Батырбек сорады «маған да сөз бер?»

— Мен коммунист,
Деди Батырбек турып,
Сизлерге айтарлық мынадай сөзим,
Бул уллы қурлыста барлық нормамды,
Көрдиңиз питкердим бес күнде өзим.

Лекин буның менен питпейди жумыс,
Шақырайық атланысқа халықты,
Гүресли күнлерде сахра майданда,
Халықлар менен биз аламыз даңқты.

Мине колхозымыз қырық бес процент,
Қурылыс жумысын бес күнде болды,
Тағы да бес күнде болған норманы,
Орынлаймыз. Ҳәмме бирден ис қылды.

Гүллән тараўларда иске кириссин,
Үгитшилер, дуканшылар, докторлар,
Ҳәммеси ғалаба ислесин исин,
Сонда ғана бул ис тезден болынар.

Бул ис хожалықты тағы тиклеўге,
Уллы тирек болса мәдeният ушын,
Ең таяныш болмақ, ең қуўат болмақ,
Тағы бириктирип халықлардың күшин.

Қарақумда көп жатыўға болмайды,
Атызда ашылды аппақ пахталар,
Егерде булман да кешиксек бизлер,
Атыздағы зүрәәтти ким тахлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Буўдай, тары, жүўери, қырмызы салы,
Писип тур атызда бәри ырғалып,
Колхоздағы қалғанларға қосылып,
Биз жәрдем етейик иркилмей барып.

Уллы атланысын екинши жылдың,
Биз етейик тағы табыслы даўам,
Елимиз узақ жыл абадан болсын,
Өз атағын ақлап гүресте мудам.

Бизде буның ушын күш бар, қарыў бар,
Бизлермиз ғой бундай қурылыслар қурған,
Халық бирлескен, халық қаҳарман, халық қуўат,
Уллы гүреслерде бәрҳа тақ турған.

Егерде нормасын бежере алмай,
Базы биреў болса кейинде қалған,
Мен оған жан менен жәрдем берейин,
Айтыңыз, бериңиз исеnип маған?

Деген Батырбектиң айтқан сөзлерин,
Партия ағзалары қабыл еткен соң,
Ҳәр қайсысы алып бир-бир бригад,
Ислерине кетти жыйнақ питкен соң.

* * *

Трасса қайшысы үстинде турып,
Батырбек сөйлести links дослары менен,
Сыр алысты, кеңес етти, ойласты,
Жасы үлкен менен жаслары менен.

Батырбектиң сөзин мақуллағанда,
Ғаррының көз алдына кетти елеслеп,
Урыстан кейинге бир өшпес тарыйх,
— Улларым, сөйлейин, — деди, — мен дәслеп:

— Өткен жылы еди бәҳәр айында,
Айырғанбыз қыйынлықтың аўызын,
Сегиз мың аламан бирден атланып,
Биз қазғанбыз Пахта арна қазыўын.

Онда да қум еди таў-тас еди,
Белге мәдәр бердик, қолға күш бердик,
Қадирли ўақытты босқа жибермей,
Ҳәр адамға ылайықлы ис бердик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине сонда ерлик қылып Батырбек,
Бәрҳама ҳәммениң алдында болды,
Қумды жарып тасты тас-талқан етти,
Бир неше адамның жумысын қылды.

Қазыў қазып болғаннан соң ҳәмме халық,
Ашқанында Пахта арна сағасын,
Қуўанып шомылдым бир неше рет,
«Мийнеттен бурқыған суўың ҳағласын!»

Дегенимде мәўиж урған тасып суў,
Толып гүўлеп ақты Пахта арнадан,
Ҳә демей ақ зымырап ағып жулдыздай,
Тезден хабар алды Думан қаладан.

Неше мың гектардан ашылды жерлер,
Еркин елдиң ери егинлер егип,
Қызыл қала әтирапы оянды,
Пахта менен көк егинге бөленип,

Шөллерге жан енди қанған соң суўға,
Мысал қырмызыдай қулпырды майдан,
Гүлистанға дөнип, Гүлдирсин жери,
Бағлар бина болды бир неше әлўан.

## МЕНИҢ ГҮЛИСТАНЫМДА

Батырбек, Люда қыз, Турсынай менен,
Кинодан қайтқан соң қыдырды бираз,
Көктен төңкерилип қарап турған ай,
Жаз түнине жақты берди болып саз.

Қаплап айдың әтирапын маржандай,
Аспан түнлеринен қарап, қулдырап,
Көктеги жымыңлап турған жулдызлар,
Турған яңлы жерден сүйинши сорап.

Қулаш керип жатқан Қарақум ишин,
Қуўанып жайлады жағымлы желдей,
Ақ саўытын кийип айдын кешелер,
Көзге булдырланып көринер көлдей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жерге дөнген көк аспанның жийеги,
Әтирапқа жайып шалғайын, пешин.
Шоқатларды бөлип шәўкетли сәнге,
Елеслетти ақ түйениң өркешин.

Түнде сүттей жақты, жайнап тур әлем,
Билинеди жүрген мақлуқ қыбырлап,
Елпил қағып ескен түнниң желинен,
Тур шайқалып көк жуўсанлар сыбырлап.

Ай жердиң бетине пәрдозын берип,
Қызылқум қырмызы шапанын кийди,
Сарғышланып дөнген түнниң сағымы,
Көлбеп жатқан таўдың көксинен сүйди.

Тыныш түнниң жутып ҳасыл ҳаўасын,
Ийискеген яңлы әтир суўынан,
Зейинди ашып, кеўлиңди көтерип,
Жупар ийислерин таратты жуўсан.

Усы рәҳәтли айдын кешеде,
Шалқып тасқан жаслық шағың шаршамас,
Зийнет, ләззет пенен қумары қанған,
Бийикте отырды сөйлесип үш жас.

Бири рус қызы, бири өзбек қыз,
Бирўеи қой көзли, бири қара көз,
Бири қарақалпақ — бәри туўысқан,
Дослық пенен айтып отыр жыллы сөз.

Қырқ өримли шашын бир силкип таслап,
Көкиреги қуўанышқа толғандай,
— Мениң гүлистанымда деп сөйледи,
Ашық минез, айдай жүзли Турсынай.

— Москва, Кремль бахыт күнинен,
Өзбекстаныма жағылды шырақ,
Нанлары мазалы, жерлери ҳасыл,
Мысал жери алтын сары топырақ.

Жери май, жаныңа не керек болса,
Керекли затлардың бәри көгерер,
Таўы гүмис, жери алтын, көли бай
Дәрьялары саҳраға жан берер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еркин мийнет қушағында кең майдан,
Жерге ер қолынан тухым себилер,
Дәрьядай қулпы дөнип ырғалған,
Неше түрли әлўан егис егилер.

Таң қалдырып пүткил әлем дүньяны,
Жерлеринде алтын пахта қулпырған,
Колхозласып Өзбекстан елаты,
Шығыста пахтаның базасын қурған.

Пахта заводлары қойдай қозылап,
Тай-тай пахталарды таў етип үйер,
Үйилген пахтаның уша төбеси,
Бултты бөлип, бәлки аспанға тийер.

Таў үстинен жер бетине қарасаң,
Ғалы гилем яңлы ҳәр түрге дөнер,
Нағышланып, қызлар тиккен кестедей,
Көзиңе сүйкимли ысық көринер.

Кеўил ашқан сулыў бағлардың иши,
Өйткени ол мийнет пеңен дөреген,
Бағларында пискен ҳәрбир жемистен,
Дәмин татқан инсан тағы бер деген.

Бәҳәрде бағлары гүллеген ўақта,
Көринер қурылған мысал ақ шатыр,
Жемиси уўылжып пискен ўақытта,
Жүзими, алмасы таңлайға татыр.

Жеген сайын ашар зейниңди сениң,
Ерик, шабдал менен әнжир, әнары,
Ким сүймесин Өзбекстан жемисин,
Дослықтың даўасы, дәрманлы дәри.

Мийнет майданында шыққан ҳаўазға,
Завод, фабрикалар, даўыс қосқанда,
Шайырлар қолына қалем услатып,
Йош берип, жол силтер алтын дәстанға.

Ташкент комбинаты тоқыса товар,
Салар дүканларға товарлар уя,
Даңқын ҳәм тарийхын еситкен ўақта,
Иба етип ийбинеди Туркия.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еркин ҳәўиж алды туўылған елим,
Ең қымбат қадирли мийнетиң теги,
Липасқа бөлейди ҳәрбир адамды,
Фабрикадан шыққан атлас жипеги.

Той-тамаша сейил уллы жыйында,
Отырған халықтың кийгени жипек,
Ғошшақ жигитлердиң, гөззал қызлардың,
Үстине кийиўге сүйгени жипек.

Жипек комбинаты кең өмир көрки,
Халық ушын жумсайды күшиниң жәмин.
Қанша жипек талап қылса ўатаным,
Өзбекстан етер ҳәммесин тәмийин.

Сыңқ-сыңқ күлип гүмис киби аққан суў,
Памирден шарқ урып Аралға қуяр,
Әлўан-әўлан бағлар, ен жайған егис.
Сырдәрья, Әмиўдиң суўына тояр.

Еки жүз мың шақырым жердиң көлемин,
Суўға сазлап бердик каналлар қазып,
Нешше жыл бүгилип жатқан шөлистан,
Қулашын кең жайды арқасын жазып.

Уллы Ферғананың каналын қазып,
Оған қойып уллы бахыттың атын,
Дүнья жүзи деди нешше афарин
Көрген ўақта өзбеклердиң қуўатын.

Ойымыз егислик, қырымыз шарўа,
Қызыл қумның қойнын толтырар қойлар.
Пада-пада маллар жайылған ўақта,
Дейсең мүмкин малсыз жоқ шығар ойлар.

Қамары қозылар, сур, қара көллер,
Көргенде өзине ериксиз тартар.
Биринен биреўи артық болған соң,
Қайсысын алсам дерсең қойғанда қатар.

Көктиң жүзин қаплап ушса самолет,
Темир жолдан қатнар поездлар тынбай.
Халық пайдасы ушын бәрҳа ис етер,
Дәрьяда пароход, жерде трамвай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ауыл хожалығын тәмийн етиуге,
Заводымыз машиналар шығарар,
Трактор, комбайн, насосқа мотор,
Керек қураллардың бәри табылар.

Дем алыў, ислеўге адам ерикли,
Кеңнен ен жайды рәҳәт-мийнет,
Пүткил Өзбекстан халықлары ушын ,
Билимниң бесиги болып тур Ташкент.

Мәдeният халықтың меҳрин қандырып,
Ийе болдық нешше билимпазларға,
Дүньяны тексерген халықтың ғамы ушын,
Ақыл ғой қыз-жигит, өнерпазларға.

Шадланамыз еситкенде ҳаўазын,
Халиймадай гүлистанның бүлбилин,
Жанымыздай сүйип жақсы көремиз,
Дүрлер шашқан Айбек, Ғуламның[1] тилин,

Тарийхты тирилтип, тил зибан бердик,
Фархад ГЭСи гурлеп ислеген заман.
Бир-биреўин тойдан тойға шақырар,
Орта Тоғай, Боз суў менен Заравшан.

Колхоздың жайлаўы кең өрис алып,
Сырдәрья бойына қонды қалың ел.
Каттақорған көрсеткенде кәрамат,
Қўшағынан жемис шашар Мырза шөл.

Ада болмас Өзбекстан табысы,
Жылдан-жылға беккемленбек бизиң бел.
Аралайық Өзбекстан бағларын,
Жан ортақлар, бизиң елге тойға кел! —

Деп Турсынай сөзин питкерген заман,
— Барыңыз қонаққа, — деди дослары.
Үшеўи сайранлап қайтқанға шекем,
Жақты еди жататуғын қослары.

Қызлар менен хошласқан соң Батырбек,
Иркилмей туп-туўры қосына жетти.

[1] Ғулам — Ғафур Ғулам — жазыўшы. А. Ж.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елеслетип Турсынайдың сөзлерин,
Жатты да мазалы уйқыға кетти.

### БАХЫТЛЫ КҮНЛЕР

Гүз басланды, салқын самал да есип,
Түсе басласа да ағаш жапырағы.
Сонда да ыссылық тәсирин берер,
Булытты тесип шыққан күнниң шапағы

Лекин жазғы ўақтай емес Қарақум,
Кийди үстине гүздиң сары шапанын.
— Қыс түспестен бурын орныңды өзгерт,
Деп жызметке салды—қырдың шопанын.

Жазда асаў еди Қарақум иши,
Ыссы аптаплары жалындай лаўлап.
Қайнаған қызғыннан көбиклер шашып,
Шөгип жатыр еди түйедей аўнап.

Ҳәзирде мурнына буйда тағылып,
Ҳәзир өркешинен сызылды сызық,
Бул сызық ешейин сызылған емес,
Тарийхқа бир таңба болғандай қызық.

Ол сызық картадан кең орын алып,
Халық тарийхының белгиси болды.
Жаснаған, жайнаған жаңа дәўирдиң
Халық ғамы ушын үлгиси болды.

Бул сызықты карталарда көргенлер,
Бирден ықлас пенен созар дуўры қол.
Ҳәм қуўанып оқып ҳәмме еситер,
Дегенде бул Қарақум темир жол.

Егер самолеттан қараған инсан,
Дер ҳайран қалғаннан узақ қыйыр шөл.
Шөлистанды шегиндирип қойып,
Салған екен дер халыққа айдын жол

Сол айдын жолдың ийеси халық,
Орнатқан қайшыны белли жерине,
Поездларға сазлап Қарақум ишин,
Қайтпақ болды колхозына, елине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Темир жол салыўшы ғалаба халық,
Келген еди Әмиўдәрья бойына.
Әмиўдәрья бойы шадлыққа толды,
Ушырасып уллы жеңис тойына.

Халықлар ишинде Батырбек те бар,
Қасында Турсынай, Люда қыз бирге
Үшеўи де халық пенен қуўанды,
Жол салдық деп алға өрлер өмирге.

* * *

Әмиўдәрья суўы мәўжирип ағып,
Мақсет-мурадына жеткендей шағлар
Бурқасынлап ийрим тартып зымырап,
Памирден Аралға жүйриктей ҳағлар.

Татлы ылай суўы күнге шағылысып,
Қайнаўытып қурдымнан шыққандай қайнар.
Бийикке секирген буйра толқынлар,
Пароходты урып достындай ойнар.

Бирин-бири қуўып ойнаған толқын,
Ыққан қайықларды әстен тербетер,
«Москвич» жылысып ойдан өткендей,
Еңтерилип, өрмелеп толқыннан өтер.

Усы ҳалда қиятырған бир қайық,
Батырбекти тартты бирден өзине,
— Люда жан, нәзер сал, — деди ым қағып,
Күле шырай берип, қарап жүзине.

Бирақта Батырбек, Люда, Турсынға,
Айтпақ емес еди, қайықтың сырын,
Буны дәлил қылып шетке алып шығып,
Сөзин айтпақ еди ойлаған бурын.

Люданы, Турсынды қолтықлап алып,
— Турмыз хошласыўға татәррик көрип, —
Деген яңлы киси болып Батырбек,
Қарады қызларға сүўретин берип.

Люда ҳәм Турсынай сүўретин алып,
Салды сумкасына раҳмет айтып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хошласамыз, көрисемиз тағы да,
Бул естелик болсын көргенде қайтып.

—Әлбетте биз, гезлесемиз неше ирет,
Мейли вагонларда, мейли майданда.
Мейли жумысларда, мейли тойларда,
Мейли гүлистанда, Маскеў қалада.

Деп Люда қыз сөзин питкерген заман,
Қыйқаш қас Турсынай баслады сөзин,
Турсынайдың, Люда қыздың жүзинен,
Айырмады қарап Батырбек көзин.

— Деди мийман болың гүлистаныма
Дослар ушын ашық толы дастурхан,
Дос қушақлап сүйер Өзбекстаным,
Намыслы дослардан аямайман жан.

Деген еки қыздың ақыллы сөзи,
Жақты Батырбектиң жүрек жанына,
Сөз баслады ырзаман деп шадланып,
Азатлық дәўири бахыт таңына.

* * *

—Уллы октябрьдиң атқан таңынан,
Қарақалпақ еркин болып қалды ел,
Мәмлекет, жер, суў халықтың қолында,
Мийнеттен дөрелер айдын шалқар көл.

Отыз жылдан берли бахытқа ийе.
Ҳәр жыл тойланады табыстың тойы,
Булағына бөленген соң шадлықтың,
Гүлленип қулпырды Әмиўдиң бойы.

Қарақалпақ халқын гүллән ел билди,
Еркин республикасы қолында,
Уллы рус халқы ағасы менен,
Гүреслерде жеңди өсиў жолында.

Тарийхлар бойынша ҳасла болмаған,
Мине бүгин салдық айдын темир жол,
Абадан бахыттың таўсылмас ырысқы,
Жерлеринен ҳасыл өнер болып мол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине, мынаў турған Әмиўдәрьяға,
Тез күнде билимнен жүўен саламыз,
Қызыл қумнан баслап Аралға шекем,
Топырақтан ҳасыл сүзип аламыз.

Қолға алынып Түйе мойын қыспағы,
Суў электр станциясын қурамыз.
Қара таўдың кеңнен ашып қушағын,
Хожайынбыз, төбесинде турамыз .

Суў электр станциясы уллы күш,
Хожалықты қайта қурыўға тирек,
Елимизде парлап Ильич шырағы,
Мәдeният исине болмақшы жүрек.

Қаламызда, даламызда, колхозда,
Көшемизде, жолымызда, бәринде,
Электр нуры менен жайнайды,
Фабрик, завод, өндиристиң кәнинде.

Ҳәр бир хожалықтың ҳәр бир үйинде,
Электр лампасы жанады жайнап,
Бағларына сейил еткен қыз-жигит,
Нурларға бөленер жүргенде ойнап.

Қарақалпақ, Хорезм, ҳәм Ташаўыз,
Бул электр сәўлесине бөленер,
Қыя майдан қала болып, ел болып,
Егилген егислер ҳәр түрде дөнер.

Ай сайын ,жыл сайын, бәлки күн сайын,
Күн-күннен артпақта халықтың бахты,
Әмиўдәрья Арал теңиз үстине,
Электр нур себер жулдыздан жақты.

Қара таўдан қурған шийше заводы,
Халықтың ғамы ушын шийше шығарар,
Хожалық есабынан дүзеў заводын,
Көрген адам ислерине таң қалар.

Нешше жерден салып пахта заводын,
Нешше майданлардан қала саламыз,
Барса келмес, Қара көл ҳәм Қоңыраттан,
Жерлер қазып ҳасыл затлар аламыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мейли көмир, мейли нефть, мейли мыс,
Мейли мраморлар, мейли ҳәжжелер,
Қарақалпақ жери сондай кәнге бай,
Тилин тапсақ ийип ҳәммесин берер.

Ақ бөгет, Шоманай, Гүлдирсин, Қырық қыз,
Қызыл қала, Думан қала кең мәкан,
Жемисли бағ, әлўан-әлўан егистиң,
Нанын жеп таң қалар пүткил жер-жаҳан.

Теңге шашқан менен Есимниң бойы,
Пахта менен жоңышқаға малынар.
Нешше қырлар шарўашылыққа шақ келип,
Үстирттиң үстинде жайылар маллар.

Пайтахтымыз сулыў Нөкис қаласы,
Шытты шығарғанда фабрикасынан,
Электрдиң күши менен машинлар,
Товар тасыр, бул ис емес тосыннан.

Жаңадан қуралған фабрика, завод,
Қарақалпақстанның тарийхын ашар,
Ҳәр қала билимниң орайы болып,
Жас әўладлар билим, өнерлер қушар.

Уллы каналларды қазыў жумысын,
Ислетемиз машинаның күшине.
Мың-мың қыйын мийнетлерди қул етип,
Нур себемиз шөлистанның кешине.

Ел буннан да зыят абадан болып,
Бағлар қулпы дөнип, ашылар гүллер,
Бағ ишинде өмир, қызық, күнде той,
Артистлер сайрайды, мысалы бүлбилдей.

Келешеги сондай, келешеги кең,
Қайта туўған Қарақалпақстанның,
Сизлер де қуўанып тойларға келип,
Жемислерин жеңиз бағыў-бостаның.

Деген ўақта гудок берди пароход,
Ғалаба халық минди гезекпе-гезек,
Қызлар менен қоллар қысып, хошласып,
Халықтың соңынан минди Батырбек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Штаб начальниги халыққа қарап,
Рахмет айтты садық улларға,
Халық қуўаныштан шағлады, тасты,
Пароход қозғалды узақ жолларға.

Пароход жылжыды суўды айырып,
Темир жолды салып, халық елге қайтты,
Люда қыз, Турсынай деди: «халық ушын,
Аямаймыз шийрин жанды, қуўатты».

Пароход пәт пенен толқын дөретип,
Сулыў көринис берди суўдың жүзине,
Халық урралады, жерлер жаңлады,
«Жасасын Партия!» деген сөзине.

Пароход узақлап кеткенге шекем,
Еки қыз, Батырбек көринди тал-тал,
Турсынай, Люданың желбиреп турды,
Қолындағы аппақ жипек орамал.

*Дарғаната—Нокис. 1947-жыл.*

## ДАҢҚЛЫ ДОСЛАР

### I

Таң атты, жердиң бетин бөлеп нурға,
Сулыў күн сәуле шашып кең жаҳанға,
Кең дала көктен кийим кийип алып,
Қулпырып кундыздай түс берди қырға.

Дәўирден дәрман алып уллы даңққа,
Бөленип бәҳәрдеги сулыўлыққа,
Ашылған шөлистаннан жаңа мәкан,
Аяғын еркин сөзды этирапқа.

Таң нуры туўысқаны еркин елдиң,
Жолдасы жан сүйерлик бизиң жердиң,
Колхозшы өз күшинен қала салды,
Үлгисин өрнек етип қайтпас ердиң.

Көшеси кеўил ашып көркемленди.
Жайнаған жас жапырақ қулпы дөнди.
Ҳәр тасы, ҳәр ағашы ҳадал мийнет,
Өрнекли бул өмирден өсип өнди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тегислеп ҳасыл жердиң топырағын,
Бағманы екти жемис көп дарағын,
Жас гүжим жасыл дөнип жаўдырып тур,
Жер бетине жапқандай жапырағын.

Әлўан-әлўан ағашлар көше бойлап,
Көтерип көринис берди өсип жайнап.
Жанға жай, жаңа бағлар жарасып тур,
Сулыўлықты алғандай сүйип сайлап.

Кең көшениң көксинде көлбегендей,
Кең даланы көгертип кернегендей,
Қызыл гүллер керилип қулаш жайып,
Көгерип тур суўсызлық көрмегендей.

«Шөл шайтанды шабысқан суўлар қуўып,
Шөлистаннан шадланған өмир туўып,
Суў сеўип сүйгеннен соң фонтанда тур,
Өскен гүлдиң өкшесин суўға жуўып.

Қызыл гүлли фонтанлы скверге,
Бир топар қыз, жигитлер келди бирге,
Шадланады шарқ урып шағлап жаслар,
Ырза болып бахытлы бул өмирге.

Көп жаслардың ишинде көзге таныс,
(Бул ҳақыйқат, бул емес шалкем-шалыс).
Александр, Айжамал алдында тур,
Танып турман алдымда емес алыс.

Көрдимдағы кетпестен тура қалдым,
Көздиң нигин қараттым, нәзер салдым.
Көзге көз, жүзине жүз түскенинде,
(Даңқлы дослар!—дедим де танып алдым.

Қумартып қарағаннан көрдидағы,
Мыйығын тартып бирден күлдидағы,
Екеўи ентигисип жетип келди,
Қуўанып қолын маған бердидағы.

Көрисип бир-биреўди қолдан алдық.
Өмирдин өткен күнин ядқа салдық,
Сағынып көрискеннен зейин ашып,
Қуўанып апақ-шапақ болып қалдық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ай жүзли Айжамалым көзи ысық,
Өткир зейин өрнекли сөзи ысық.
Ақыллы азаматым Александр,
Көп пенен кеўил ашқан өзи ысық.

Бахыттың баўыр басқан гези ысық,
Жолдастың жан аямас жүзи ысық,
Бахыттың бесигине бөлеп турған,
Өрнек берген өмирдиң өзи ысық.

Усы өмир қойнында өсип өнген,
Экспрес поездын еркин минген,
Елдиң ери Айжамал, Александр,
Жаслайынан шыныққан көпти көрген,

Көп ишинде көрисип зейин ашып,
Бағ ишинде қыдырдық араласып,
Акация арасын сайран етип,
Үй бетине қайрылдық адым басып.

Көп узамай арадан үйге келдик,
Рәҳәтли тап-таза жайға кирдик,
Ақсақаллы атамыз отыр екен,
Ҳүрмет пенен көрисип сәлем бердик.

Бул отырған Сашаның еди атасы,
Сексен бестен жаңа асқан екен жасы.
Талай тартыс басынан өткергенин,
Дәлил етип турыпты көз қарасы.

Ақсақаллы әсирдиң гүўасындай,
Гүўалықтан қала ма сыр ашылмай.
Танысқан соң атамыз бизиң менен,
Куштарланып баслады сөзин былай:

2

Болды даўыл, дүбелей күн батқанда,
Қақ айрылды қара жер топ атқанда,
Аўыл иши былағай болып кетти,
Ел урикти мылтықты қаратқанда.

Баспашылар жаўындай оқты шашты,
Отырған халық аңсызда бирден састы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оқтан ушып бир неше адам өлип,
Қулай берип абынып қулаш ашты.

Бес атардың аўзынан шахмақ шақты.
Бойдан тарап қызыл қан етекке ақты.
—Елди, жерди жаўларға ҳеш бермеймен!
Ерлик пенен ақлайман берк атақты.

Абат ер дедидағы атқа минди,
Қараўытқан айырып қара түнди.
—Маған мақсет ерлерге хабар бериў,
Таба алмас сонда жаў кирер инди.

—Усыны айтып торы атқа қамшы басты,
Басып өтти ҳәдемей таў ҳәм тасты.
Жан аямай Абат ер атын шаўып,
Қалаға келди, ерлерге араласты.
— Уясына дөңгеленип күн киргенде,
Баспашылар жаланлап кирди елге.

Деген хабар жүректе кек қайнатты,
Бойға жыйнап жигер ҳәм күш қуўатты,
Жарақ алып қолына жас қыранлар,
Жаўға қарсы атланып атлар шапты.

3

Меҳримсизлер қан төгип ийтлик етти,
Пышақлады, пышағы етти сөтти,
Ықтыярсыз қызларға қосып алып,
Айгүлди де ерксиз алып кетти.

Түнниң иши,
Шолпан да туўған еди!
Жердиң жүзин шық түсип жуўған еди,
Қызыл қыя, таў таслақ арасында,
Талай ерди баспашы буўған еди.

Қумға аққан булманда аттың тери,
Тер менен қан уртлаған қумлық жери,
Дөрдияндай денесин оқлар сызып,
Өлген еди бир неше елдиң ери.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамға артып дәлилсиз өлим жүгин,
Пышырлатқан отқа өртеп еттиң түтиң
Усыманға ерксиз алып келди,
Өлтирмекши қызларды буўып бүгин.

Аппақ болып айрылып сүйек жатыр,
Бас басқа, геўде бөлек, ийек жатыр,
Ыңыранысқан алыстан даўыс шығып,
Жерге ийек қасқырлар сүйеп жатыр.

Иши алынған қабыртқа қайықтай боп,
Етсиз сүйек жүйеси жайықтай боп,
Мойын омыртқа морт еткен мылжа-мылжа,
Жатыр геўде ҳәр жерде тобықтай боп.

Балтыр, жилик сарғайған кеўип күнге,
Бир ўақлары бөленген қайғы үнге,
Таў үстинен суўылдап ескен самал,
Гүўа бол деп отырмыз усы түнге.

Геўде аўыр, тула бой зил басқандай,
Самал әсте есип тур үн қосқандай.
Жан-жағымыз жайнаған от ҳәм жарақ,
Қараўыл тур қапталда жол тосқандай.

Айхан отыр геўдесин басқандай зил,
Ашыў кернеп, сөйлесиўге гүрмелмей тил —
—Егер қолым бос болса көрер едим, —
Деп гижинип бир шетте отыр Айгүл.

—Қолға түстим деместен аңсыздан-ақ,
Ислер едим бир илаж басып аяқ,
Әне, отыр баспашы аўқатланып.
Әне оқлаўлы, үйиўли жатыр жарақ.

— Бир жарағын қолыма алар едим,
Жүрегине душпанның таяр едим.
Намысы ушын, халықтың ары ушын,
Жүрегине оқ атып салар едим.

Узақ ойлап усылай отырғанда,
Жаңа турып умтылып атырғанда,
Бири келип жаўыздың көзи аларып,
Қалтырады етлери бақырғанда,



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Не етпексең қыз? — деди бирден турып,
Бердим жууап ақырын мойын бурып,
Дегенимде:
—Халық сенлерден өш алады, —
Деген уақта жиберди мени урып.

Азап пенен сол уақта көзим тынды,
Жудырықтың зарпынан тисим сынды.
—Мендей болып жауызлар қаның ақсын, —
Дедим, — сеннен бир алар халқым өшти.

Усы гезде қан қызып, қуйқа жуулап,
Көз алдымнан өткен ис өтти зуулап,
Көтерилип басылып биз отырдық,
Әдиули атамыздың сөзин тыңлап.

Тула бойдан қызғын кек тарамайды
Түн пердесин еки көз аралайды.
Қумның иши қыя шөл қан сасыған,
Қарасақ та соншa өлик қарамайды .

Иренжирсең иркилип қарап изге,
Қапа болып отырып қула дүзде,
Ҳеш кетпейди есимнен, көз алдымнан —
Сол уақыттағы таңбасы түсип көзге.

Жатыр кеуип қарынлары гебежедей,
Исип ерни ыржыйып, тил сөйлемей,
Жамбас сүйек, гүректей қумға кирип,
Жатыр тағы ойылып көз дөнгелей.

Кийим-кеншек, тақыя, көп төбетей,
Бәри жатыр үйилип бир төбедей,
Тири уақта тынбастан тил сөйлейтуғын,
Қум тығылып жатыр ол тил көмекей,

Жар басында жарылған сүйек сынған,
Қанлар ағып аяқ-қол ҳәм қырқылған,
Бауыр, талақ, бөтеке, өкпе, ишек
Орын алған қан сасып ой ҳәм қырдан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әўел баста қум иши өлик сасып,
Өлик пенен ой-шуқыр ушырасып,
Хан, патшаның қан ишкиш жаллатындай,
Қула дүзге қузғынлар алған тасып,

Мойнымызды матады, арқан тақты,
Таяқ тийди, етлерден қанлар ақты.
Қыз-жигитти қыйынлық азап пенен,
Шала өлтирип меҳримсиз отқа жақты.

Гүңгиртленип көз алдым думан басты,
Тула бойға көзден жас араласты.
Қундақ пенен қарап муш тийгенинде,
Қушақладым абынып қара тасты.

Шыдамадық таяққа, шуўладық биз,
Суўдай болып қан ақты суладық биз.
Аман-есен күн жүзин көргеймиз деп,
Түнерген түн ишинде қуладық биз.

Қанлар ақты қумлықта, дене исти,
Жас жүректе қайнаған кек те күшли,
Өрге басқан өлимши болса да азап,
Умытпадық ерлерди — беккем күшти.

Самал ести, булыт жүрди, көшти тынбай,
Түн тунжырап турыпты, бирақ жаўмай,
Қара жер қушақлап биз жатырмыз
Таяқ тийген геўдени қозғай алмай.

Булыт серпилди аспан аз ашылғанда,
Азлап ғана жақты нур шашылғанда,
Бизди атыўға баспашы буйрық етти,
Таң да атып булыт көшип баратқанда.

Қолайласты, жыйнады шуқыр жерге,
Алынбақшы бес атар турған жерде.
— Усында биз растан өлемиз бе? —
Деген пикир болған жоқ өзимизде,

Арсыз өлим денени отлағандай,
Қайғы менен қара булыт қаплағандай,
Мылтық гезеп жанжақтан бандитлер тур,
Аш қасқырлар қозыны топлағандай



www.ziyouz.com kutubxonasi

Даўрық етип дөнсе де дүбирлеп дүз,
Баспашылар өлимге салса да из,
— Қаҳарман халықтан туўған уллармыз,
деп —
—Баспашыдан —өлимнен қорықпадық биз.

Сыбырласса сүликлер сыбырлассын,
Сыбырлассын өзи-өзи сыр алыссын,
Жаўға кейин жибермес халық — дос бар,
Деймиз, достың ғайратлы күши тассын!

Өли емес, уллы өмир жайнап кетти,
Душпанлардың қоллары дир-дир етти,
Жаўызлар бизди атайын деп атырғанда,
Ер Армия әтирапқа келип жетти.

Көз ашылды жаўдырап шайдай болып,
Қушақ аштық қуўанып айдай болып,
Тула бойға таң қалған тамаша енди,
Жас жүрекке сол мәҳәл шадлық толып.

Даўыл болып таң қусы ушқан яңлы,
Жыраға бүркит қасқырды қысқан яңлы,
Таса жерди таба алмай турмыс жаўы,
Маңлайын қара тасқа урған яңлы.

Жан-жағынан қамалды, қашалмады.
Жасырыныўға жарға аяқ басалмады,
Басы менен ғай болып ҳаўлыққаннан,
Жарағынан оғын да шаша алмады.

Суўлық шайнап арқырап минген атлар,
Жаў үстинде оқ шашты пулеметлар,
Төрт тәрепи қамалып бандитлердиң,
Дал-дал етти топарын атқан оқлар,

Булақтай боп ағысы таўды тескен,
Атакада усындай исти шешкен,
Советтиң салтанатлы қыранлары,
Қыйынлықтан қайтқан жоқ ҳәм гүрестен,

Халық ушын ҳәр бир жерде тасты ғайрат,
Жаўға қарсы гүрестик, жыйдық қуўат.
Баспашының ордасын ўайран етип,
Туўысқанды душпаннан еттик азат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўандық жеңис пенен ҳәмме бирге,
Қызыл байрақ қолға алып қайттық елге.
Халық пенен сонда биз азат еттик,
Айжамалдың анасы Айгүлди де.

Езилген халық ерк алды даналардан,
Нурланды Октябрьде жақты таңнан.
Октябрь Ленин менен партияның,
Халық ушын дөреген ақылынан.

Сол ақылдан дос болған еллер усы,
Халыққа садық болған ерлер усы,
Бөленген уллы бахыт нуры менен,
Кешеги қан төгилген жерлер усы.

Бахытқа дана Ленин болып бағман,
Бағ орнатты кешеги шөлистаннан.
Бул бағдың ҳәр жемиси досқа тирек,
Мине бизлер отырмыз бир туўысқан.

Ырзаман дослығына мен елимниң,
Дослық даңқын шығарар кең жеримниң;
Алдында бирге отырған Айжамалдың,
Қызы ғой азат болған. Айгүлиниң.

Айгүлдиң гүрриңи бар мине солай,
Арадан нешше жыллар өтти талай,
Сораңыз Александр, Айжамалдан,
Жас өмирин қосыпты бирге қалай?!

Деп ата күлгенинде муртын таўлап,
Александр, Айжамал жалт-жалт қарап,
Қызарды еки бети гүл-гүл дөнип,
Турғандай бир-биринен саўал сорап.

Уялғаннан Айжамал турып кетти,
Шар айнаның алдынан кесип өтти,
Шар айнаға келбети гез келгенде,
Сулыў сүўрет ҳәммеге елес етти.

Ҳүрметин бахытлы үйдиң көрип болып,
Жайнаған жас жүрекке шадлық толып,
Колхоз жерин, бағларын араладық,
Ата айтқан гүррińге шерик болып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бйз узақ араладық колхоз ишин,
Көз бенен көрдик даңқлы дослар исин,
Кешеги саҳра шөлди гүлистанға —
Айландырған билемиз колхоз күшин.

Күн күлип тур ҳүрметлеп аспан ашық,
Күнге қарап жер жатыр қушақ ашып,
Ақырын аралайық деди Айжамал,
Әне, бақша, бизлерден емес қашық.

Жердиң бети жайнаған жаққа кирдик,
Бүлбил қуслар сайраған бағқа кирдик,
Батыр елге бахытлы сән жарасқан,
Жанға жайлы рәҳәтли жаққа кирдик.

Жемисли бағ мийўадан түйме тағып,
Тәрбиялап жүр бағман бағды бағып,
Ескен самал тербейди шақаларын,
Салмада жарқырайды суўлар ағып,

Жасыл жапырақ жайнап, дөнип гүллей,
Атқан шешек көрер көз гиреўиндей,
Бағдың иши бөленген гүлдей кесте,
Түркменниң нағыслы гилеминдей.

Жемисли бағ ағашы өскен сай-сай,
Жемисли татлы Төрткүл ҳалўасындай.
Жупар ийис аңқыған тилде татыр —
Алмасы Алма-Атаның алмасындай.

Бир-бирине шақасы қулаш ашқан,
Бастан аяқ шақаны мийўа басқан,
Мичуринниң жемисли бағларындай,
Жер бетине ағашлар қуп жарасқан.

Араладық, бағларын, көз тартады,
Көз тартады, ҳүжданлы ис артады.
Алдымызда Айжамал жолды баслап,
— Пахта бетке жүр, — деди алға атлады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақытта бағ беттен бизге қарай,
Шадланып әтирапқа көзди шарлай,
Бағ ишинен тосаттан шыға қалды,
Усы бағдың бағманы екен атай.

Қан төгилген мәканға орын басып,
Халық пенен қосыла күши тасып.
Егислик бағ орнатқан усыманға,
Шөлистаннан жаңадан жерлер ашып.

Шөлистаннан салынған сулыў жайлар,
Сулыў жайды бөлеген өскен бағлар,
Атызда мийнет етсе, бағ ишинде —
Сайран етип халықлар бәрҳа шағлар.

Егисине жайлары келипти сай,
Қулпы дөнип бағлары өскен жайнай,
Бизиң менен хошласып Иван Карпич·
— Келип турың усы бағ, — деди атай.

Иван Карпич атайдың бағын көрип,
Гүрриңлесип бир майдан бағда жүрип.
Алғыс айтып атайға хошластық та —
Айжамалға тағы да кеттик ерип.

5

Жери сулыў колхоздың, көзиң тоймас,
Қысы-жазы ҳасылы ада болмас.
Кең даланың көгерген егислиги,
Алынады жыйналып зая болмас.

Көк қулпырған колхоздың жерлери бар,
Ғайрат салған жигерли ерлери бар.
Шешек атқан баў-бақша, мийўа таққан,
Үлги болған өмирге өрнеги бар.

Егин егиў ерлердиң ис өрнеги,
Пахта еди тоқыған ел өрмеги,
Ел биледи ер күшин баҳалайды,
Ҳасыл алтын атызда жер көркеми.

Карталанған кең дала болып тахта,
Жумыс еткен ғалаба турып сапта

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тахта жерди сап тутып жаўдыратып.
Ақ жумақтай жарасқан ҳасыл пахта.

Бағы болса шақасы жерге тийген,
Егислиги жарасқан жерди сүйген,
Жаўдырап тур алтындай ақ пахтасы,
Ақ жипектен басына қалпақ кийген.

Мыңның иси пахтаның қуўат күши,
Қуўат күштиң өрнекли еткен иси.
Фабрика, завод пахтадан тәмийн болған,
Көптиң күши колхоздың бул үлгиси.

Ебетейсиз ескилик усылы өшкен,
Колхозшылар жаңалық иске көшкен,
Машина жер сүрип жүр шигит сеўип,
Сол шигиттен алтында, пахта өскен.

Өз ўақтында пахтасы суўын ишкен,
Тәрбиялап ўақтында қалмай пискен,
Пахтаны машиналар тынбай тасып,
Мәмлекетлик қырманға толық түскен.

Ел абадан, ғалле мол, өскен пахта,
Ел билинер ҳәр ўақта исте сапта.
Мийнет етип байыған минут сайын,
Колхозшылар бахытлы ҳәмме ўақта.

Жер еди бир ўақытта қанлар аққан,
Май шыжғырып денени отқа жаққан.
Мине бүгин сол маңға еллер қонып,
Бирлик пенен мийнеттен табыс тапқан.

Абадан уллы бахыт орнады елге,
Алтын яңлы егислик ектик жерге.
Колхозшылар шадланып ис етип жүр,
Өткен күнги қан аққан, усы жерде.

Қыз, жигитлер қуўанып пахта берген,
Еркин мийнет қойнында өмир сүрген.
Сол ерлердиң биреўи Айгүл апай,
Гектардан жүз центнер пахта берген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қырман толы пахтасы, шадланады,
Шадланады ис етип атланады.
Колхозшылар атланса алға басып,
Иси менен ўәдеси ақланады.

Айгүл апай атызда мийнет қылған,
Көкирегинде ҳеш бир жоқ қайғы, әрман,
«Коммунизм» колхозы — турмыс гүли,
Халық пенен қосылып ол қуўанған.

Бир-бирине халқымыз баўырманлы,
Баўырманлық units ис айрылмады,
Намысы бир, ары бир, тилеги бир,
Баўырман халық қорғайды ҳүр Ўатанды.

Алтын өнер ис етсең ҳасыл жерден,
Ақыллы ер дөрейди батыр елден.
Кешеги күн атағын алған Айгүл,
Бүгин жерден халық ушын алтын терген.

— Жүз центнер гектардан пахта аламыз.
Дослар ушын ҳәр ўақыт ис қыламыз. —
Деп сөйлейди қуўанып Айгүл апай,
Тойдан тойға табыслы биз барамыз. —

Деп Айгүл тағы атызға араласты,
Пахта терди, иркилмей алға басты,
Мийнеттиң майданында ғалаба халық,
Баўырманлық бирликте күши тасты.

Көркем көринис күлип қушақ ашқан,
Ескен самал жағымлы, күн нур шашқан,
Ай жүзли Айжамалым қуўанышлы,
Жумыры келген жотасы күши тасқан.

Қара көзи ойнақшып маған қарап,
Сулыў тилден сөйлесип сораў сорап,
Сулыў сымбат сағынған белги яңлы,
Қыпылықлайды еки көз жүзди аралап.

Иңкар болып еки жас ынтыққандай,
Жас балаға биринши тил шыққандай.
Жаўдырап тур қулпырып көгерген көк,
Бизге қарап тербелип ым қаққандай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарасықлы жағымлы жаздың күни,
Сыбырласқан самалдан көклер үни,
Бизлер менен қосылып сайранласып,
Көтермекте кеўилди бағ бүлбили.

Күн сәўлеси күлимлеп жерди сүйип,
Қулпы дөнип жасыл жер жипек кийип,
Қушақ керип жазылған ашық аспан,
Еки шети турғандай жерге тийип.

Тумлы-тусты еки көз тынбай шарлап,
Пухта болып ақыл-ой кесте торлап,
Бизге қарай «Победа» келди жетип,
Жаздың желин бурқытып бирден ҳарлап.

Келдидағы тусма-тус тоқтай қалды,
Кабиннен Александр нәзер салды.
Әдиўлеп ҳүрмет пенен Александр —
Машинаға миндирип бизлерди алды.

Жолдың иси әңгиме сөйлеў қайым,
Ҳәр ким айтар тийисли болған пайын.
Күле шырай көз таслай қарадым да, —
Дедим сөзди баслаңыз Айжамалым!

Ақырынлап Айжамал тоқтаңқырап,
Көз астынан ҳәммеге күлип қарап,
— Сиз айтыңыз әўеле ағай? — деди.
Узын шашын қолына ойнап орап.

Ләззет, ҳүрмет дослықтың бир белгиси,
Елге ертек болады ер үлгиси,
— Достың сөзи сынғанша душпанлардың,
Мойны сынсын! — деген сөз еске түсти,

Өмир қызық, бахытлы, ҳәмме аян,
Ҳақыйқатлық турмысты етип баян,
Қумарланып тыңлады жолдасларым,
Сөйлеп бердим, бир исти өткен бастан.

Бир тамсанып билегин түрдидағы,
Көз қыйығын бир таслап күлдидағы.
Сөз баслады Айжамал сулыў тилден,
Ўәделескен гезегин билдидағы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Буўрадай буўрыл толқын басылмастан,
Әмиўден суў ағып тур бурқыраған,
Кремльдиң нурланған жулдызындай,
Әмиўдиң еки бойы жарқыраған.

Арпалысқан толқынлар жатты туўлап,
Ақсақаллы Аралда арқыраған,
Жаз қуяшы гүмистей нурын төгип,
Суўдың жүзи айнадай жалтыраған.

Еки бойы кең дала жупар ийис,
Қызлардың тулымындай өскен көклер,
Әлўан-әлиўан өскен бағ қулпы дөнген,
Мың қубылып көз тартқан гүл шешеклер.

Ер ми́йнети гүлленткен кең даланы,
Жаңа жердиң табысы жайнаған күн,
Шөлистанның шеңберин жыйнап алып,
Жерден өнген жемисти жыйнаған күн.

Сол күни еле мениң ядымда тур,
Александр алдымнан дуўшарласты,
Мыйық тартып күлдиде қол узатып,
Маған қарай тағы да адым басты.

Айдын жолдың үстинде ушырасып,
Күле шыра́й бердикте алыстық қол,
Бурыннан бир биреўге сыр белгили,
Болған соң гүўа болды усы айдын жол.

Сол күннен баслап бизиң арамызда,
Еркинлик муҳаббаты орын алды.
Мәңгиге маўықты басар күнлер болып,
Еки жас бирге өмирди қосып алды.

Деген сөзге түсинип мыйық тартып,
Ериксизден жибердим менде күлип,
Күлгенимди кеўлине келтирместен,
Енди Саша сөйледи сәл иркилип.

Бир күни,
Түнниң иши,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уйқы келмей,
Айжамалды ойладым, жата алмадым,
Төрт бөлип түн уйқысын түн ишинде.
Я келип оятыўға бата алмадым.

Өйткени Айжамалдың ала көзи,
Жүрегиме жаслықтан салды нышан,
Сол күннен баслап мен де қыял еттим,
Бул нышанды ақлайман дедим қашан?

Күнлер ҳәм
Түнлер өтти,
Айлар өтти...
Айжамал менен бирге жүрсекдағы,
Жақсы көрген достыңа жаслық сырды —
Бир айтыўға келмеди ҳеш қолайы.

Деп жүр едим бир күни соны ойлап,
Күлимлеп Айжамалым шықты алдымнан,
Сорасып сансыз сөздиң басын қурап,
Сөз айттым шийрин тилден, дослық жаннан.

Сөз айтыў қыйын екен қумар болып,
Ҳақыйқат жақсы көрген жолдасыңа,
Ақыллы азаматым Айжамалым,
Түсинди туўысқанлық сөз басына.

Қумартып қушағымды ашқанымды,
Сол заматы өзим де сезбей қалдым.
Көзин жумып, ай жүзин қаратқанда,
Әдиўли Айжамалды сүйип алдым.

Айжамал уялғаннан арман қарап,
Тур екен көп ўақытта ашсам көзди,
Денеме дос жүректен дәрман кирип,
Қуўаныштың қуўатын ол да сезди.

Қушақласып Айжамал менен бирге,
Сулыў бағдың ишине кирип кеттик,
Турмысқа гүўа етип таң жулдызын,
Еркин жүрип сол бағда сайран еттик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сашаның усы айтқан әңгимесин,
Мақул тауып Айжамал күлген яңлы,
Күле шырай бергенде сулыў жүзи —
Сыпатлады көргенге неше таңды.

Иван Карпич атайдың айтқан сөзин,
Александр, Айжамал шешип берди,
Сол ўақытта «Победа» зырғып жүрип,
Жаңа қала ишине жетип келди.

Жаз еди,
Жаңа таңда атқан мәҳәл,
Жыйналды колхоз аўыл адамлары,
Мың қубылып көк пенен дөнген дала,
Алыстан көз тартып тур жер алабы.

Усыманға жыйналды үлгили иске,
Бири қалмай халықтың алдыңғы ери,
Изертлеўди питкерген Айжамал тур,
Александр қурылыстың инженери.

Айжамал ай астында неше таңлар,
Изертлеген ыссыда бәрин бастан,
— Илимли, изертлеўши қыз, — деп оны,
Шайырлар ол ҳаққында жазған дәстан.

Нешше ай, нешше жыллар күни-түни,
Еринбей ертели-кеш гезген еди.
Турмысқа туңғыш алып бир жоллама,
Бул жердиң ҳасыллығын сезген еди.

Жайнатып, жаўдыратып пахта егиўге,
Нешше миллион гектар жер тапқан еди.
Бир жағы көл, бир жағы малға сабат
Бир жағы қыр-шарўаға қолай, — деди.

Дөмбе қумды жуўдырып аққан суўға,
Тағы да бағ егемиз қалың тоғай.
Бир жағы жипекшилик ҳәм жоңышқа,
Егилип гүллән егин болмақшы сай. —

Деп Айжамал изертлеў исин болып,
Халықты қуўандырып исендирди.
Сол ушын халық жыйналып усыманға,
Ғарры, жасы қалмастан бәри келди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басланғыш партшөлкемниң секретары,
Қуўанып кең даланы көзден шарлап,
Жыллы шырай жағымлы жүзи менен,
Сөз баслады халыққа шадлы қарап.

— Жыл сайын ашылмақта жаңа жерлер
Жыл сайын көбеймекте пахтамыз да,
Пахтамыз уллы дослық сабағы ол,
Бул пахта жеткереди бизди даңққа.

Қурылыс инженери Александр,
Планын дүзди канал қурылысының,
Ҳәммеси ҳеш қалмастан есапланды,
Халықтың ислейтуғын жумысының.

Соның ушын биз бүгин туңғыш рет,
Каналдың уллы исин баслаў ушын,
Жыйналдық усыманға бирлик пенен,
Беккемлеп дослық пенен халықтың күшин.

Сол ушын биз шақырдық усыманға,
Колхоздың гүллән халқын, ғарры-жасын,
Ашыўға сиз рухсат етиңизлер,
Каналды баслаўға бул жыйналысын! —

Дегенде ҳәмме халық шадлық пенен,
Қуўанып шаппат урды, шадлы сөзлер,
Қуўанып қушақ ашып Иван Карпич,
— Жолдаслар, — деди турып — маған сөз бер!

*1938—1948-жыллар.*

## ШОПАН ҚЫЗ ҲАҚҚЫНДА ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚ

Таң атты түн пердесин серпип таслап,
Күнниң нурын жамылды көк бенен гүл,
Жаңа жерге орнаған жас бағларда,
Сайрады ушып, қонып сансыз бүлбил.

Партаўдан пахта ҳасылын алыў ушын,
Ғалаба иске атланды — мийнет етти.
«Алтын көл» — деп атанған пахта жерлер,
Жасыл жапырақ жамылып жайнап кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таңда қонған аўылдың әтирапында,
Маңрады мың қубылып ылақ, қозы,
Ылақ пенен қозысын бағыў ушын,
Қосық айтып киятыр шопан қызы.

Даўысы кең далада жаңлап кетти,
Сыбызғының сестиндей сулыўланып,
Қой, ешкисин азанда айдап кеткен,
Шымыры шопан тыңлады қулақ салып.

Шопан қыздың шағлаған шадлы сести,
Шымырының тәсир етти жүрегине.
— Аўлақта арзыўлыма сөйлесейин,
Сырттан сүйип билдирмей жүрейин бе?!

Деп алаңнан ақырын асып түсип,
Келди қыздың қасына күлим қағып,
Булыттан шыққан күндей күлгенде қыз,
Жилўасы кетти бирден жанға жағып.

Шыдам берип туралмай Шымырының—
Сексен сегиз тамыры бирден қозды.
Бир-бирине бурыннан баўыр басқан,
Болғаннан соң қушақлап алды қызды.

Мүнайым минез бенен ләззет етип,
Жүректен алған жаслық күши тасты.
Аўлақ жерде алаңның етегинде,
Еркин ойнап еки жас маўқын басты.

Тилге тил, еринге ерин талай тийип,
Аймалап бир-бирине сүйкеп бетин,
Өмирликке өрнекли дос болыўға,
Айтысты азаматлық өмир шәртин.

Қуўанышлы қосылып той етиўге,
Екеўи азаматлық ўәде етти.
Кең дала көринисинде күтилмеген,
Бирден ферма баслығы келип жетти.

Фермаға баслық болған Пердебайды,
Ҳүрметлеп базда усы қыз сәлем берди.
Бул сәлемди Пердебай басқаша ойлап,
— Қыялы менде екен қыздың, — деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деди де сулыў қыздың сын сымбатын.
Пердебай сәўер яр деп сүйип қалды.
— Қатынымды таслайман, сени аламан! —
Деди де киси арқалы сөз де салды.

— Мийнет етип өмирде рәҳәт көрип,
Күн көриңиз дүньяның кеңи менен.
— Айтқаныңыз болмайды әпиў етиң, —
Қуўанып қыз ойнайды теңи менен. —

— Ҳүрметлеймен аға, — деп. — өзиңизди.
Сизге таяр аўқат, ас, қымызымыз,
Сонындай ақыл, ҳушқа ийе болған,
Мениңдей бар ғой ул, қызыңыз! —

Деп шопан қыз талай рет айтқан еди,
Ҳәттеки Пердебайдың жүзине де.
Аўыр сөйлеп баз ўақта ашыўланып,
Саррас жуўап қайтарады сөзине де.

Тыңламай түн уйқысын талай бөлип,
Тағыда келгени еди изин қуўып,
Пердебай келгеннен соң еки жастың, —
Бойында қалды азырақ ышқы суўып,

Екеўин еки жаққа бөлип таслап,
Қабағын үйип қарап адырайып,
Ашыўланып ат шаўып кейин қайтты,
Қула дүзде қуйынның қойнын жарып.

Шымыры менен шопан қыз шаңқай түсте,
Малын бағып кең жердиң саласына,
Күн батарда аўылға қайтып келип,
Қой, ешкисин қамады қорасына.

Пердебай жалғыз өзи келе салып,
— Ҳеш адам да алмайды колхоз малын, —
Деп жиберди түн ишинде басқа жаққа,
Қарап турған қой, ешкиниң қараўылын.

Илажсыздан қараўыл кеткеннен соң,
Жалынды жийенине — Назарына.
— Қорадан еки қошқар ҳәзир ал да,
Жасырын сат Нөкистиң базарына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп қораның аўзын да ақырын ашып,
Еки туқым қошқарды алды бирден,
Алдынан аңлаўсызда шығып қалды,
Шымыры менен шопан қыз қыдырып жүрген.

Шымыр шаққанласып шарпа тутты,
Назардың қой услаған оң қолынан.
Қара түнди қақ жарып қошқар қашты.
Ықтыярсыз айырылған топарынан.

Жудырық таў тасындай жумалады,
Бир-бириниң басына тынбай тийип,
Ийилип бүккесине Назар түсти,
Жибергенде аш бүйирге Шымыры түйип.

Шопан қыз шырқыраған даўыс пенен,
Бақырғанда Пердебай аўзын басты,
Таяқ пенен төбесине салып қалып,
Ҳийле етип билдирместен дәрриў қашты.

Аппақ қыз, ақыллы қыз, әдепли қыз,
Таяқтың зарпы менен сулап қалды.
— Мейримсиз-ай, бул қызды неге урды?!
Дегендей көкте жулдыз сығалады.

Гә турып, гә жығылып айқасыўдан,
Қыршылып қанталады шығанағы,
Шымыры щалтлық пенен шалып жығып,
Назардың қанай түсти оң қулағы.

Қараўыл қайтып келип кеткен жақтан,
Еситти бығырласып жатқан сести.
Арашалап айқасып жатқанларды,
Ақырында анықлап билди исти.

* * *

Назар менен Пердебай тутқында еди,
Суд болды. Аўыллардан халық келди.
Шопан қыз больницадан шығып келип,
Барлық исти суд алдында айтып берди.

Пердебай алдап-суўлап қатын үсти —
Шопан қызды ҳийле етип алмақшы еди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қос қошқарды өзлери урлап алып,
Шымырының мойнына салмақшы еди.

Шымыры менен шопан қыз шынын айтты,
Сүйенип анық истиң ҳадалына.
Халыққа қастыянлық еткен душпан,
Илинди уллы Совет нызамына.

* * *

Шымыры менен шопан қыз, шағлап йошып,
Қосық айтты қосылып кең далада.
Колхоз малын өриске жайып таслап,
Құшақласып қарады айналаға.

Урлық, зорлық, зомбылық, қастыянлық,
Жоғалсын жәмийеттен биротала!
Татлы турмыс, өрнекли өмир ушын,
Туўысқанлар, бәрқулла жан аяма!

*Москва, 1955-жыл.*

## ӨМИРБАЙДЫҢ ӨМИРИ

Шөлистанның шеңберинен
Услап алып айқасқандай,
Шаң жутып жүр дүзде шопан
Жеркенишли жер батқандай.

Тилким-тилким табаны да,
Қырқ жарылған өкшелери,
Денесинен дәрман қашып,
Жата алмайды кешелери.

Бети қалқып қабағы искен,
Күнге күйген еки жүзи,
Кең даланың көлеминде,
Шарлап жүрген жалғыз өзи.

Ҳеш тыным жоқ,
Ен далада
Қой изинен ол жүреди,
Қасқыр улып, шағал шуўлап,
Түн уйқысын төрт бөледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыста қалың қар қарсылдап,
Ысыран суўық ысқырады.
Шағырайған шаңқай түсте,
Жазда жанған ыссы урады.

Гүзде жаңбыр сел-сел жаўып,
Бәҳәрде қой жамырайды,
Қой изинен жуўырғанда,
Жыртық кийим жалбырайды.

Баста тумақ, қолда таяқ
Шекийнеси қолында бар,
Оның иши қара тақан,
Көп жесе де бермес димар.

Ойын-заўық көриў туўе,
Дем алыўға еди интизар,
Емин-еркин көз жумыўға,
Көптен күн-түн еди қумар.

Аўқаты аз, кийими жыртық,
Төсеги жер, дастығы тас,
Қор заманда қара тасқа,
Шыдам берип жүрди бул бас.

Дүзде жыртқыш ҳайўан қамап,
Қорқытса ҳәм жаллатындай,
Меҳримсиз бай шығар еди,
Шөлистанның шаянындай.

Он жасынан бул Өмирбай,
Еди байдың қойын баққан,
Тағы он жыл жылжып өтти,
Мысал жапта суўдай аққан.

Отыз жылда бул Өмирбай,
Көтере алмай мийнетин ҳеш,
Қан тырнақлы қасқырлардың
Көрди азабын күндиз ҳәм кеш.

Бул өмирдиң кең азығын,
Өмирбай ҳеш көре алмады.
Жан-жүрегин жыйып таслап,
Ҳәтте бир яр сүйе алмады .



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыйқаш қаслы, бота көзли,
Назлы ярдың аты жақсы,
Татлы өмирге ылайықлы,
Адам улы — заты жақсы.

Усы ярдың жолын күтип,
Ҳеш болмаса бара алмады,
Бир тиллесип, маўқын басып,
Қолына қол сала алмады.

Күни-түни болды қуштар,
Бир көриўге ашық жүзин.
— Ҳеш арманым жоқ, — деди ол,
Бир еситсем жыллы сөзин.

— Бул өмирдиң кереги не,
Еркин дәўран сүрмегенше?
Тақ турмыстың кереги не,
Бир перзентти сүймегенше?!

Қалың малсыз қыз ала алмас,
Бул заманның жарлы адамы. —
Деп зар жылап бул Өмирбай
Гүңирендирди кең даланы.

Өмирбайда қалыңлыққа
Беретуғын таўық та жоқ,
Ғалле түўе қапшығында
Қараўытқан қаўық та жоқ.

Отыз жыллап қуў далада
Жаўызлардан таяқ жеди.
Ол ўақытта усы Өмирбай
Шаянбайдың шопаны еди.

Халықты уллы азатлыққа,
Баслап уллы дана Ленин,
Азатлықты мәңги орнатты,
Қолдан қурды Совет елин.

Бай, патша ҳәм зулым, ханлар,
Опат болды халық қолынан,
Тарийхларға тирек болып,
Орнады бул жаңа заман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара түнди қақ айырып,
Уллы өмирге ашылды күн,
Жаўды жерден жоқ етиўге,
Гүрес қызды. Жаңлады үн.

* * *

Күнлер, айлар, жыллар өтти.
Бул кең өмир кетти жайнап,
Ҳәр жыл сайын халық қуўанып,
Алға басты бекип-шағлап.

Халық пенен қуўат қосып,
Кең далаға қулаш жайды.
Байдан ыза-кегин алып,
Жексен етти Шаянбайды.

Жарлы, диййқан, батраклар,
Ҳақ мийнетти анық билип,
Шаянбайдың дүнья-малын,
Нызам менен алды бөлип.

Езилген халық гүрес пенен
Жолдан жаўды сыйырып таслап,
Артель болып алға умтылды,
Жаңа өмир туўын услап.

Ҳәм Өмирбай, ҳәм Айпара,
Биринши кирди колхозға,
Көп күш қосып, бирлик етип,
Пахталар екти атызға,

Айлап, жыллап колхоз иси,
Алға қарай үдеп кетти,
Күш қосқан халық кең далада,
Куштарланып мийнет етти.

* * *

Бир күни кеш еди, үйде
Өмирбай отыр ойланып.
Сезгеннен соң буны Айпара:
— Отырсаң неге қыйналып? —



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп сораған ўақытта оған,
— Әй, шабазым Айпара жан!
Бас қосқалы неше жыллар,
Қанша ўақыт өтти арадан.

Екеўимизден басқа үйде,
Еркелетер ул-қыз да жоқ, —
Деген бир сөз Айпараның,
Кеўлин жақты тийгендей шоқ.

Сөзди айтып Өмирбайдың
Қызыл бурыштай дөнип жүзи,
Үйден шығып кетти ойланып
Масаладай жанып көзи.

Аңы қашып Айпара апай,
Қалып қойды үйде жалғыз,
— Қуштарман ғой мен де Өмирбай,
Сүйиў ушын ул менен қыз! — —

Деди тағы турды орнынан,
Ийнине салып кетпен,
Тезлик пенен жетпек болды,
Өмирбайға жаңа кеткен.

Шықты Айпара үйден әстен,
Уўайымның зили менен.
Аўырланып адым басты,
Өмирбайдың изи менен.

— Сегиз, тоғыз жылдан берли,
Туўмай отыр бул Айпара —
Деген сөзлер тарап кетти,
Қоңсы менен аўылларға.

— Айпараны айырмақшы,
Туўмаған соң Өмирбай да, —
Деген сөзлер еситилди,
Елден тарап көп адамға.

Оннан кейин көз алдында,
Елеследи өткен күнлер,
Өмирбайға өмир қосып,
Той ислеген шадлы түнлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ақ көкирек ҳадал нийет
Еди Өмирбай өзим сүйген.
Белди байлап басты қосып,
Өзим еди қалеп тийген.

Бизлер басты қосқан ўақта,
Жай жоқ еди, болды төле,
Жалғыз дастық, жалғыз төсек,
Жамыларға жалғыз көрпе.

Қолда сыйыр, ешки, қойлар,
Бағымыз бар жаңа өскен,
Туўмады деп таслар ма екен?!
Өмирбай айрылып естен.

Деп ойланып жүриў менен,
Атызына келди Айпара,
Күнде күлип қарайтуғын,
Қарамайды Өмирбай да.

(Ол ўақытта пахта отаўға,
Үлкен қурал еди кетпен).
Екеўи де кетпен урып,
Ислей берди еки шеттен.

Бурын булар бирге жүрип,
Бирге кетпен урар еди.
Мыйық тартып күлип ойнап,
Қыз жигиттей турар еди.

Мине, ҳәзир ондай емес,
Кеўлинде бир мәлел бар.
Екеўи де бала ҳаққында,
Ойланады болып қумар.

Базда Өмирбай, базда Айпара,
Астыртын көз таслап қояр,
Жаннан сүйип басын қосқан,
Өкпелесиў қалай болар?! —

Деп екеўи ойланады,
— Қане болса еди ул-қыз?! —
Деп ойланып ислей берди,
Шыққаншелли кешки жулдыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тоқтатайық исти Айпара
Екен ҳәмме кетип қалған.
— Қапа болма күш аламыз,
Мол билимли докторлардан! —

Деген сөзи Өмирбайдың,
Айпараға жағып кетти.
Түнниң ойын бөлип таслап,
Үйлерине келип жетти.

* * *

Қазылды жаңа каналлар,
Ашылды партаўдан жерлер,
Жаңа жерден қала салып,
Мәкан басты қалың еллер.

Алтын пахта кәни болған,
Қандай сулыў колхоз жери,
Жер жүзине даңқын жайды,
Сән-сәўбетли колхоз ели.

Мастерской ҳәм мектеплер,
Клуб, кино театр бар.
Колхозшылар истен кейин,
Көрер қызық тамашалар.

Мың-мың түрли машиналар,
Пахта атызда хызмет еткен.
Арба қостың орнына,
Машинаны иске жеккен.

* * *

«Бахытлы жол» колхозына,
Баслық болған еди Өмирбай.
Бес қызы бар. Батырлардай,
Ақылына жумысы сай.

Өмирбай ҳәм Айпара апай,
Қуўанады сүйип ақлық.
Дейди олар қуўанғаннан,
— Ислеримиз ҳақыйқатлық,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмирбай ҳәм Айпара апай,
Отыр еди чайын ишип,
Мыйық тартып күлди Өмирбай,
Өткен бир ис ядқа түсип.

— Айтшы атасы неге күлдиң? —
Деди қарап Айпара апай.
— Ол сениң де ядыңда тур,
Екеўимиз урыстық талай!..

— Қайдағыны ядлайсаң сен?!
— Қыз туўасаң қайта-қайта.
— Әўелинде туўмайсаң деп,
Ашыўландың сөзлер айта.

Туўмай жүрип изли-изинен,
Бес қыз туўып едим өзим,
Талай маған айтып едиң,
Қыз туўа бердиң деп өзиң.

Мине, ҳәзир бес қызымды,
Барлық халық таныи алды.
Олар өсип билим менен,
Халық исине, ғайрат салды.

— Ерке қызым Нурзада жан
Кетип еди Москваға,
Кетеринде дедим оған,
— Сәлем айтқыл Москваға.

* *
*

Фестивальдан тарқап жаслар,
Қайтты ҳәр ким өз елине,
Шадланған совет жаслары,
Өрнек берди жер жүзине.

Сүйикли совет жаслары,
Садық перзент уллы Уатанға,
Ҳағлап жүрген поезд бенен,
Жақынлады Москваға.

Бул советтиң жасларының
Ишинде бар туўысқанлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бахытлы өмир душпанына,
Қарсы турып урысқан бар.

Иран қызын қоршап жаслар,
Қуўанышлы отырғанда,
Иран қызы сөз баслады,
Қоршап алған көп жасларға,

Жаслар менен инта қойып,
Нурзада да бурды жүзин,
Уллы кекли жүрек пенен,
Иран қызы айтты сөзин:

Аш-әптада Иран халқы,
Суў орнына қанлар жутқан,
Бирдей емес турмыс парқы,
Жарлы күн-түн матам тутқан.

Қала да қан, дала да қан,
Сай-салаға тығылған жан.
Азап көрип империалистлерден,
Аш қасқырға ушыраған.

Сондай қайғы адамларда,
Жүзлерине сарғыш дөнген.
Қара түнниң таңларында,
Таў ишинде халық гүңиренген.

Гүзден, қыстан шықса зорға,
Бәҳәр паслы еллер бүлген,
Адам улы шықпай қостан,
Гүнде менен жерлер сүрген.

Аўыл, қала, көшелерде,
Шуўлаған сес, ықыранған үн.
Қайғылы зар кешелерде,
Қара булттан көринбес күн.

Ново-Қошан, Бажигран,
Мейли, Мешхед, Испаханда,
Аштан өлген неше мың жан,
Қорқынышлы Тегеранда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көктен жаўған сел-сел жаўын,
Жаўын емес халықтың жасы,
Аралаған қайғы таўын,
Азап көрип адам басы.

Қыста көктен жаўған қарлар,
Ол қар емес: аппақ зәҳәр,
Таў ишинде көп жыралар,
Шуўласады ҳәр күн сәҳәр.

Көктен түскен буршақ емес,
Суўық лептен түскен қаҳәр.
Сонша халыққа пайда бермес,
Динге тутқын болған шәҳәр.

Гүзде жерге түскен шықлар,
Ол шық емес — ол қанлы жас,
Таў ишинде узын жоллар,
Қуртқан, жутқан бир неше бас.

Бири емес сол жоллардың,
Таў ишинде уллы гүзар,
Таўда гүңгирт жыралардың
Биреўинен шығады зар.

Бул қандай зар? Таў гүңиректип,
Қайғы менен жүректи езген,
Жердиң бетин тебиректип,
Кең даланы муңлы гезген.

Муңлы ғарип шопан екен,
Сыбызғысын зарлы шерткен,
Шоқай кийген баўы жекен,
Зар шығарған уллы дәрттен.

Сыбызғының ҳәр бир сеси,
Тарийхлардан еткен ҳабар,
Қорлық пенен кетип еси,
Гүңиренеди қайғылы зар.

Сыбызғылы саңыраў дала,
Жым-жырт болды тыңлағандай,
Жыра менен ой да, таў да,
Дәртли муңға қосылғандай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сыбызғыны шерткен сайын,
Шопанның көз жасы ағар.
Өзи көрип өмир жайын,
Жүрегинде қайғы зар бар.

Жүректе дәрт, көзде жасы,
Отырғанда таўда шопан,
Излеп келди сүйген яры,
Қойынына қысып бир нан.

Қара тасты таса етип,
Алып келди сүйген ярын,
Сол жыраға келип жетип,
Сыйпалады басы, шашын.

— Масақ терип сениң ушын,
Тапқан едим жалғыз шөрек,
Алып келдим сениң ушын,
Талмасын деп жас жүрек.

— Империалистлер халықлардан,
Жүр урысқа қаржы жыйнап,
Рабочий, дийқанлардан,
Дүнья алып, жанын қыйнап...

Деген ўақта жыра астынан,
Шығып қалды жандармлар,
Қанлар жаўған қабағынан,
Қолында қанлы қылышлар.

Еки жасты кең далада,
Меҳримсизлер урды жастап,
Көзин тигип бийик таўға,
Жас жүрегин жерге таслап.

Төбесинде еки жастың,
Қанлы қылыш, жалт-жулт ойнап,
Иранда жер, таў үстинде,
Отыр жаўыз тисин қайрап.

Қылышынан қорқпай жаўдың,
Сыбызғысын шертти шопан,
Әтирапын бийик таўдың,
Сес жаңлатты сол бир заман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүйген яры даўыс қосты,
Ашығының намысына.
Жердиң жүзи жаңлап кетти,
Таўы, тасы, даласы да.

Иран қызы қосық айтып,
Таў гүңирентип, жер тербентти,
Азатлыққа ол қумартып,
Сыбызғысын тынбай шертти.

Дедидағы Иран қызы,
Ҳәдийсени етти баян,
Турған ҳәмме бир аўыздан,
Деди:
— Қурсын бундай заман!

— Қала, дала шопан зарын, -
Деди ол қыз, — ел тыңлады,
Иран халқы досларынан,
Туўысқанлық күш алады.

— Жаўды қуртыў, саплаў ушын,
Гүрес ушын буўдық белди,
Бахыт ушын Иран халқы,
Қосып қорғар туўған жерди.

Деп Иранның жарлы халқы,
Тынышлыққа қойды қолын,
Жер жүзине кеткен даңқы,
Сүй коммунизм жолын!

Сол ўақытта Москвадан,
Нур жайнады қушақ ашып,
Кремльдиң жулдызлары,
Жарқырады сәўле шашып.

Жер жүзинде азатлықтың,
Маяги болған Москва,
Қабыл етти қонақларды,
Кең қушағын жая-жая.

Жер жүзинде ерк излеген,
Дослар келди Москваға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азатлықтың күни болған,
Уллы пайтахт бул қалаға.

Арнап ҳәмме қосық айтты,
Жаңлап кетти пүткил жаҳан.
Ертең, бир күн жер жүзинде,
Орнайды бул азат заман.

Жер жүзинде езилген халық,
Дослық пенен қосып басын.
Қадирлейди ҳәм сүйеди,
Коммунистлер партиясын!

* *
*

«Бахытлы жол» колхозында,
Мине, бүгин уллы той бар,
Гүллән жерден халық келген,
Бир туўғандай бәри дослар.

«Бахытлы жол» колхозының,
Ағзалары мийнет еткен,
Планларын бәржай етип,
Уллы мақсетине жеткен,

Халық пенен қуўанышлы,
Бес қызы отыр усы тойда,
Олар усы шадлық пенен,
Алғыс айтты партияға.

Колхоз тойын, табыс тойын,
Күтип алып Палзада қыз.
ГЭС тең жақты берген ўақта,
Тәслим қалды көкте жулдыз.

Тойға сыйлық етиў ушын,
Сыйлап киши, уллы жасын,
Алып келди Гүлзада қыз,
Колхоз ушын «Аптечкасын».

Ырза болып Айзада қыз,
Халықтың өскен санасына,
Сыйлық китап алып келди,
Колхоз китапханасына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул уллы той бахыт тойы,
Бизиң ушын деп бул жемис,
Ҳүрзада қыз Гүлистаннан,
Алып келди татлы жемис.

Той басланды, халық шадланды,
Жер жаңлатты шертилген саз,
Колхоз тойын, табыс тойын,
Ҳүрметлеген жағымлы ҳаўаз,

Қосықларын айтып халыққа,
Шықты ортаға Нурзада қыз,
Халық қосылып намасына,
Деди:
— Бизлер туўысқанбыз!

Сол ўақытта Айпара апай,
Қуўанышта көзи жайнап,
Гезек-гезек сүйип алды,
Бес қызын қатты қушақлап.

Өрре турып Өмирбай да,
Халыққа қарай қушақ ашып,
Сүйди қызлар маңлайынан,
Баўырына қатты қысып.

Қуўанышқа ырза болып,
Колхоз тойын тойлады халық,
— Уллы Ўатанда өмир сүрген,
Дести адамға ең уллы даңқ!

Сол ўақытта радиодан,
Тыңлаңыз деп шықты ҳаўаз,
Тойға келген туўысқанлар,
Тыртым болып, турды бираз.

«Бахытлы жол» колхозының,
Ең алдыңғы қатардағы,
Ағзалары иси ушын,
Москвадан наградланды.

Батыр улы ер Өмирбай,
Уллы табыс тапқаны ушын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонша жыллар хызмет етип,
Мийнет палын татқаны ушын.

Алды Ленин орденин деп,
Айтқан диктор сөзин тыңлап,
Қутлықлаған халық даўысы,
Жер үстинде кетти жаңлап.

ГЭС қурысқан, жақты берген,
Мотористка Палзадаға,
Шөлистанға бағлар еккен;
Ол бағман қыз Ҳүрзадаға.

Орден «Мийнет Қызыл Байрақ».
Деген сөзди халықлар тыңлап,
Қушақласып ҳүрмет пенен·
Қуўанды халық қутлықлап.

Бахыт ушын хызмет еткен,
Eң уллы даңқ халық досына,
Деп қуўанып халық қарайды,
Өмирбайдың бес қызына.

— Миннетдарман уллы Ўатанға,
Аямайман шийрин жанды,
Халықлардың дослық жолы,
Нур жайнатсын жер жаҳанды.

Тойлаңызлар бахыт тойын,
Дос үлги алсын жаҳандағы.
Жер жүзине нурын шашсын,
Советтиң уллы байрағы!

Бахтымызға мәңги жыллар,
Уллы Ўатаннан нурлар шашты
Деп Өмирбай шағлап йошып,
Халық пенен қушақласты.

Нурзада да фестивальда,
Айтқан қосығын тағы айтты,
Ол бахыттың қосығы еди,
Халық қосылды, жер жаңлаты



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Қешеги шопан бүгин баслық,
Өмирбайдың бес қызы бар,
Уллы бахытқа нур берген,
Кремльде жулдызы бар.

Тыныш өмир дослық ушын,
Жақты жулдыз жайнап турған,
Өйткени оны дана Ленин,
Өз қолынан еди қурған.

*1957-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

### *Қосықлар*

Палўан қыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Сулыў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Улым тыңла . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Қарындастың қанжары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 6
Механизатор . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7
Максим Горький совхозы . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
Шалқый бер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 11
Қызыллады қырманың . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12

### *Тәрипнамалар*

Секретарь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
Ақ алтынлы аўылдың Амангүли . . . . . . . . . . . . . . 18
Урыста қаҳарман мийнетте палўан . . . . . . . . . . . . 23
Аллан азамат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Гүлистан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34
Батыр ҳаққында баянлама . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Арал азаматлары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Минометчик Қарамурза . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
Бизиң доктор . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 50
Туңғыш тракторшы қыздың тарийхы . . . . . . . . . . . 59

### *Поэмалар*

Қыз кеткен . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 74
Гүресте жеңдик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 77
Жумагүл . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 120
Гүрес . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 133
Батыр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 157
Сәрбиназ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 165
Айдын жол . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 169
Даңқлы рослар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 197
Шопан қыз ҳаққында ҳақыйқатлық . . . . . . . . . . . . 214
Өмирбайдың өмири . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 218

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Жолмурза Аймурзаев**

**СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ В ДВУХ ТОМАХ**

**ТОМ II**

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус — 1980*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редактор *Б. Қайыпназаров*
Художник *К. Нәжимов*
Худ. редакторы *З. Қадыров*
Тех. редакторы *И. Алламуратов*
Корректор *М. Қайыпназаров*

ИБ 119

Терийге берилген ўақыты 12/VIII—1980-жыл. Басыўға рўсхат етилген ўақыты 17/X—1980-жыл. Қоғаз форматы 84×108¹/₃₂. Көлеми 7,375 баспа табақ, 1239 шәртли баспа табақ, 11,43 есап баспа табақ. РК 30832. Тиражы 5000. Заказ 3465. Баҳасы 1 м. 60 т.

„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

Самарқанд областьлық баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының М. В. Морозов атындағы баспаханасында терилди ҳәм басылды.

www.ziyouz.com kutubxonasi